pra selir pulang lulut
enjing Kanjeng Pangran Dipati
(28) sigra ngrasuk busana
kaprawiranipun
mantri lebet kawandasa
wus sumaos tengara Pangran Dipati
bubar mring pabarisan.

35. Lan kang rayi Pangeran Dipati
Anem angilen sabalanira
datan warnanen larnpahe
ing marga sigra rawuh
Pangran Adipati sakalih
rereb ing Waladana
amung kalih dalu
enjing lajeng sak abala
lan kang rayi lampahe datan winarni
kendel amasanggrahan.

36. Ing Rejasa sakilening Wedhi
atetarub kang bala pepekan
pra tumenggung sowan kabeh
lan pra sentananipun
pangran Mangkudiningrat tuwin
Pangeran Purubaya
lan kang rayi tumut

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Mangkukusuma
sapraptane uluk salam tan asari
pra tumenggung manembah.

37. Atanapi kang ngabdi pribadi
wong Jawa Sarageni lan Panumbak
mantri jaba pepak kabeh
kalangkung sukanipun
dening Senapati kang prapti
kadya ulam kasatan
kasrambahan banyu
gumantos Gustine prapta
sarta Pangeran Dipati Anem kang prapti
bantoni ing ngayuda.

38. Samya matur purwaning ajurit
duk lumajar linanggar Welanda
niyaka ganti ature
weneh suka gumuyu
Pangran Dipati kakalih
mapan lajeng kasukan
adhahar anginum
pra tumenggung aledhekan
pra sentana niyaka bingar kang galih
purun malih angkatnya.

39. Andrawina amekar kang galih
nutug samya wuru-wuru dawa
dyan luar bubar kabeh
mring pamondhokanipun
antarane mung kalih latri
mangkat saking Rejasa
enjinge lumaku
masanggrahan ing Guneman
pra tumenggung santana samya miranti
sabala pamondhokan.

40. Neng Guneman atata abaris
wus miranti sabala-balanira
kawan dalu antarane

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangran Dipati wau
anem putranira nerpati
semana nandhang gerah
ingundurken sampun
mantuk marang Sokawatya
sabalane lawan prajurit kapilih
lestari lampahira.

41. Duk semana Pangeran Dipati
neng Guneman asring jemparingan
sentana niyaka kabeh
tanapi pra tumenggung
neng Teralag nika jemparing
kang ngabdi saben dina
Srageni pan agung
kumrap kang sarta benthakan
ngaben watang bebeksan aganti-ganti
surak ambal-ambalan.

42. Mapan kumyung gangsa cara Bali
(30) dalu Pangran Dipati tetegar
ngubengi pabarisane
malah asring mangidul
mring Prambanan natas sawengi
nengka baris Guneman
gantiya winuwus
nagri Metaram Ngayogya
kula bumi sedaya sampun lumadi
mring Kumpeni Ngayogya.

43. Sampun radin tarub wong Mela wis
Deller mantuk dhateng ing Semarang
lawan wong pasisir kabeh
lan Nuprup salam mantuk
medal Kedhu deny a lumaris
lan pangeran Bintara
marang Salam mantuk
mampir medal ing Semarang
sabalane mring Salakerta negari
kang tinilar Ngayogya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. Kumpeni para kapitan kari
pra upeksir Ambon myang Mekasar
Bugis Bali tumenggung kantun
neng Metaram jaga Kumpeni
abaris ing Ngayogya
lan sabalanipun
pirang dina antaranya
wus rerembag sawadyabala Kumpeni
lan sagung pra niyaka.

45. Arsa nglanggar ingkang abaris
mring Guneman sigra asiyaga
wus melatar gegamane
pinara tiga sampun
wong KUmpeni saderma kari
atengga ing Ngayogya
myang Bugis lan wangsul
Kumpeni kang kalih duman
nglanggar mengsah bubar pra tumenggung ngiring
lampahe nyupiturang.

46. Ngaler ngetan lampahing Kumpeni
pan andhendheng kumerab wurahan
nulya prapta ing lampahe
kendel sabalanipun
neng Temanggal bala Kumpeni
samya apamondhokan
lan para tumrnggung
sabalane pamondhokan
tiyang desa kang katrajang den rayahi
enjang mijil kang aprang.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

D. (MIJIL).

1. Neng Tumanggal sadalu Kumpeni
enjang nulya budhol
pan kumerab mangetan lampahe
wanci bangun rahinten lumaris
sawung kluruk muni
pakuwon jinujug.

2. Sareng byar Prambanan prapti
sawadya ponan wong
baris Guneman langkung gegere
yen linanggar ing mengsah Kumpeni
sawanjur kula sami
pramilane kuwur.

3. Samya lumajeng sagung pawestri
gugup para sinom
samya ngetan sadaya parane
(32) samya kuwur kang para prajurit
pra pangeran sami
miwah pra tumenggung.

4. Samya mapag wedaling ngajurit
sabalane kalong
tan antara Kumpeni dhatengi
pra pangeran pra tumenggung tuwin
acampuh ingjurit
gugup tur akuwur.

5. Ing Kamalong genira ajurit
Kumpeni barondong

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan adangu kasoran yudane
pra pangeran lan tumenggung sami
lumayu kapati
ngetan purugipun.

6. Salang tunjang pan arebut dingin
lan wong cilik awor
kang saweneh tan etang Gustine
pamberege anander Kumpeni
kang kacandhak mati
mila ajrih kantun.

7. Dening Kanjeng Pangeran Dipati
nulya mundur alon
lawan mantri lebet prajurite
datan kangsi acampuh jurit
sabab kang prajurit
tiningalan kuwur.

8. Pra tumenggung pra pangeran sami
sabala kang sasor
nora kandheg mangetan larute
rebut dhucung tan wonten kang nolih
Galodhogan prapti
pamondhokan kumpul.

9. Kang ngabereg sagung ing Kumpeni
(33) kandheg Wedi kang wong
nulya nulak wangsul sabalane
mangilen prapta Prambanan sami
amondhok Kumpeni
Perambanan kumpul.

10. Kumpeni ararangkah bibiting
sawadya punang wong
narub aken wong cilik lampahe
kiwo tengen padhusunan ngenting
lumadi Kumpeni
wong bumi wus tarub.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Ingkang kandhegGalodhogan bans
ingkang wini raos
pangran Dipati sabalane
pra pangeran sabalane nunggil
pra tumenggung sami
pirem bagan sampun.

12. Mangkat ing Galodhogan lumaris
ngidul ngetan ngalor
samya kandheg jurit ing barise
pra pangeran tumenggung miranti
myang kang wadya alit
pamondhokan sampun.

13. Dening Kanjeng Pangeran Dipati
denira mirantos
Pam asar ing pasanggrahane
amung mantri jero kang kinanthi
nulya animbali
garwa putranipun.

14. Sabab gerah Pangeran Dipati
dyan kang Eyang rawoh
sareng rawuh putra garwa kabeh
saking ardi ing Kedungwaringin
Pam asaran panggih
pasanggrahanipun.

15. Dening bala kang ngakathah baris
Barija ponang wong
angleresi ing wulan Siame
nulya garwa penirah ken aji
dhumateng Tasaji
masanggrahanipun.

16. Neng Tasaji Pangeran Dipati
sabala minantos
pan antara sasasi gerahe
nulya saras Pangran Dipati
kang bala prajurit
lega manahipun.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

17. Nulya mangkat mring Ngarija aglis
prapta Barija wor
pra pangeran sawadyabalane
pra tumenggung para mantri Jawi
egar ingkang galih
senapati rawuh.

18. Pangeran Dipati kasukan nuli
ngegarken sayektos
pra tumenggung pra pangeran kabeh
atenapi para prajurit
ngayem-ayem galih
sakeh balanipun.

19. Sabalane pan datan winarni
gentya winiraos
wong Kumpeni bubar sabalane
saking Prambanan rumaket jurit
nyang wong Bugis Bali
Barija jinujug,

20. Tatn Winarna lampahing Kumpeni
genti winiraos
pra tumenggung Barija barise
pra pangeran lan pangrandipati
kang baris pangarsi
Tumenggung kaplayu.

21. Suramangunjaya atur uning
ing Gusti agupoh
yen Kumpeni Prambanan lampahe
sampun mangkat angglanggar mariki
dyan Pangran Dipati
atengara guguh.

22. Pra tumenggung pra pangeran sami
sawadya mirantos
(35) amiranti ngara-ara kabeh
amelatar atata-tata baris
neng wetaning kali
gennya rakit kumpul.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

23. Rakit aprang tinata prajurit
ngara-ara abyor
Pangran Dipati eler barise
pra pangeran neng-tengah ngenggeni
pra tumenggung rakit
enggene kang kidul.

24. Samya majeng mangilen kang baris
abro lamun tinon
tan antara Kumpeni praptane
sakilen lepen wadya Kumpeni
tan purun nabrangi
kendel barisipun.

25. Myang kangwetan tan purun nabrangi
samya ngatos-atos
dadya kendel dhep-dhepan bae
samya dhedhep pangajengan sami
ngantos dangu wanci
lingsir kilenipun.

26. Dungkap ing ngasar ngantos kang jurit
tan ana kalajo
dangu-dangu Kumpeni lampahe
minger ngidul ngetan gen lumaris
dyan nabrang ing kali
lan sabalanipun.

27. Pra tumenggung kang tinempuh dhingin
sawadya pun adhong
wong Kumpeni asru pengedrele
tan adangu denira ajurit
pra tumenggung ngisis
mangetan lumayu.

28. Lajeng anempuh ngaler Kumpeni
angedrel lan mbrondong
pra pangeran tinempuh jurite
nora tahan pra pangeran ngisis
(36) pra pangeran nuli
mangetan lumayu.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Nora nana kang amongga pulih
larut samya bodhol
Kumpeni lajeng ngaler lampahe
lajeng campuh lan Pangran Dipati
mantri jro nadhahi
arame prang pupuh.

30. Gya ingedrel mantri nadhahi
apanggah ing kewoh
Pangran Dipati panggah jurite
kan tun mantri jro panggah ing jurit
Kumpeni mbedhili
myang wong Bugis wangsul.

31. Campuh ulet gen nira ajurit
kacampuh agalong
wong Jawane wus angisis kabeh
kantun Kumpeni lan wong Bugis Bali
acampuh tumuli
ulet yudanipun.

32. Pangran Dipati karoban tandhing
mung mantri jro kang wong
lan kapendhak pira ing kathahe
langkung kirang sawidak kang ngabdi
para mantri jawi
sedaya wus larut.

33. Iba kathahe ingkang Kumpeni
tur asru ambendrong
tarung pandhih sahandhap ngasare
ngantos tambur asar gennya jurit
prang bedhil-binedhil
mantri jro apengkuh.

34. Pangran Dipati garjiteng galih
munduripun alon
mantri lebet kabyatan lawane
tinututan ingedrel Kumpeni
nanging kang prajurit
tan wonten kang lampus.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

35. Nanging niyaka pejah satunggil
bendhe kang tinaboh
pun Galang Ganjur iku namane
Kumpeni burn nora atebih
kasaput ing wengi
Brija mondhok sampun.

36. Dening ingkang mentas kawon jurit
kewran manah elom
Pangran Dipati lan prajurite
nulya pakumpulan kandheg sami
kang lumayu dhimin
samya nulak wangsul.

37. Pra Pangeran pra Tumenggung prapti
adhedheg asaos
lingsem mulat Pangran Dipatine
Ngoro-oro Gobang Pasurug nenggih
kucem aningali
kang para Tumenggung.

38. Myang para Pangeran kucem sami
pan samya angraos
dening aprang dhingin palayune
sami tinilar ing Pangran Dipati
lumajeng rumiyin
tan sembadeng tanggup.

39. Baiane nginum samya prajanji
tan ana kelakon
nulya ngetan Pangran Dipatine
ngetan mondhok pinggir ing kali
tekeng amiranti
kesah balanipun.

40. Prapta dhusun Senggaringan uning
sedaya wus mondhok
aputusan tur uning surate
mring Susunan kang neng Sokawati
Tempuran kang ngaji
yen tiwas Sang Prabu.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

41. Ingkang lukita datan winarni
Kumpeni kang mondhok
neng Banjo sadalu enjinge
bubar mangilen wadya Kumpeni
mring Rrambanan malih
pamondhokan kumpul.

42. Pan asuka kang wadya Kumpeni
neng Prambanan tanggon
mangan nginum pra upeksir kabeh
sarta utusan surat tur uning
dhumateng Sang Aji
ing Sala sigra nu.

43. Sarta dhateng Semarang tur uning
lumepas kang kinon
tur uninga yen lanang jurite
kawarnaa Pangeran Dipati
pra niyaka sami
bubar sawadya gung.

44. Prapta siji kapanggih sepi
dening para sinom
para garwa miwah putra kabeh
lajeng ngili mring Kedungwaringin
katimbalan sami
warnanen wus rawuh.

45. Para putra garwa sampun prapti
nulya para sinom
tan antara kapernah kinage
ing Tambak aning rendhanging nginggil
pan sampun lumaris
rurubet sadarum.

46. Pangran Dipati lan pra prajurit
pra pangeran among
pra tumenggung lawan sabalane
samya budhal mangilen lumaris
pamondhokan sami
Brijo wetanipun.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

47. Wonten Karangmanjangan abaris
nulya wonten rawoh
utusan kang rama praptane
Susunan Tempuran Sokawati
Sang Pangran Dipati
kang duta wus kabur.

48. Mangke keng putra Jeng Pangeran Dipati
tinimbalan lawong
kinen karya masanggrahan age
jeng kang rama arsa anindaki
ambantoni jurit
atindak sang Prabu.

49. Karya pasanggrahaning sumampir
kang wadya akalong
saler Wetan Masaran pernahe
sarta sahos sesegah pra yayi
tan kawarnaa dadi
pasanggrahanipun.

50. Sunan kang aning ing Sokawati
mangkat sawadya katong
mapan miyos sakidul Salane
abebantu jurit
marga tan winarni
lampahe Sang Prabu.

51. Sarawuhe Sang Nata wus mampir
kang putra miran tos
mapan methuk sawadya baiane
pra tumenggung pra pangeran sami
amapag Nerpati
sagegamanipun.

52. Tata baris sami angurmati
kapapag Sang Katong
neng Majasta kumrutug urmati
lajeng masanggrahan Sri Bupati
kang para prajurit
tata pondhokipun.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

53. Pepekan para niyaka sami
asowan Sang Katong
samya dhahar sesegahan sakehe
segah saking Pangran Dipati
weradin wadya lit
kang sesegah agung.

54. Sarta pirembagan Sri Bupati
kang putra tinaros
pra sentana pra tumenggung kabeh
pra niyaka sedaya tinari
surup sang Hyang Rawi
pra niyaga mundur.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

E. (DURMA)

(40) 1. Sri Narendra injing miyos sinewaka
andher para prajurit
miwah pra niyaka
andher munggeng ing ngarsa
myang pangeran Adipati
myang para Pangeran
munggeng ngarsa Nrepati.

2. Sri Narendra ngandika apirembagan
den arsa nganteb jurit
karsane Sang Nata
ngaben dharat kang bala
niyaka matur wotsati
unining karsa
ing kanjeng Sri Bupati.

3. Nulya Pangeran Dipati Mangkunegara
tinantun ing Ramaji
kang rama ngandika
kulup Adipatya
wong kang matur sanggup wani
kaya tan paran
kang wis kalakon jurit.

4. Mapan sira anindhihi ing ngajuda
apa ñora ngoncati
kang sanggup mengkana
ature ingkang putra
anuwun duka Nrepati
kang kalampahan
tan wonten ingkang yekti.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tan sembada sanggupe neng ngarsa Nata
duka dalem ing mangkin
ingaben Sang Nata
katindhiyan priyonggo
(41) **bilih manteb ing ngajurit**
panawang kula
abdi dalem ing mangkin.

6. **Sedayane sami alit ingkang manah**
kininten boten kenging
kabakalan Sang Nata
samya ngethat sedaya
sareng mirsa sang Nrepati
aturing putra
legeg Sri Narapati.

7. **Riseksana Sri Naranata ngandika**
kulup paraning kardi
becike linakyan
umatur ingkang putra
sumongga karsa Nrepati
datan antara
nulya kasaput ing wengi.

8. **Pra nayaka sedaya kinen rembagan**
dyan wonten mantri prapti
pan mentas kawon yuda
saking Kedu semana
ngandika Pangran Dipati
ran Jagalatan
abaris Kedu uni.

9. **Pan rumiyin pinundhut ing Sri Narendra**
tinanem Kedu uning
nilya Sri Narendra
wau kang pangandika
lah kulup Ki Adipati
Mangkunegara
ing mengko karsa mami.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10. Yen mangkono payo rebut pagaweyan
ing Kedu sun leboni
pan sira kariya
ing kene den prayitna
arinira Ki Dipati
Anom sun tilar
Gunung Kidul prayogi.

11. Abarisa ngadhepana ing Metaram
mra tuwane kang kanehi
ya Si Jayaningrat
lawan Si Janapura
Jayanegara akanthi
Kumpeni Yogya
jampangana kang bans.

(42) 12. Pangran Adipati tan lengganeng karsa
sandika anglampahi
dyan Pangeran Dipatya
Anem putrane Nata
kinen umangkat kariyin
minggah ing arga
tan kawarna ing margi.

13. Pangran Adipati Anem sampun minggah
ing ardi Kidul wus prapti
lan sabalanira
lan Jcang maratuwa
Suradiningrat Metawis
Suyanapura
lawan Jayanegara.

14. Dyan Sang Nata umangkat ngaler sabala
kang tumut ing Nrepati
wong jro sedaya
Rangga Wirasentika
Tumenggung Suryanegari
lan Jayadirja
Mengging Kartanegari.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Lan Tumenggung Brajamusthi Wiradigda
Mandaraka lan malih
Mengging Ngalap-alap
mantri jero sedaya
Pangeran Purbaya lan malih
Mangkukusuma
Pangran di Wijayeki.

16. Sarageni jangka pilih pinilih samya
Suryanata lan Bri ja
Nirbita Nirbaya
lawan wong Jagasura
Jamenggala Judhipati
wong nangkrag nyata
nameng yuda tanapi.

17. Martalulut lawan wong Singanagara
gandhek myang ingkang mantri
Anem lan Kanoman
myang ingkang para magang
umangkat saking Metawis
Sri Naranata
ngaler ngilen lumaris.

18. Paning leter kang sinedya kamargana
Kedhu den arsa jogi
(43) dening kang tinilar
Pangeran Adipatya
kalawan wau kang rayi
nenggih Pangeran
Mangkudiningrat kari.

19. Apan anging kanthi baiane piyambak
ajengaken Kumpeni
kang baris Prambanan
lawan mengsah ing Sala
rubuhan Pangran Dipati
Mangkunegara
aterken ing Nerpati.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Lan jagani Kumpeni mengsah Prambanan
lajeng Pangran Dipati
rakit pamondhokan
sawetaning Barija
neng Karangmanjangan bans
sabalanira
Pangran Adipati.

21. Duk umangkat mring Kedu wau Sang Nata
ing dina Septu manis
tanggal ping songolas
taun Ehe semana
ing wulan Sawal
sangkala Sacad
Turonggo Ngarsa Wani.

22. Sri Narendra arereb kuwel semana
dene Pangran Dipati
neng Karangmanjangan
sabala babarisan
pawestri wetan Tasaji
Pangran Dipaty a
sring tinjo mring Tasaji.

23. Kawarnaa lampahe Sri Naranata
aneng kuwel Nerpati
rereb tigang dina
gennira masanggrahan
nulya budhal Sri Bupati
sabalanira
ngaler ngilen lumaris.

24. Lereb dhusun kang ledhokan tigang dina
enjing bubar lumaris
alereb ing Jethak
sedalu enjang bubar
mangilen lereb lumaris
medal sukunya wukir Prababu margi.

(44) 25. Pan sadalu tumurun jurang anabrang
lepen Andaru nenggih

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing leter tata tata
rembagan lan pra Dipati
datan winarna
lampahe Sri **Bupati.**

26. Wong Kumpeni kang ngebaris ing Magelang
mayor Kalerek tindhihe
Walandi kathahnya
sa Kumpeni sadaya
satus Bugis lan wong Bali
Bupati Jawa
sekawan kang nindhihi.

27. Lan Tumenggung Natayuda Mangkuyuda
Wiraguna lan malih
Tumenggung Wiradigda
kandhane Mantri Jaba
Susunan ingkang winarni
amasanggrahan
ing Ngleter kawan latri.

28. Enjang bibar ngilen wand lingsir mangkat
ing Medana wus prapti
rereb babarisan
sawab celak kang mengsah
Magelang baris Kumpeni
Sri Naranata
Jagalatah tinuding.

29. Ngandikken lelampahan ing wuntat
lan sakancane mantri
anulya kang mengsah
Kumpeni ing Magelang
mirsa mengsahe wus prapti
taksih lelampah
nulya tengara aglis.

30. Wus siyaga Kumpeni sabalanira
sumedya anututi
mring Sunan kang prapta
Bugis Bali wong Jawa

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wus miranti ing ngajurit
pangagengira
Kapitan Nengkap nenggih.

31. Titidhihe wong Bali Bugis wartanya
kapiten Pandhem nenggih
Wong Jawa semana
sepalih kang binekta
sepalih kari neng biting
saking Magelang
byar rina gennya prapti.

32. Pan sadalu lampahipun balilungan
bingung tan angsal margi
prapta sareng ebyar
ngardi Kekeb semana
kawarnaa Sri Bupati
saking Medana
umangkat ngilen nenggih.

33. Sampun prapta ing desa Mudana semana
meh dungkap ing peragi
nulya mengsah prapta
Kumpeni saking wuntat
angadhol bala Kumpeni
tata Sang Nata
kandheg tata rakit.

34. Sawarnine prajurit ing Kasunanan
kinen dharat sami
nanging pra pangeran
kinen sami kapalan
sabalane wus miranti
majeng mangetan
prasamya wulu sami.

36. Jagalatan kinen ngulihna para garwa
angirida pawetri
sawarnine kapal
kang darbe samya dharat
kinen nunggangi wong Cili

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ki **Jagalatan**
udaya kang angirid.

37. Kinen sami anander ngilen sedaya
nulya bala Kumpeni
(46) pun sami uninga
kapal ngilen sanderan
kathah nander kang turanggi
sigra tangginas
tumurun saking ardi.

38. Ardi Kekeb Kumpeni agegancangan
sumedya anututi
kapalang katingal
ngilen karsa sanderan
tan antara wong Kumpeni
pan sareng celak
panggenane Sang Aji.

39. Sri Narendra prajurite sampun mapan
Nulya Sri Narapati
tengara gumerah
songsong sigra den egar
sarta giyak kang prajurit
Kumpeni kagiyat
nulya ngarutug bedhil.

40. Sareng peteng dening kukusing mendawang
prajurit ngamuk wani
samya majeng rampak
prajurit sareng numbak
wong Kumpeni kathah mati
titiyang Jawa
miwah Bugis myang Bali.

41. San sisane kang pecah sami lumajar
ngungsi magelar malih
dening tiyang Jawa
pre tumenggung lumangliya
mangetan samya ngungsi

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing Ngandong prapta
wau kang menang jurit.

42. Pra sentana samya bubujung kang mengsah
wangsul mangilen malih
dening Sri Narendra
kandheg Secang semana
mirsa Welandi kang mati
slikur sedaya
dening Bugis lan Bali.

43. Tiyang Jawi kang pejah boten kapetang
akathah kang ngemasi
Welandi kang kacandhak
kacepeng maksih gesang
wewolu katur Nerpati
bala Sang Nata
gangsal kang nandhang kanin.

(47) 44. Wong Srageni ingkang ngatatu tetiga
tiyang Bugis kekalih
welandi kacandhak
welandi kacepeng gesang
wawalu wus den pateni
nulya Sang Nata
rembagan lan prajurit.

45. Lan sagunge pra niyaka pirembagan
nulya tengara aghs
bubar Sri Narendra
nulya nabrang Peraga
ingarsa wus ngrumiyini
mantri akarya
pasanggrahan Nerpati.

46. Jagalatan kinen karya pasanggrahan
lan sakancane Mantri
sakilen peraga
wasta dhusun Lowangan
Sang Nata mapan lumaris

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

amesanggrahan
sawadya amiraiiti.

47. Kiwa tengen wong Kedu wus asesegah
suyud ing Sri Bupati
nulya wonten Praga
Bupati lan sagarwa
lan putranipun kakalih
saking singidan
ing ngardi Lawah nenggih.

48. Wasta Raden Mangkupraja lan sagarwa
lan anake kakalih
semana asowan
dhumateng Sri Narendra
jujug Jagalatan nenggih
lajeng asowan
ing Kanjeng Sri Bupati.

49. Mangkupraja dinangu sapraptanira
sedaya tan winarni
nulya Sri Narendra
ndangu papan kang rata
kang jembar ingkang prajogi
dinamel watang
Jagalatan tinuding.

50. Kinen karya pasanggrahan kang prayoga
aneng ing Margawati
sajroning Kerapyak
papan rata ajembar
alun-alun wus rinakit
lan pasanggrahan
sapasar sampun dadi.

51. Sri Narendra umangkat sawadyabala
ngaler ngilen lumaris
rawuh pasanggrahan
salebeting Kerapyak
ing Margawati anenggih

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rakiting kitha
lir kedhaton nerpati.

52. Sri Narendra dhatan pegat gegamelan
semana Sri Bupati
asring dhateng wana
ambereg amendhet kuda
antarane pitung latri
aneng Kerapyak
salin lir madugendhis.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

F. (DHANDHANGGULA)

1. Nata ngendika mring Demang Kenthi
he, Ki Kenthi sira paringena
ukiran tunggak semine
marang Mangkuprajeku
ingkang tapak asta Sang Aji
kinen amanjingena
marang dhuwungipun
iya kang keris Wasiyat
sasampune pinaringan tunggak semi
mring raden Mangkupraja.

2. Duk pinaringan kang tunggak semi
Raden Mangkupraja antaranya
sareng sadalu lamine
injing jeng Sang Aprabu
pepak ingkang wadya prajurit
rakit aneng ngajengan
atap munggeng ngayun
miwah kang para sentana
pan tinantun arembug dening prakawis
lan Raden Mangkupraja.

(49)3. Pra sentana ing Kedhu wus gilig
nanging Pangran Purbaya kang malang
pan maksih magel rembuge
nulya tinundhung metu
ingkang para sentana mijil
marang ing pagelaran
nenggih ingkang kantun
prajurit lebet kewala

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingkang sowan atap munggeng ing ngarsa ji
sampun grahiteng ing tyas.

4. Katingalan Mangkupraja prapti
sowan munggeng ngarsane Sang Nata
Sang Nata pangandikane
kakang Mangkuprajeku
paweh kula ukiran ugi
sampun andika pacak
Mangkupraja matur
inggih sampun kula pacak
nanging dede dhuwung wasiyat Sang Aji
kula angge menika.

5. Ngandika malih Sri Narapati
dika pundhut kang dhuwung wasiyat
kula bandhinge warnane
dhuwung utusan sampun
sadhatenge katur Nrepati
Sang Nata angandika
pundi werninipun
kang ngangge dhuwung ngandika
dyan ngaturaken dhuwung ing Sri Narapati
Sang Nata angandika.

6. Mara ta bocah ukiran iki
becik endi lan ukiran ingwang
sira sawanga karone
prajurit samya matur
inggih pened damelan Aji
pangandikaning Nata
ya bener aturmu
ya becik gaweyan ingwang
teka sedheng dedege semene iki
wadyabala ngandikan.

(50) 7. Dyan tumandang prajurit ngebyuki
raden Mangkupraja wus binanda
sarta lan putra kalihe
sami binekta sampun
angandika Sri Narapati

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wong kaya Mangkupraja
wong kudu malincur
anak wong dadi bupatya
rabi putrì rasanya tan wruh ing becik
kongangane duk tilar.

8. Teka teluk duk kidhang ajurit
nora ngamuk cundhuk angawula
mengko anedheng pikire
singa menang amilu
desitun ing wong tan idhep ngisin
iya si Mangkupraja
wus gawanen metu
mring masjid nulya binekta
prapteng masjid mas Rangga ingkang tinuding
lawan Singanegara.

9. Amundhuta ingkang pati urip
Raden Mangkupraja aturira
sarwya dres mijil waspane
sumangga ingkang Prabu
nanging anak kawula kalih
sampun ta pinejahan
timbalan Sang Prabu
ilang den tega pracaya
ingsun dhewe kang mupu anak sayekti
aja apalang driya.

10. Mangkupraja kaetang kang rabi
lawan putrane kalih kaetang
andhres wedale waspane
nulya linawe sampun
Mangkupraja nulya ngemasi
anulya ingkang garwa
nenggih Raden Ayu
Mangkupraja sareng mirsa
yen kang raka linawe sampun ngemasi
nulya anjrit aniba.

11. Raden Ayu gumuling neng siti
nora emut ing purwa duksina

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan antara sanglilire
gegulungan Sang Ayu
pegat-pegat genira nangis
tresnane ingkang raka
nanging kang kaetang
nulya arsa îumebuwa
nulya mangkat ing pondhoke sarywa nangis
kori wus tinangkeban.

12. Prapteng lawang datan angsal kori
Raden Ayu angamuk karuna
wong seba langkung gegere
akedah ngrebut duwung
nora angsal panderah pati
anggujeg angamuka
ing manah wus liwung
arsa belani kang raka
sarta nangis Raden Ayu kontrang-kantring
kang sowan wus prayitna.

13. Raden Ayu Mangkupraja nuli
dyan sinikep maring Jayadirja
Jayaleksana rewange
sigra kabekta mantuk
marang pondhokira pribadi
lawange kinacingan
inugur den sampun
ingkang layon Mangkiipraja
sinucenan sinalataken tumuli
pangulu Suryanata.

14. Ingkang layon kapasrahaken aglis
marang Mantri Kedhu JagaSatan
(52) pinetak Juiraw astane
kang putra kalihipun
Mangkupraja nulya tinari
tinantun kalih pisan
dhumateng Sang Prabu
tresnaning lan ramanira

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ian Sang Nata umatur pctra kakalih
sarywa ngulaipi waspa.

15. Inggih tresna dhateng Sri Bupati
kalih pisan pan sami aturnya
sumangga karsa Sang Rajeng
angandika Sang Prabu
lah imbaran putra sakalih
kaimbar Suryanata
lawan ki Pangulu
sasampunira den imbar
linuwaran wau kang putra kakalih
kang karsa Sri Narendra.

16. Langkung awlas mring putra kakalih
Sri Narendra kalangkung pracaya
marang putra sakalihe
nulya samya jinunjung
sinung nama Raden Ngabehi
aran Mangkuwijaya
kang anem ranipun
Rahaden Mangkudiwirya
sinung lenggah gangsal atus putra kalih
mufakat pra niyaka.

17. Pra sentana sagung para mantri
wus mufakat aneng ing pagelaran
nama Raden sakalihe
anulya Raden Ayu
Mangkupraja kapernah nuli
wonten dhusuning Juma
pan antaranipun
amung kalih dasa dina
Sri Narendra akarsa mangkat tumuli
saking ing Margawatya.

18. Sawadyabala ngidul lumaris
(53) nulya prapta Nata masanggrahan
aneng Menggora wastane
ya ta wau Sang Prabu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pirembagan lan pra Dipati
Sang Nata angandika
dhumateng Tumenggung
Wiradigda Mandaraka
mingarasi nulat Jagalatan singgih
sira padha kariya.

19. Aneng Kedhu sakancane mantri
jampangana Kumpeni magelar
Sang Nata nulya enjinge
nulya mangkat Sang Prabu
prapta masanggrahan Narpati
caketing padhusunan
Gawon wastanipun
ing kali Anyo wastanya
nulya wonten warti yen Kumpeni prapti
nanging taksih lelampah.

20. Saking Begelen bala Kumpeni
pan sumedya babantuwa yuda
Kumpeni magiar barise
kathahe patang puluh
kandheg dhusun Sepura sami
nulya Kangjeng Susunan
pirembagan gupuh
lan sagung para niyaka
Pangran Adiwijaya Purbaya malih
Pangran Mangkukusuma.

21. Kertanegara ingkang tinuding
lajeng marang Begelen lampahnya
lawan sakanca mantrine
mring Pindi mapag mungsuh
Kalibata enggen Kumpeni
nanging anglis kewala
Jeng Susunan lajur
mring Gawang ngilen lampahnya
pan sumedya anggitik mengsah Kumpeni
kang wonten ing Sempura.

(54) 22. Ing Sempura enggening Kumpeni

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nora mirsa yen Susunan prapta
wonten Kaliamba nggene
wonten Sempura iku
injang bibar bala Kumpeni
Sang Nata alelampah
Kumpeni ametuk
kathahipun kalihdasa
margenipun ingapit jurang abambing
nulya ingkang pangarsa.

23. Kasunanan campuh lan Kumpeni
pan kasoran ginrutug senjata
lumaywa angisis kabeh
malah kathah kang tatù
pra niyaka kang munggeng ngarsi
nulya Sri Naranata
pan kagiyat andulu
yen wadyabala pangarsa
samya buyar ical tatane kang baris
nulya Sri Naranata.

24. Prajurit lebet ing tatagan lis
payo bocah majuwa ing yuda
padha adharata kabeh
sakilen lepen campuh
soroh amuk ngantep ngajurit
tan kandheg sinenjata
Kumpeni agugup
sarta kathah kaprawasa
tinumbakan Kumpeni akathah mati
ingkang gesang lunlajar.

25. Samya ngungsi mring Toyamas malih
ingkang pejah mapan kalih welas
kajawi Bugis Baline
limalas ingkang lampus
Kasunanan bala kang mati
Sarageni satunggal
Bugis siji lampus
(55) ingkang atatu lilima

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wonten malih adhine pun Brajamusthi
pejah aneng ing rana.

26. Kathah tatune kedek turanggi
wantune dharat katrajang kapal
duk aprang wanci enjange
baiane Sang Aprabu
pan sadaya babadhang sami
nulya Sri Naranata
masanggrahan dhusun
nenggih wonten ing Sempura
sakeh wadyabala amondhok miranti
aneng dhusun Sempura.

27. Magangipun mas Rangga satunggil
wastanipun pun Suradirana
wijilipun rumiyine
magang rumuwunipun
Saking Kanjeng Pangran Dipati
Arya Mangkunegara
kagadhuhken niku
mring patih Kudanawarsa
kalah kecek purwane liwung kang galih
mila tumut mas Rangga.

28. Dhateng Kedhu hatongtoning jurit
kapracaya dhateng Sri Narendra
nulya jinunjung linggiye
kadamel lurahipun
Suryanata kang den lurahi
awasta Jayengrana
langkung sih Sang Prabu
semana pinutra-putra
nulya ka'beh wong Bugis pan atur bekti
sesegah Sri Narendra.

29. Enjang Sang Nata bubar lumaris
Sri Narendra ngidul lampahira
marang Bagelen, karsane
nenggih pangajengipun

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangran Purubaya lan malih
Pangran Mangkukusuma
wong desa wus tarub
samarga-marga sesegah
tan winarna dhusun Bageien wus prapti
Sri Nata masanggrahan.

30. Ingkang wonten Bageien semana
neng Selalembu barise
Arungbinang kang tumut
ing Lowanu kang den barisi
Arungbinang miyarsa
yen Sang Nata rawuh
angancik dhusun ing Pucang
kang abaris Luwanu bubar anuli
lumayu gurawalan.

31. Samya ngungsi kang baris Kumpeni
ing Selalembu atur uninga
yen mengsah Sunan dhatenge
ngancik ing Pucang sampun
gupuh wadyabala Kumpeni
Tumenggung Arungbinang
atengara gupuh
bubar saha balanira
pan sumedya anglanggar mengsah kang prapti
ya ta Sri Naranata.

32. Kang arereb ing Pucang Nrepati
saha bala naming kalih dina
nulya tengara enjinge
umangkat Sang Aprabu
alelampah Sri Narapati
prapta ing ara-ara
Welaran ranipun
lajeng tata pasanggrahan
pra niyaka dereng rawuh Sri Bupati
taksih mlampah neng wuntat.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

33. Pra niyaka ingkang sampun prapti
aneng Welaran bedhug wayahnya
nuju ing Rebo dinane
ping pitu tanggalipun
(57) wulan Besar Ehe kang warsi
nuju Kumpeni prapta
dyan nerajang campuh
ararne genira yuda
pan ingamuk lumayu bala Kumpeni
binujung ing ayuda.

34. Pan sawelas Kumpeni kang mati
pan sedasa kang kacandhak gesang
miwah wong Bugis Baline
limalas ingkang lampus
pan lilima kacandhak urip
sakarine lumajar
samya rebut dhucung
ngungsi loji ing Ungaran
ing Bagelen dening balane Sang Aji
kakalih kang pralaya.

35. Mapan nenem ingkang nandhang kanin
rereb sadalu enjinge bubar
mangilen saha balane
lingsir kilen gen rawuh
sak kidule Ngungaran singgih
Sang Nata masanggrahan
pan kapernah kidul
lawan banse Walanda
pra niyaka pra sentana wus arakit
maju pabarisan ira.

36. Pan kinepung barising Kumpeni
enjingipun loji dyan rinangsang
tamng sanjata ararne
sadinten gennya tarung
datan wonten kasoran kalih
reren denira yuda

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan kasaput dalu
antara setengah candra
nulya binten Kumpeni babantu prapti
saking kilen Toyamas.

37. Bupatine kang tumut Kumpeni
Menggung Yudanegara Toyamas
Kandhuruwan sabalane
wong pamerden pan tumut
wong ing Panjer banjar tut wuri
wong Kumpeni sawidak
wong Bugis wong Bangsul
kathahipun kalih belah
sapraptane lajeng lumebet ing loji
ing Ungaran sedaya.

38. Sunan kang ngepung wus miyarsa warti
yen babantu Kumpeni wus prapta
Susunan tengara age
bubar sawadyanipun
mring Semarang ing ambal malih
sakiduling Toya
kali Lereng iku
pamrih talade ing papan
pan sadalu nulya Kumpeni dhatengi
abaiane anglanggar.

39. Kumpeni aneng salering kali
arsa nabrang sarta dandan sasak
Susunan tengara age
rakit sabalanipun
sedya purun mapag ing jurit
akarsa ngrebut sasak
ngandika Sang Prabu
heh, Tumenggung Cakrajaya
arebuta sasak lawan para mantri
atur sembah dyan mangkat.

40. Dening rakite para prajurit

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wong Kasunanan sira mas Rangga
kalawan kanca mantrine
kang Kulon pra Tumenggung
samya dhedhep para prajurit
wonten ing pakarangan
lan prajurit jero
samedale saking Wetan
dhedhep wonten ing pakarangan amiranti
miwah para Pangeran.

41. Pernah kilen sak kiduling kali
Cakrajaya kang ametu tengah
lawan sakanca mantrine
majeng dyan kinarutug
pan ingedrel marang Kumpeni
mundur Ki Cakrajaya
Kumpeni anggergut
dadya ageng manah ira
samya nabrang wetawis seket Kumpeni
pan kandheg anyenjata.

42. Nulya Rangga sakancane mantri
sarta prajurit jero sadaya
sareng ngalok giyak kabeh
bendhene sarta tambur
wong Kumpeni kagyat ningali
nulya mundur anabrang
mangalor agupuh
prajurit ing Kasunanan
nyereg wani anabrang salering kali
myang kang para niyaka.

43. Wong Kumpeni sedaya ngunduri
sarta ambedhil maryem senapan
gumrudug bareng tambure
wong Kasunanan maju
datan kandheg dennya mbedhili
surak sarta agiyak
Kumpeni lumayu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mariyemira kabandhang
lawan obat punika sampun akenging
waos binang satunggal.

44. Wong Kumpeni nenem kang ngemasi
Kasunanan satunggal kang pejah
wong nenem tatù kathahe
wong jawi roro tatù
sampun mundur ingkang ngajurit
Sri Nata masanggrahan
ing wayah wus surup
duk ngoncati Sri Narendra
dina Kemis tanggal patbelas kang sasi
Sura tahun Jimawal.

(60) 45. Maksih ageng kang bantu Kumpeni
mondhok saler lepen sedaya
lan bala Bugis Baline
Arungbinang tumenggung
atenapi sagung pra mantri
wong Banyumas lan Rema
pamerden pan tumut
ya ta wau Sri Narendra
pirembagan sadalu lan pra dipati
myang kang para pangeran.

46. Ngraos wegah kathahing Kumpeni
wus mufakat arsa ngoncatana
ngulari papan aneter
injing tengara sampun
nulya bubar Sri Narapati
sabalanya mangetan
Bupati Tumenggung
lampah neng wingking sedaya
amung ingkang prajurit lebet neng ngarsi
ing talaga Ji prapta.

47. Injing mangkat mangilen lumaris
Sri Narendra wus prapta ing Benda

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

injing lajeng mangkat maleh
ing Wirasaba rawuh
nulya ingkang para Bupati
kinen akarya sasak
mung Nata mangkat sakbala
nabrang ngaler sabala miwah prajurit
prapta dhusun Ngrasukan.

48. Sedalu injing mangkat lumaris
prapta masanggrahan wonten Jenar
aperembagan Sang Katong
pra sentana Tumenggung
pra niyaka para prajurit
wus mufakat ing rembag
kandeg sedaya purun
arsa ngantenana mengsah
(61) aneng Jenar atata rakiting jurit
arsa yuda kenaka.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

G. (PANGKUR).

1. Sang Nata saha balanya
masanggrahan antara tigang latri
Kumpeni amangkat gupuh
saking pondhokanira
pan sumedya anglanggar marang Sang Ratu
pengagenge wong Welanda
mayor Kalerek Kumpeni.

2. Welandi Usar kapalan
Pangagenge kapitan Vel kang nami
Dragunder pangagengipun
Kapitan Ucel ika
sami kapalan Usar lan Dragunder ipun
para Daheng pan sawidak
kalih belah wong Kumpeni.

3. Kumpeni Islam caruban
Ambon Mlayu Bugis kalawan Bali
kawanatus patangpuluh
dening kang wadya Jawa
wetarane kirang langkunga wong sewu
pangagenge ing wong Jawa
wetarane kirang langkunga wong sewu
pangagenge ing wong Jawa
Tumenggung Yudanegari.

4. Kalawan Ki Kandhuruwan
Jawi krama kalawan Wira mantri
Ki Wiradigda Tumenggung

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ian Tumenggung Ngurawan
ing pamerden Banjar panjer Ngromo tumut
tanapi wong ing Banyumas
datan kawarna ing margi.

5. Sareng wayah lingsir Wetan
ing Ngungaran won Klimpeni duk aprapti
dening baiane Sang Prabu
sampun rakit sedaya
(62) neng sajroning pakarangan dennya kumpul
Kumpeni lampah atata
baya tata pinggir kali.

6. Sawetaning pakarangan
wong Kumpeni tan uninga Nrepati
lajeng eca lampahipun
Kumpeni ingkang wuntat
ingkang ngidul sigra aneijang purun
mring kang baia Kasunanan
lajeng campuh lan Kumpeni.

7. Den amuk Kumpeni buyar
kang neng ngajeng maksih eca lumaris
Kumpeni kang Wetan campuh
den amuk nulya buyar
wong Kumpeni sedaya lajeng binuru
denirg baia Kasunanan
Kumpeni ageng neng wuri.

8. Nenggih Kumpeni kang wuntat
mayoripun anerajang pawestri
tan antara nulya campuh
ulet denira yuda
langkung rame tan wruh rewang tan wruh mungsuh
samya langkung linangkungan
Sunan bingunge tan sipi.

9. Sang Nata langkung brama antya
sabalane nulya bali mring wuri

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sang Nata nulya amuwus
prajurit kinen dharat
derah pejah sabalanira Sang Prabu
sabab mirsa para garwa
kacandhak marang Kumpeni.

10. Kumpeni Mayor uninga
yen Susunan dharat tangkep ing jurit
anulya Kumpeni mundur
arakit ngara-ara
dyan Susunan sabalane lajeng laju
(63) bala Kumpeni atadhah
nulya campuh ing ngajurit.

11. Langkung ramening kang yuda
alah wau ulet wus mati binedhil
caruk pedhang tumbak dhuwung
sareng Mayor palastra
wong Kumpeni kang gesang samya lumayu
Sunan kandheg ngara-ara
kang lajeng bujung Kumpeni.

12. Pangeran kakalih pisan
Cakrajaya lawan Kartanegara
wau Walandi kang lampus
ing Rana tigang dasa
punjul tiga pangajenge ingkang lampus
saestu Sri Naranata
antuk pitulungan Hyang Widi.

13. Walandi kacandhak gesang
kawandasa sekawan dipun telasi
luknang siji sampun lampus
kapejahan sadaya
wong Kumpeni selam sabrang sampun lampus
pan kawandasa sakawan
sesanga kacandhak urip.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

14. Wong Jawa mantri kang pejah
wong wewalu mantri Jawa ngemasi
bandhangan obat kehipun
kalih likur tong ika
pan kajawi bandhangan senjata dhuwung
kathah bandhangan senjata
butamal mawarni-warni.

15. Dening bala Kasunanan
ingkang pejah dhelan Suryanegari
Ki Mangunnegara lampus
prajurit jro kang pejah
nanging gangsalipun kang tatù pepitu
(64) wong jaba mati satunggal
pepitu kang nandhang kanis.

16. Pangeran ing Purubaya
lan pangeran Mangkukusuman nenggih
kadukan dhateng Sang Prabu
kang mantri pinundutan
datan wonten kang kantun rerehanipun
nanging kantun kang lelenggah
wau pangeran kekalih.

17. Kala prang ing dina Ngakhad
ping salawe tanggal Sura kang sasi
Susunan sakbalanipun
andhatengken kasukan
wantuning wong mentas menang yudanipun
enjing anembang tengara
angaler ngilen lumaris.

18. Dyan prapta masanggrahan
Narendra wonten ing Toyaurip
atata sakbalanipun
samya apamondhokan
dening bala Kumpeni sakantunipun
kang masih gesang ing Rana
lumayu ngungsi ing Loji.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

19. Miwaha tiyang Jawa
pra Tumenggung sakarine kang mati
sedaya kumpul lumayu
ngungsi loji Ngungaran
samya mempen neng loji sabalanipun
kocapa sri Naranata
ngandika mring rayi kalih.

20. E, yayi mas Purubaya
lan si adhi Mangkukusuma kalih
sira barisa ing Bandung
atur sembah umangkat
sampun prapta abaris wonten ing Bandung
(65) Sang Nata gen masanggrahan
wonten dhusun Toyaurip.

21. Antara sedasa dina
wong Kumpeni wong Jawa, Bugis, Bali
ingkang angungsi lumayu
marang loji Ngungaran
pan antara sapeken ing laminipun
nulya wonten byantu prapta
Kumpeni saking Tetegil.

22. Kapitan Lerek wastanya
kawandasa kathahe wong Kumpeni
dening Buhugis lan wangsul
pan anging wolung dasa
kapitane Dhaeng Mabelah ranipun
dalu praptane Ngungaran
wau ta kang bantu prapti.

23. Sampun taken tinakenan
ingkang mentas kasoraning jurit
kalawan enggening mungsuh
sedaya tan winarna
nulya enjing tengara Kumpeni kumpul
kapitan Kerek umangkat
sawadyabala Kumpeni.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Sumedya anglanggar mengsah
ingkang wonten ing Bandung ingkang bans
gegancangan lampahipun
wan Pangran Purubaya
Pan gran Mangkukusuma kang bans Bandung
kagyat kadhatengan mengsah
yen kumpeni andhatengi.

25. Tengara rakit ngayuda
pangran kalih sigra campuh ajurit
tarung senjata gumrudug
Kumpeni sru nyenjata
Pangran kalih sabalanira agergut
angangseg purun kewala
(66) wan kang baia Kumpeni.

26. Bubar sadaya lumajar
samya ngungsi loji Ngungaran malih
Kumpeni sabalanipun
ing Ngungaran wus prapta
Pangran kalih atur uninga sang Prabu
yen Kedhatengan ing mengsah
linanggar baia Kumpeni.

27. Menang genipun ayuda
katarima suka Sri Narapati
ya ta renane Sang Prabu
anulya parembagan
pra niyaka sadaya samya tinantun
Sang Nata arsa umangkat
saking Bagelen tumuli.

28. Ingkang karsa Sri Narendra
marang Kedhu pra niyaka angiring
wonten dening ingkang kantun
neng Bagelen baris
pangran Purubaya lan sakancanipun
lan pangran Mangkukusuma
lawan sakancane mantri.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Ing rembag sampun mufakat
injing bibar sabala Sri Bupati
Toyaurip wus kapungkur
ngaler ngilen lampahnya
nulya prapta Melarang rereb sedalu
injing tengara umangkat
Kalibata wus prapta.

30. Kalih dalu enjing mangkat
nulya prapta wonten dhusun Kemuning
amasanggrahan sedalu
injing tengara budhal
nulya prapta ing Telaga Sang Aprabu
anulya amasanggrahan
alami satengah sasi.

31. Kawarnaa kang tinilar
pangran kalih kantun Bagelen baris
Toyaurip anggenipun
nulya mangkat m angetan-
prapta dhusun ing Rendhetan wastanipun
antara sadasa dina
kawarnaa wong Kumpeni.

32. Kang ngungsi loji Ngungaran
ingkang kawon aprang Jenar rumiyin
umangkat sabalanipun
mantuk dhateng Semarang
pra Tumenggung kekalih ika kang tumut
Ki Tumenggung Wiradigda
Jayawikrama tut wuri.

33. Kang kari baris Ngungaran
kapitan Kalerek wong Kumpeni
enjing tengara wus kumpul
mangkat sabalanira
pan sumedya anglanggar ing barisipun
ingkang wonten Rendhetan
datan kawarna ing margi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. Wong Kumpeni sigra prapta
ing Rendhetan sajpraptane Kumpeni
Pangran kalih samya gugup
Pangeran Purubaya
Pangran Mangkukusuma sabalanipun
angles pangran kalih pisan
datan purun anglawani.

35. Sabalanira lumaywa
minggah ngardi papang sabala neki
Kumpeni sadayanipun
kandheg dhusuning arga
samya kendel wontening dhusun Sagaluh
lan Tumenggung Arungbinang
Tumenggung Yudanegara.

36. Akarya loji semana
neng Segaluh antarane sesasi
ingkang loji dadi sampun
samektaning prayoga
(68) dyan kapitan Kalereg sabalanipun
mangkat dhateng ing Ngungaran
Ngungaran Kumpeni prapti.

37. Kawarnaa Sri Narendra
ingkang wonten ing Telaga miranti
pepakan pra niyaka gung
samya apirembagan
duk semana wau ta ingkang rinembag
karsane Sri Naranata
arsa kondur mring Metawis.

38. Dereng kongsi antuk karya
yen kondura tan sakeca kang galih
lan ragi lingsem Sang Prabu
panggih lawan kang putra
Pangeran Dipati Mengkunegareku
mila tansah pirembagan
yen maksih neng Kedu ugi

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

39. Angraos tan angsal karya
mila kewran m anahe Sri Bupati
mufakat niyaka agung
kang karsa Sri Narendra
mring pasisir Pakalongan kang ginepuk
enjing Sang Nata tengara
mangkat sawadya Nerpati.

40. Saking ing Kedu umangkat
Sri Narendra sumedya mring pasisir
Pakalongan kang jinujug
angkate Sri Narendra
dina Senen nuju tanggal pitulikur
Rabiulakir kang wulan
Angaler ngilen lumaris.

41. Sawadyabala wus prapta
Palibungan enjing mangkat Sang Aji
lajeng lampahe Sang Prabu
dyan prapta ing Nglempuyang
pan sadalu enjing mangkat Sang Prabu
wus prapta jawining rangkah
injing tengara lumaris.

(69) 42. Prapta rereb ing Tempuran
tigang dalu Jagalatan tur uning
atur uninga Sang Prabu
yen wonten tiyang prapta
pan sumedya angabdi dhateng Sang Prabu
awasta pun Kertapraja
sumawita ing Nerpati.

43. Serta mbekta tiyang kraman
kawandasa kathahe yamang ngabdi
wastane pangagengipun
awasta Mangkuyuda
katarima angabdi dhateng Sang Prabu
pun Kertopraja anulya
dinangu mring Sri **Bupati.**

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. Kartapraja sun atanya
ana ngendi barise wong pasisir
Kartapraja nembah matur
tiyang ing Pekalongan
barisipun wonten dhusun ing Sidayu
tan antara enjing mangkat
lajeng sawadya lumaris.

45. Prapta dhusun Pemasaran
kalih dalu enjang budhal lumaris
lajeng kersane Sang Prabu
mring kitha Pakalongan
linangkungan ingkang bans ing Sidayu
pinalawat bans ira
lampahipun nyimpang margi.

46. Nrajang wana Terataban
Sri Narendra sabalane wus prapti
padhusunan kang tinempur
pan griya ingobongan
dening wadya ingkang lumampah ing ngayun
prapta nagri Pakalongan
kuthane wus den anciki.

47. Prapta kitha Pakalongan
nuju dina Jumungah ingkang sasi
Jumadiawal Sang Prabu
tanggal kaping kawan welas
wadyabala samya suka manahipun
antuk tedha antuk sandhang
antuk rayahan sakalir.

48. Sawarnine wadyabala
ageng aht samya suka angenting
lingsir Wetan wancinipun
Dipati Pakalongan
prapta sira kalawan sabalanipun
lan Cakrajaya ing Batang
sabalane sareng prapti.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

49. Jayengrana Wiradesa
sareng prapta samekta ing ngajurit
saking Kidul wetan nempuh
bala ing Kasunanan
sareng campuh kang nindhihi yudanipun
Pangeran Adiwijaya
wong Kasunanan nindhihi.

50. Pra Tumenggung munggeng ngarsa
Pangran Nadiwij aya Anindhihi
sami senjata atarung
tan dangu gennya yuda
Adipati ing Pakalongan lumayu
wong pasisir tiga pisan
lumajeng binereg wani.

51. Samya anggebyur ing toya
wong pesisir kathahpejah ing kali
wong Kasunanan kang buru
sami mendhet bandhangan
rajabrana akathah ing warnenipun
emas arta sesandhangan
senjata waos turanggi.

52. Dhuwung kandel lan myang pedhang
pan tinilar pagriyan kitha sami
ngeca-eca punggawa gung
wanci bedhug semana
nulya wonten mengsah Kumpeni kang rawuh
ngalun-alun Pakalongan
kalawan titiyang Bugis.

53. Bugis satus tigang dasa
lan Mekasar pangagenge win arni
Arung Galesong ranipun
wong Bali wolungdasa
samya geger sabala nira Sang Prabu
kasusu samya atata
miranti para prajurit.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

54. Wus tata rakiting yuda
dyan tengara budhal Sri Narapati
anglanggar ing alun-alun
nulya campuh ing yuda
prang senjata dangu ararne acampuh
Ki Tumenggung Wiradigda
dhadhane kang nandhang kanin.

55. Lawan raden Jayengrana
tanganipun kang kiwa nandhang kanin
den Suryanegara tatù
sikilipun kang kiwa
nulya kandheg kang ngaprang sedaya mundur
sawarnine pra punggawa
samya mundur ing ngajurit.

56. Kumpeni sabala nira
maksih aneng ngalun-alun arakit
Mekasar Bugis myang Wangsul
tan pegat anyenjata
nulya wadya kasunanan abebantu
sira Mas Rangga kang prapta
angirid para prajurit.

57. Prajuriting jro sedaya
minger ngetan anikung ingkang jurit
samya anjog margi agung
nusup ing pakarangan
nulya campuh senjata lir gunung rubuh
ararne den ira yuda
Kumpeni asru mbedhili.

(72) 58. Adangu denira yuda
datan wonten kasoran ing ajurit
riwut senjata atarung
peteng kukus senjata
pra prajurit Kasunanan lajeng ngamuk
nusup ngampak sareng numbak
bala Kumpeni kalindhih.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

59. Bugis lan Mekasar
wong Kumpeni kasoran ing ajurit
mangaler palajengipun
samya nabrang bengawan
medal sasak sedaya sareng lumayu
wus prapta salering sasak
kang sasak tinatas aglis.

60. Sampun atatas kang sasak
wong Kumpeni nulya atata malih
muter gedhong teras kumpul
gedhong teras lojinya
wadyabala Kasunanan kang ngabujeng
kandheg kiduling bengawan
sarta Kumpeni mbedhili.

61. Prajuriting Kasunanan
samya wangsul mring ngalun-alun malih
sawarnine punggawa gung
ngalun-alun wus prapta
baunipun mas Rangga kang kiwa tatù
lurah Srageni kang pejah
Wiradipa kang kakasih.

62. Jajar kang pejah titiga
pra niyaka apirembagan sami
maksih aneng alun-alun
sarta atur uninga
sasampune atur uninga Sang Prabu
mas Rangga lan Jayengrana
katimbalan prapteng ngarsi.

63. Tur bekti mangaras pada
dyan rinangkul ing Kanjeng Sri Aprabu
dyan rinangkul ing Kanjeng Sri Bupati
(73) akathah ingkang dinangu
sakathahing ngayuda
angandika wau Kanjeng Sang Aprabu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gandhek lan Singanegara
sira sun kongkon tumuli.

64. Dhawuhna timbalaning wang
mring niyaka sakathahing Bupati
belanana anak ingsun
iya si Jayengrana
lawan obat mimis paringna den gupuh
sing sapa tan belanana
marang putra ngong sayekti.

65. Sun titipaken kang sirah
wong agandhek lawan Singanagari
sandika samya turipun
gandhek ran Surataruna
Nayasruwa Singanegara ranipun
ing ngalun-alun wus prapta
dhawuh timbalan Nerpati.

66. Timbalan dhawuh sedaya
pra Tumenggung kaparing obat mimis
samya sandika turipun
sigra nembang tengara
budhal bans niyaka sabalanipun
angangseg loji sadaya
nanging tan saged nabrangi.

67. Tarung senjata kewala
kaletan bengawan Sang Aji
wus prapta ing ngalun-alun
lan prajurit sedaya
katimbalan sagung kang para Tumenggung
sampun prapta ngarsa Nata
mukalir konjem ing siti.

68. Sang Nata asru ngandika
kaya paran karep ira ngajurit
para Tumenggung umatur
duka dalem Sang Nata

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(77) **sakalangkung pakewed ing margenipun**
lan obat mimis wus telas
Sang Nata ngandika malih.

69. Yen niku sira dhanana
wong Kumpeni Semarang ambantoni
lan Tegal gelak bebantu
dadya abot sinongga
ngularana kang cethek sabranganipun
payo padha sinabrangan
padha nganteb ing ngajurit.

70. Anulya tengara bubar
pra niyaka pinaring obat mimis
mring ngalinen lampahipun
dene ingkang tumilar
anjagani sakiduling lepen kantun
mas Rangga sabala nira
tiktuk ingkang den suledi.

71. Pra Tumenggung sigra nabrang
sabalane sampun nabrang rumiyin
prapta saler nglepen sampun
kilening loji Beran
sigra mengsah Kumpeni medali gupuh
sarta ngarutug senjata
pra niyaka samya ngisis.

72. Sang Nata tangginas ngatag
kang prajurit jro nabranga sami
niyaka ingkang lumayu
uninga ing Sang Nata
sampun nabrang nindhihi
dyan wangsul mengsah sedaya
Kumpeni medal mbedili.

73. Bugis wangsul lan Mekasar
wonten kari sarta ngarutug bedhil
prajurit kapilih majung

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anglancangi ing yuda
wastanipun Banjarsotang pan angamuk
pjuh sampuh lan Welanda
anulya wonten nglancangi.

74. Pangagenge wong keraman
balanira Mangkuyuda ngemasi
pejah lan Kumpeni campuh
nulya sareng umangsah
kang prajurit lebet sami mangsah ngamuk
geger Kumpeni kasoran
kawandasa kang ngemasi.

75. Punjul pipitu kang pejah
pan sakawan ingkang kacepeng ngurip
Rumgelasong sawadyeku
muwer gedhong pomahan
sarewange sarta ineb lawangipun
pagere jaro kewala
anulya tinerjang wani.

76. Pager jaro sampun rebah
pan binasmi sarta kinepung wani
Rumgalesong nulya metu
mbekta gandera pethak
nulya teluk sabalane sangangpuluh
punjul wawalu sadaya
ingkang ngemasi kajawi.

77. Kang pejah pan tigang dasa
langkung tiga wong Bali lawan Bugis
ingkang pejah mung sapuluh
prajurit Kasunanan
ingkang pejah lilima tatù tetelu
wong Jawa pejah titiga
sawelas kang nandhang kanin.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Wadyabala Kasunanan
pan akathah angsal bandhangan sami
waos senjata myang dhuwung
maryam mimis sobatnya
nulya katur dhumateng wau Sang Prabu
langkung suka Sri Narendra
Sri Natanira lumaris.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

H (SINOM).

1. Sasampunira ayuda
mangkat Kanjeng Sri Bupati
masanggrahan jroning kitha
ing Pakalongan negari
gumerah swaraning jalmi
wan tu men tas menang pupuh
andum bandhangan kathah
bandhangan awarni-warni
sarywa murah sandhangan sarywa lan pangan.

(76) 2. Samya suka ingkang Nata
Sang Nata enjing tinangkil
pepak kabeh pra niyaka
andher ngarsane Nrepati
Arumgalengsong nuli
kaim bar sabalanipun
suyud sungkeming Nata
ngandika Sri Narapati
mring kang raka Pangeran Adiwijaya.

3. Kakangmas Adiwijaya
Bupati dika tindhihi
dika lumampah mring Batang
saprayoganing ngajurit
yen tan cundhuk umpami
ing Batang andika gempur
Pangran Adiwijaya
sandika dhawuh nglampahi
pra Tumenggung sandika sarta tur sembah.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. Wus bubar sabalanira
mring Batang para Bupati
Sang Nata malih ngandika
mring prajurit Srageni
Jagabaya tinuding
sakancane kang sun tuduh
e, sira ingsun dhuta
mring Wiradesa nagari
dyan umangkat Srageni lan Jagabaya.

(77) 5. Pangeran Adiwijaya
kelawan para Bupati
lampahe dhatan winarna
ing Batang pan sampun prapti
nagri kapanggih sepi
lajeng kaobongan sampun
kitane wus kaobar
Pangeran lan pra Bupati
sabalane wangsul dhateng Pakalongan.

6. Sang Nata neng Pakalongan
antarane tigang latri
enjang atengara bubar
mangetan gennya lumaris
karsane Sri Bupati
sawarnine kang perahu
sawarnine kang perahu
kang kinen ngobongi
Sri Narendra prapta sawetaning Batang.

7. Sri Narendra masanggrahan
awasta dhusun ing Beji
pamrihipun Sri Narendra
ngajengken loji weleri
datan antara lami
mapagih Batang acundhuk
wasta pun Sindujaya
asowan ing Sri Bupati
kang jinujug nenggih raden Jayengrana.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. Anulya pun Sindujaya
kaimbar ing Sri Bupati
sampunnya kasupatanan
pun Sindujaya anuli
kang karsa Sri Bupati
kaparingna Sri Batang
kasengkakaken ngaluhur
sarta sinungan kakasih
pan anama pun Tumenggung Sindujaya.

9. Anulya kinarya duta
ambekta surat Nerpati
pinutus angengetena
Bupatine wong pasisir
umangkat lumastari
sedaya datan winuwus
lampahe Sindujaya
para Tumenggung pasisir
sawarnine kapilut serat Sang Nata.

(78) 10. Sedaya arsa nungkula
arsa nungkul ing Nrepati
kerid marang Sindujaya
para Tumenggung pasisir
sabalane wus prapti
kandheg Batang samya kumpul
Tumenggung Jayaningrat
ing Pakalongan lan malih
ki Tumenggung Cakrajaya nagri Batang.

11. Lan Tumenggung Jay engrana
ing Wiradesa negali
Tumenggung Cakranegara
ing Pemalang lawan malih
ing Barebes negali
den Suralaya ranipun
inggih amung punika
lan karsa cundhuk Nerpati
gennya kumpul aneng negati ing Batang

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

12. Wus lajeng atur uninga
lan Sunan kang nganeng Beji
pun Tumenggung Sindujaya
katarima ing Nrepati
angirid pra Dipati
Sang Nata timbalanipun
Ronggowirasentika
mapaga mring wong pasisir
marang Batang padha sira timbalana.

13. Kirida marang ing sira
l^jens mring ngarsa marni
tan kawarna solah ira
lukita datan winarni
pra Tumenggung WHS prapti
ing Beji sabalanipun
(79) kairid mring mas Rangga
Sang Nata suka kang galih
sadhatenge kahurmatan mring Sang Nata.

14. Sarta bedhil barondongan
senjata mariyem muni
kang prapta sabalanira
kadheg sajawining baris
kang karsa Sri Bupati
pasisir kang pra Tumenggung
dhuwung wus kapundhutan
pangandikaning Nrepati
timbalana lumebu para Dipatya.

15. Sampun sami kasupatan
dhuwung kaparingken malih
samya munggeng ing ngajengan
kathah dinangu Nrepati
dinangu wong pasisir
kang sami cundhuk Sang Prabu
akathah sami gujengan
Sunan sukane tan siwi
Ki Tumenggung Cakrajaya nagri Batang.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

16. Sampun kalihaken nama
dhumateng Sri Narapati
ran Tumenggung Danureja
Sindujaya wus pinaring
kagempalken negari
ing Batang cacah wong sewu
Tumenggung Jayengrana
ing Wiradesa ingalih
wus anama Ki Tumenggung Amongraja.

17. Anenggih mung punika
namanipun kang den elih
sedaya dhatan winarna
antarane tigang latri
Jayaningrat winami
Pakalongan nagrinipun
sadhereke satunggal
pawestri pan sanes bibi
tunggal rama Den Ayu Gambes kang nama

18. Kapundhut ing Sri Narendra
nenggih pan kinarya rabi
ing dina Senen aningkah
Jumadilawal kang sasi
Nata genira kawin
salawe prah tanggalipun
Jimawal ingkang warsa
sengkalane kang winarni
Swara Ardi Angobahaken ing Jalma.

19. Kalangkung inguparengga
kadya pangan ten Nerpati
menang aprang antuk garwa
kasukan rahina wengi
sabala suka ngeting
henengna Beji Sang Prabu
ya ta genti winarna
kang tinilar maksih baris
Jeng Pangeran Dipati Mangkunegara.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Sayekti pareng ing lampah
saestu ingucap ganti
nenggih sareng lampah ira
satilare Sri Bupati
pamondhokan Tasaji
para garwa putra kumpul
dening kang baris ngarsa
m antri Jawi kang kekalih
ran Tumenggung nenggih Suramangunjaya.

21. Sakancane mantri jaba
pan ajeng-ngajengan baris
lan Kumpeni Perambanan
Bilman Kapitan Kumpeni
myang Bugis lawan Bali
miwah tiyang Jawinipun
nenggih Kanjeng Parigeran
Dipati Mangkunegari
dennya mondhok. Tasaji sahabalanya.

22. Asring angleledhek mengsah
Parambanan mring Kumpeni
pan let sadina rong dina
lajeng angeleledhek jurit
wangsul marang Tasaji
Kumpeni tan ana metu
mempen neng Parambanan
linaledhek para mantri
let rong dina terkadhang let tigang dina.

(81) 23. Nulya Pangeran Dipatya
sabalane majeng malih
arereb ing Pamasaran
sawadyabala miranti
dutane kang rama rawuh
Sunan sarta kang surat
rama ratu pa ring uning
mring kang putra Kanjeng Pangeran Dipatya.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Salampah-lampah ing yuda
kang putrì ngangsuli tulis
mring kang rama Sri Narendra
enjang Pangeran Adipati
nembang tengara muni
bubar ngilen lampahipun
prapta Jibung samana
tan antara aningali
bong-obongan larug saya mangetan.

25. Kudanawarsa umangkat
lan baiane ingkang rayi
Pangeran Mangkudiningrat
sabalane mangkat sami
arsa tulung ngajurit
ngidul leres lampahipun
nulya Pangeran Dipatya
tumut tulung ing ngajurit
sareng prapta kilen Tembayat semana.

(82) 26. Sawetaning dhusun Jiwa
kapranggul lawan Kumpeni
pangeran Mangkudiningrat
sabalane tangkep jurit
Kudanawarsa nunggil
majengngetan barisipun
wau Kapitan Beman
majeng ngilen wong Kumpeni
nulya campuh atarung sami senjata.

27. Kudanawarsa sakbala
Mangkudiningrat anuli
lumajeng kawon ayuda
ngaler den bujung Kumpeni
dening Pangran Dipati
maksih lumampah neng pungkur
wau sareng tumingal
kang rayi lan kang papatih
sarowange lumayu binujung yuda.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. Pangran Dipati angatag
mring mantri lebet prajurit
sarta tengara tinembang
bendhe gong beri tinitir
majeng myang tambur muni
lajeng lumampah mangidul
lajeng campuh ngayuda
kilen Jiwa lan Kumpeni
campuh aprang wayahipun lingsir wetan.

29. Nuju ing dina Selasa
Dulkangidah ingkang sasi
ping salikur ingkang tanggal
Jimawal kang ponang warsi
rame campuh kang jurit
kaseser Kumpeni mundur
nanging taksih nyenjata
lumampah kendel mbedhili
mantri lebet nora kandheg sinenjata.

30. Dening sagung mantri jaba
kang sami kaplajeng jurit
dan lajeng Pangran Dipatya
ambujung mengsah Kumpeni
lan mantri jaba sami wangsul
tumut bujung sedaya
nanging tan purun merpeki
angengadhol bala saking katebihan.

31. Mung mantri jro kawandasa
kang purun celak Kumpeni
anulya wonten satunggal
mantri jro purun nglancangi
anumbak mring Kumpeni
Jawidenta wastanipun
Kumpeni nulya buyar
lumajeng binereg sami
mring mantri jro kang nyereg sarta nyenjata.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

32. **Kumpeni ingkang lumajar**
kandheg Gebal purun malih
pramila kandheg kang mengsah
Kapitan kapale mati
sinanjata mring Mantri
Jayaleksana wastanipun
Jayaleksana pejah
sinenjata mring Kumpeni
nulya mantri lebet mangamuk sedaya.

33. **Kumpeni nulya lumajar**
Kapitan angsal turanggi
kapalipun Surengrana
Prambanan mantri Kumpeni
Surengrana rumiyin
Mantrine Pangeran Timur
Pangeran Mangkudiningrat
ambalik marang Kumpeni
ingkang samya abaris ing Perambanan.

(84) 34. **Kapitan Bilm an semana**
sampun angsal turanggi
pan kadi kacandhak pejah
pun Surengrana ngemasi
kacandhak ing ngajurit
wus tinigas murdanipun
Kumpeni kang lun aywa
yen kapengkok kang ngarumpil
samya magok Kumpeni sarta nyanjata.

35. Dyan Mantri **lebet andarat**
angamuk **turnbak Kumpeni**
Kumpeni **nulya lumajar**
kang kacandhak den pateni
sirah tinigas sami
pitulas **Kumpeni lampus**
Bugis Bali lilima
sasisane ingkang mati
samya ngungsi lumebet biting Prambanan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

36. Dening kang menang ayuda
kandheg kasaput ing wengi
sarta **jawah deres prapta**
wau **Pangeran Dipati**
wangsul m angetan malih
rereb ing Jiwa sadalu
enjing bubar m angetan
wangsul ing Tasaji malih
langkung suka wadyabala menang yuda.

37. Nulya samya akasukan
sawadya Pangran Dipati
kang tansah andón asmara
kawamaa wong Kumpeni
ingkang wonten Metawis
ing Ngayodya barisipun
bantu mring Perambanan
Kapitan Songrat Kumpeni
sabalane Bugis wangsul lan wong Jawa.

(85) 38. Sapraptane Perambanan
sabalane wong Kumpeni
lajeng umangkat **anglanggar**
mring kang bans ing Tasaji
lampahe wong Kumpeni
angobong-ngobong ngrangramu
dening Pangran Dipatya
ingkang wonten ing Tasaji
sabalane sareng ngaturan uninga.

39. Mring kang baris aneng ngarsa
gen linanggar ing Kumpeni
Kumpeni saking Pram ban an
sigra Sang Pangran Dipati
rembagan lan **pra m antri**
sedaya ing **ngaturipun**
eca angoncatana
mangaler bala lumaris
prapta Kedhungjambal dennya tata tata.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

40. Yen Kumpeni nututana
sumedya puruningjurit
wau Kumpeni kang nglanggar
lajeng dhumateng Tasaji
nanging kapanggih sepi
denobongipondhokipun
Kumpeninulyanulak
wangsul ngilen wong Kumpeni
sampun prapta Kumpeni ing Perambanan.

41. Pangran Dipati anulya
sabala niralumaris
arerep ing Jatimalang
kateguwan ler ing ardi
dening kang para rabi
lajeng ngetan lampahipun
Kedhungwaringin wastannya
nulya katimbalan malih
para garwa kapernahken ing Tambakan.

42. Dening Pangeran Dipatya
sabalane ngilen malih
arereb sabalanira
(86) ing Gombong pasang salatri
nulya ngilen lumaris
Karangmanjangan wus rawuh
sawetaning Barija
sawadyabala miranti
babarisan aneng ing Karangmanjangan.

43. Kanjeng Pangeran Dipatya
asring anglanggar Kumpeni
kang ngabaris Perambanan
let kalih dinten ajurit
trekadhang tigang latri
sapeken lalaminipun
nanging boten winarna
menang kalah ing ngajurit
asring ngepur yudane sapi maesa.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. Nulya Pangran Adipatya
kalawan bala prajurit
dhumateng ngardi Tambahan
nyunati kang putra estri
atmaja kang wewangi
den ajeng Sombro ranipun
lan sarta tinindhihan
semana Pangran Dipati
kasukan lan wadya inum-inuman.

45. G amelan myang barondongan
mariyeme wanti-wanti
angunggar manahing bala
sasampunira winarni
Kanjeng Pangran Dipati
kelawan sabalanipun
wangsul mring pabarisan
ing Karangmenjangan sabala tata.

46. Dening Pangran Dipatya
anom kang wonten ing wukir
(87) **ardi Telasih gembira**
lan Jayanegari
Sujanapura Tumenggung
mudhun marang Metaram
sabalane sampun prapti
rebut tedha lan rebut wong ing Metaram.

47. Munggah tumurun ing arga
dyan linanggar mring Kumpeni
kang abaris ing Ngayogya
campuh ngereng-ereng ardi
datan adangu jurit
Jayanegara dyan tatú
kenging ing mimis pejah
anulya Pangran Dipati
Anem lawan Jayaningrat wus lumajar.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

48. Tumenggung Sujanapura
lumajeng minggah ing ardi
Kunpeni lajeng lampahnya
pamondhokan baia Gadhing
nulya Pangran Dipati
Anem aputusan gupuh
tur uninga kang raka
Kanjeng Pangeran Dipati
ingkang baris elering Karangmenjangan.

49. Wus katur dhateng kang raka
yen kawon denira jurit
pun Jayanegara pejah
sedaya Pangeran Dipati
Mangkunegara agupuh
arsa anindakana
wadyabalane wus rakit
pan sumedya atetulung ing ngayuda.

50. Anom Pangran Dipatya
ingkang karsa den tulungi
enjing tengara umangkat
mangidul minggah ing wukir
sabalane lumaris
nuju rendheng lepene gung
samarga-marga sasak
baita lesung kinardi
tan kawarna ing marga anulya prapta.

(88) 51. Dipati Mangkunegara
sabala wus prapta wukir
sareng panggih lan keng raka
kang rayi lajeng ngabekti
Jayaningrat ngabekti
Jayanegara angujung
dhateng Kanjeng Pangeran
Dipati Mangkunegari
wus dinangu sapclahira ngayuda.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

52. Sadaya datan winarna
amung alereb sala tri
enjing tedhak saking arga
sumedya nglanggar Kumpeni
kang bans bala Gadhing
ingkang lumampah ing ngayun
Janingrat Janapura
sabalane wong Metawis
lan Pangeran Dipati Anem neng ngarsa.

53. Jeng Pangeran Dipatya
Mangkunegara neng wingking
lan sawadyabalanira
lajeng denira lumaris
dening bala Kumpeni
Calagadhing enggenipun
sareng mirsa tengara
bala Kumpeni medali
nulya campuh kang pangarsa Janapura.

54. Kalawan Ki Jayaningrat
sabalane campuhjurit
tan adangu dennya yuda
J ay apura wus kalindhih
Jayaningrat Pangran Dipati
Anem pan samya lumayu
binujung ing Welanda
kang raka taksih neng wingking
Kanjeng Pangeran Dipati Mangkunegara.

(89) 55. Lajeng genira lelampah
nulya kapethuk Kumpeni
lajeng campuh lan Welanda
m **antri lebet ngamuk wani**
ingedrel ing Kumpeni
tan kandheg pangamukipun
Kumpeni dyan lumajar
m**antri lebet bujung jurit**
wong Kumpeni ngungsi ing jroning bata.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

56. Amempen neng Gadhingcala
pakewed kang dipun ungsi
tan kandheg gennya nyenjata
mantri lebet kandheg sami
lalare angubengi
pager bata enggenipun
wadya tarung senjata
mila kandheg pra prajurit
jroning bata Kumpeni asru nyenjata.

57. Kanjeng Pangeran Dipatya
Arya amengku Negari
kandheg sak wadyabala
sabab panggenan Kumpeni
pakewed anulungi
mila wadya kandhegipun
sarta aturing bala
kang sepuh-sepuh ngaturi
milanipun boten lajeng dipun rangsang.

58. Dadya kinepung kewala
kiwa tengen den obongi
nulya surup Sanghyang ngarka
Kanjeng Pangeran Dipati
mundur sawadya ngiring
mring Magari sandhingipun
prapta rerem mondhokan
pinggiring ngardi Magari
wong Magari kang nganeng Gadhingingcala.

59. Ing dalunya los wus minggat
(90) marang Ngayogya angungsi
amor Kumpeni akathah
sagung kang mantri jawi
kinen boyong ngawong dhusun
kang tumut ing Welanda
sarta kinen angrayahi
sawarnine kang wus tumut ing Welanda.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

60. Kebo sapine den rayah
sami den dum kang prajurit
nanging ingkang baboyongan
katur mring Pangeran Dipati
nulya pangran Dipati
semana ing karsanipun
prajanji tepan-tepan
mantri jro mantri jawi
mantri jaba yen aprang asring lumajar.

61. Sring mantri jro tinilar
parentah Pangran Dipati
mring mantri jro jaba sedaya
lamun ora bareng jurit
mring mantri yen jurit
yen atilara lumayu
sapa kang dhinginana
lumayu ingsun pateni
mung saiki ingsun duwe pangapura.

62. Sabab ingsung wedi wirang
yen temua lan kiyai
mring rama Sunan ing benjang
ature pra mantri jawi
sami lan upatanipun
benjang tekeng ing rana
tan lumayu ing ngajurit
yen tinilara mantri jro dipun rampoga.

63. Nulya Pangran Dipatya
Mangkunegara apamit
(91) dhateng kang rayi Pangeran
Dipati Anem anenggih
arsa kundur tumuli
mangaler barisanipun
dening mungsuh wus lunga
mring Ngayogya wong Kumpeni
mila wangsul mangaler Pangran Dipatya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

64. Mila mangkat saha bala
Kanjeng Pangeran Dipati
sarwa bekta beboyongan
wau ta nenggih kang rayi
Pangeran Adipati
Anem punika kang kantun
kalawan Jayaningrat
Jayapura samya kari
nulya minggah ing ardi sabalanira.

65. Sababe ajrih tinilar
pramila minggah ing wukir
wau lampahe Pangeran
kang ngaler Pangran Dipati
tan kawarna ing margi
ing Tambakan nulya rawuh
panggih lan para garwa
para putra samya panggih
samya oneng tansah apulang asmara.

66. Sadaya datan winarna
nulya Pangeran Dipati
umangkat saking Tambakan
tedhak mangilen lumaris
pabarisan wus prapti
Karangmanjangan ranipun
antarane sepasar
rereb Pangeran Dipati
nulya arsa banjel Kumpeni Prambanan.

67. Mangkat sing Karangmanjangan
mangilen bala lumaris
mantri jaba munggeng ngarsa
prapta sawetaning Taji
(92) wadyabala wus rakit
atata prajuritipun
atata wus malatar
ngandika Pangran Dipatya
mring Ki Patih lan sakehe mantri jaba.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

68. Kabeh lah padha majua
angleledheka Kumpeni
kang abaris Perambanan
kang ingatag dyan lumaris
angleledhek Kumpeni
Kumpeni tan purun metu
tan wonten purun medal
eca dhedhep wong Kumpeni
nora purun medal saking pabitingan.

69. Dennya ngleledhek sadina
nulya kasaput ing wengi
Kanjeng Pangeran Dipatya
arereb wonten ing Wedhi
enjing pan mangkat malih
atata sabalanipun
nulya atata-tata
ing ngara-ara miranti
Wringinruluh enggene atata-tata.

70. Lan mantri lebet sedaya
lawan tiyang ngampil-lampil
dening sakeh wadyabala
Srageni lan mantri jawi
kinen majenga sami
marang Prambanan lumajung
pra Tumenggung sedaya
lawan sagung mantri jawi
sabalane Pangeran Mangkudiningrat.

71. Srageni lawan panumbak
samya ngleledhek Kumpeni
dyan Kumpeni Perambanan
tengara sigra medali
saking sajroning biting
myang wong Jawa Bugis wangsul
muntab ing ngara-ara
lelurung dhendheng lumaris
kang gandera amyang anglir gula drawa.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(93) I (DHANDHANGGULA).

1. Tanantara campuhing ajurit
wonten sawetaning Prambanan
sakilen Taji pernahe
senjata ingkang tarung
sru gumrudug swaraning bedhil
wong mantri jaba bubar
Srageni lumayu
Pangeran Mangkudiningrat
Danawarsa binereg dhateng Kumpeni
kacandhak pinejahan.

2. Palayune samya sipat kuping
salang tunjang samya rebut gesang
rebut dhingin pelayune
Kumpeni sanget bujung
wau Kanjeng Pangran Dipati
ingkang maksih alarywan
aneng Wringinrubuh
lan mantri jro kewala
kawandasa sawidak la wan kang ngampil
pangeran Adipatya.

3. Sareng mirsa swarane kang bedhil
wau Kanjeng Pangeran Dipatya
mangkat lan mantri jerone
laflipah mangidul laju
sareng prapta wetaning Taji
kapapag mantri jaba
kang samya kaplayu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

para Tumenggung sadaya
Sarageni nanging wus telas kang galih
tan purun ing ajengna.

4. Pangeran Dipati pegel kang galih
aningali marang mantri jaba
kantun mantri jero bae
tinantun samya purun
dyan sedaya sama prajanji
sarta narik curiga
(94) pratanda yen purun
nulya Kumpeni katingal
sarta nyereg lampahe Kumpeni malih
margi geng kang sapindhah.

5. Medal kidul sapindhah Kumpeni
nulya majeng Pangeran Dipatya
lan mantri jro prajurite
kawandasa akumpul
mapagaken marang Kumpeni
kang kidul kilen nrajang
sarta bendhe ngungkung
gong beri tambur gumerah
wong Kumpeni ing kalih Kotes den jogi
kidul Taji campuh prang.

6. Wong Kumpeni ngedrel wanti-wanti
nulya mantri jro kinen adharat
anuju banjir kaline
mantri jro nabrang ngamuk
nabrang dharat tilar turanggi
binindrong ing senjata
tan kandheg angamuk
anumbak marang Welanda
wong Kumpeni kang ngajeng kathah kang mati
kang wingking kagegeran.

7. Lajeng anerak bala Kumpeni
kang kapalan pan sami lumaywa
Kumpeni kang dharat kabeh

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kilen ing Ngebel kantun
anadhahi sarta mbedhili
lir gunung swaranira
m im is anglir jawuh
Pangran Dipati angatag
ayo batur aja kandheg ngamuk jurit
mantri jro majeng mati.

(95) 8. Ngamuk dharat numbak mring Kumpeni
Kumpeni ngajeng kathah kang pejah
sasmita tutumbak bae
Kumpeni ingkang kantun
pan lumajeng arebat urip
Pangeran Adipatya
kandheg lampahipun
pramila kandheg sakedhap
mantri lebet sayah dharat gennya jurit
wantu dharat asayah.

9. Embeljeblokan papaning jurit
angantosi tunggangan turangga
sareng angsal turanggane
nulya lajeng abujung
mring Kumpeni para prajurit
Kumpeni kang kacandhak
akathah kang lampus
miwah Bugis Bali nira
wong Kumpeni kang kacandhak den pateni
sekarine kang pejah.

10. Kumpeni dharat mogok ngadhepi
ing kakalen sawetan Prambanan
sarta gumrudug bedhile
Kumpeni ambek purun
Jeng Pangeran ngatag prajurit
payo maneh dharata
prajurit dyan mudhun
majeng ngadharat sedaya
nulya ngamuk nulya lumajeng Kumpeni
ngungsi biting Prambanan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Sarta tangkeb lawang wong Kumpeni
anyenjata mriyem lan sunapan
Jeng Pangran pangandikane
ngatag prajuritipun
payo padha dharata maning
ngrangsang biting Prambanan
nulya ingkang rawuh
Ki Patih Kudanawarsa
mentas kembel pisah lan bature sami
sigra atur uninga.

12. Yen mengsah taksih ageng ing wingking
medal margi ageng 1er punika
wcnten ing Taji enggene
Pangran kagyat angrungu
nulya ngatag mring kang prajurit
mantri jro semana
payo nulak wangsul
amapag mungsuh m ange tan
amangsuli kang mengsah maksih neng Taji
nulya mangkat m angetan.

13. Tan antara kang mengsah Kumpeni
Bugis wangsul mandhi waos benang
kalihatus wetawise
Pangran Dipati dulu
sigra mangsah lan kang prajurit
sami nanderken kapal
aneijang mring mungsuh
Bugis wangsul samya eram
aningali tangkepe ingkang prajurit
buyar tataning aprang.

14. Saweneh Bugis lawan wong Bali
wonten ngamuk wonten kang lumajar
dadya kathah kang lampus
sekarine mati angungsi
lumebet Perambanan
wonten kang nganusup

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kasaput dalu semana
nulya kandheg sawadya Pangran Dipati
tur samya ambebandhang.

15. Mantri lebet kang pejah satunggal
ingkang wasta pun Jayaprabawa
akathah babandhangane
waos, senjata, dhuwung
myang gendera miwah turanggi
mundur Kanjeng Pangeran
sonten wayahipun
rereb pamondhokan
luwâk Wedhi enjinge budhal lumaris
dhateng Karangmenjangan.

16. Sarta ingkang para mantri jawi
sami ambekta sirah kang mengsah
sarta mbekta bandhangane
Karangmenjangan rawuh
nulya ingkang pra mantri jawi
sedaya dinukanan
miwah pra Tumenggung
dhuwung samya pinundhutan
sabab dening prajanji baia rumiyin
sampun wonten kang tilar.

17. Yen kariya prang tilar prajurit
mantri lebet janji pinejahan
wesana atilar kabeh
mila dhuwung kapundhut
pan kinarya lirunir g pati
pinrih padha wedhiya
nulya dalanipun
Ki Tumenggung Wiranata
kesah minggat sarta sabature balik
lumebet dhateng Sala.

18. Kudanawarsa nulya nututi
nusul Wiranata pan kacandhak

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

salering ngarsi wyile
ing bambing prang tan dangu
Wiranata kawon ajurit
binujung marang Sala
kandheg kang amburu
wangsul ngidul Danawarsa
sabature Danawarsa mondhok nuli
dhusun ing Waladana.

(98) **19. Nuju gerah Pangeran Dipati**
sadhatenge aprang Perambanan
anglir konduran gerahe
maksih agerahipun
enjang mangkat Pangran Dipati
saking Karangmenjangan
saras gerahipun
nulya prapta Kedhungjambal
mapan karya masanggrahan tengah wukir
ing alihaken aran.

20. Samakaton tur ngongkang ing kali
kang rayi Pangran Mangkudiningrat
tinanggenah ngarsa dhewe
masangana kang mungsuh
Prambanan bans Kumpeni
Pangran Mangkudiningrat
daleya pan mundur
dhumateng ing Karangkunan
tinjo marang panggenane ingkang rayi
marmane tan uninga.

21. Kumpeni kesah datan udani
ingkang raka pegel ingkang m an ah
midhanget ingkang rayine
bubar mring Yogya dalu
dyan Kumpeni Yogya Metawis
bubar saking Metaram
mring Semarang laju
Ki Tumenggung Danawarsa

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingkang kandheg ing MaJadana abaris
tinukup Wiranata.

22. Ngantos sedalu genira jurit
Wiranata kawon genya yuda
lumayu ngaler laruge
enjang pan binayujung
nenggih Kanjeng Pangran Dipati
wonten sima katingal
neng pucuking gunung
sapamirsa kang senjata
dyan umangkat atulung ing ajurit
mring Patih Danawarsa.

23. Dalu pukul pat dennya lumaris
baya menangi lajeng lampahnya
bujung mangaler puruge
Wiranata binujung
pondhokira sampun kapanggih
mapan untap-untapan
ngaler gennya mayu
kang kacandhak pinejahan
nulya wangsul Kanjeng Pangeran Dipati
ngidul sabal an ira.

24. Nulya prapta Samakaton malih
lajeng mangkat dhateng ngardi Sendhang
law an sawadyabalane
enggene garwanipun
sabab ajeng aninengkebi
garwa ratu bendara
pepek pra Tumenggung
Bupati mantri sedaya
Pangran Adipati Anom sampun prapti
asowan ingkang raka.

25. Sarta eyang ratu ibu prapti
saking ardi Kendheng Sokawatya
ngardi Sendhang prapta kabeh

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sarta anguyu-uyu
lir rinengga Sendhang ing ardi
gam elan tigang rancak
Sakati salendro
katiga pelog semana
lamenipun nguyu-uyu pitung latri
sareng tingkebe urmat.

26. Kalataka bercndongan muni
sampuning tingkeb arsa kasukan
anayub lan sabalane
(100) anulya jawah awu
kagegeran estri sumingkir
langkung dene puyengannya
den nyana yen mungsuh
andhatengi anyenjata
pramilane jajaleran mapag jurit
wände dennya kasukan.

27. Kala jawah awu pan weradin
pan sajagad samnya kagegeran
dyan anulya tintrim kabeh
kang eyang ibu ratu
sami wangsul mangaler malih
ardi Kendheng wus prapta
miwah arinipun
Kanjeng Pangeran Dipatya
Anem wangsul mring ngardi Kidul Sularsih
sabalane wus prapta.

28. Pangran Dipati Mangkunegari
wangsul dhateng Samakatingal
garwa putra tumut kabeh
Samakaton binangun
pasanggrahan sirap tulya sri
mandhapanipun sirap
semana yen dalu
ringgit karucil walulang
yen rahina lulumban munggeng benawi
lan sagung para garwa.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Neng perahu gagamelan asri
akasukan munggeng ing baita
anginum sarta tandhake
kang prajurit jro tumut
neng perahu egar kang galih
tan kawarna semana
wonten gandhek rawuh
utusane ingkang rama
jeng Susunan sarta wau mawi tulis
andhawuhken timbalan.

30. Ingkang putra Pangeran Dipati
sasmitane timbalaning serat
) Susunan nenggih lampahe
sampun mangkat Sang Prabu
saking Pakalonganing Beji
kondur dhateng Metaram
lan sabalanipun
ing marga datan winarna
kacarita ing Warak Sunan wus prapti.

31. Lan Tumenggung Bupati pasisir
pan tinilar kinen rumeksoa
negarane dhewe-dhewe
timbalane Sang Prabu
mring kang putra Pangran Dipati
den enggal akarya
kadhaton kang patut
karyaa kutha Metaram
sawetane kali Opak pinggir ardi
aran Pasar Pabrekan.

32. Kinaryaa karaton tumuli
kawangenan dadine sapasar
Pangran Dipati galiye
kagyat ajrih kasusu
animbali para Bupati
pra tumenggung sedaya
kadhawuhan gupuh

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lajuwa marang Metaram
pra Tumenggung karyaa kutha tumuli
aran desa Pabrekan.

33. Ingkang rayi tangginas tinuding
Pangran Mangkuningrat den kebat
mangkat mring Metaram age
nindhii pra Tumenggung
karya kutha Pabrekan aji
wau gandhek Sang Nata
ingandheg karuhun
mila ingandhek kang duta
pan menawi rawuh nuli Sri Bupati
kadhaton dereng dadya.

34. Den eman sagung para Bupati
(102) satemah pra Tumenggung kadukan
kadamel alun-alune
yekti duka Sang Prabu
yen kedhaton pan dereng dadi
den eman mring kang putra
kang para Tumenggung
dukaa marang kang putra
kang ngadhemi mila utusan Nerpati
ing adheg kersa nira.

35. Antarane amung tigang latri
Pangran Dipati anulya mangkat
saking ing pasanggrahane
Samakaton lumaku
mring Metaram sawadya ngiring
pra garwa para putra
sedaya pan tumut
denira amasanggrahan
aneng Samakaton mung setengah sasi
dyan umijil umangkat.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

J. (MIJIL).

1. Sami sadina prapta Metawis
sawadya punang wong
ing Pabrekan asar ing wayahe
sareng sadinten kang rama prapti
sawadya Nerpati
ing Pabrekan rawuh.

2. Wand Tambur asar dennya prapti
kanjeng Sang Akatong
pra niyaka lawan sabalane
saking pasisin sedaya prapti
lampahing Nrepati
apan regu-regu.

3. Mapag ing rama Pangran Dipati
sabala mirantos
pra Tumenggung para mantri kabeh
mapan samarga sami arakit
atap angurmati
rawuhe Sang Prabu.

(103) 4. Gamelan monggang myang Salendro muni
gumuruh punang wong
sarta mariyem barondongane
Sunan sabala kang lagya prapti
piyangkah nglangkungi
sanes adatipun.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Dhatengken piyangkah Nrepati
sabalane kaot
apepandhan gegaman lampahe
dening Kanjeng Susunan duk prapti
rengat jroning galih
duka tan kawetu.

6. Sawarnine Tumenggung Bupati
kang mapag Sang Katong
samya ngraos kadukanan kabeh
Sri Narendra tan ngaruh-aruhi
tan kersa ningali
mring kang mapag wau.

7. Miwah mring Pangeran Adipati
semana Sang Katong
kendel datan sinapa putrane
Pangran Dipati ngraos tur isin
tan ngandika aji
rengat jroning kalbu.

8. Osiking tyas Pangeran Dipati
ya talah Sang Katong
sumakeyan wong menang yudane
adol angkuh tan aruh-aruhi
baya wus pinasthi
pisah ingsung besuk.

9. Parandene Pangeran Dipati
tur segah mring katong
mentah mateng kacaoske kabeh
duk ngadhaton Pabrekan Nerpati
dina Sabtu manis
ping nem tanggalipun.

10. Wulan Rejeb Jimawal kang warsi
cinandra wiraos
sinengkalan Jimawal taune
Pandhita Pitu Kuwagang Siji

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan antara nuli
dyan kasaput dalu.

11. Pra niyaka pamondhokan rakit
kapraboning katong
rakit kitha kang pomahan kabeh
dina Septu miyos watang kabeh
Pangran Adipati
kapatiyanipun.

12. Padaleman papatih wus rakit
ing andikan katong
kadhawuhan salir pakaryane
sambarang rakiting Nrepati
tataning negari
kapraboning ratu.

13. Antarane namung tigang latri
ratu ibu rawuh
saking Sòkawati sabalane
Ardi Kendheng prapta ing Metawis
lawan ratu malih
garwane Sang Prabu.

14. Kang mratuwa Pangeran Dipati
- sareng dennya rawuh
para selir para putii kabeh
sapraptane kaurmatan baris
baron dongan muni
senjata gumrudug.

15. Barung tambur lan gamelan muni
kathah wong nenonton
dina Akhad pakbelas tanggale
nulya antara ing wolung bengi
mangkono anuli
putrane Sang Prabu.

16. Wasta Pangran Ngabehi akrami
kang karsa Sang Katong

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

apan angsal Janingrat putrane
Pakalongan sangkaning pawetri
antuk Pangran Bei
Senen ningkahipun.

17. Kalih likur Rejeb ingkang sasi
ambandhung patemon
tunggal dina pan sareng ningkahe
(105) Jayengrana pan katriman putri
putraning Nerpati
mapan tunggil ibu.

18. Estri kang raka Pangran Ngabehi
raden ajeng Sibrok
kang amangku karya pakramane
Pangran Dipati Mangkunegari
den patmah Sang Aji
semana kang mangku.

19. Pamanggihan pepak pra Dipati
pepak para wadon
pan gumuruh senjata ararne
barung tambur gamelan ngrarangin
pamanggiyan kalih
sedaya tan ketung.

20. Sring kadukan Pangran Adipati
sawadyá punang wong
ngaben puyuh dherek lan naraneng
lan pra Tumenggung para Bupati
tutug siyang latri
kasukan amung.

21. Datan pegat dandan waos bedhil
prajurit pan yektos
tuwin Siman dandani waose
kala semana griya Metawis
dan larang binukti
wong kekere agung.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

22. Malah kongsi mangan padha jalmi
kekere raratan
pra sentana samya lit manahe
datan angsal galih ing nrepati
genti wulan malih
nulya wonten rawuh.

23. Nama den Sutadiwirya prapti
lan arine yektos
raden Suraprameya namane
saking Sala cundhuk mring Metawis
mring Pangeran Dipati
mijil bans ngayun.

24. Palawangan Wiranata nenggih
ing sang prawira nom
Akhad katiga Arwah sasine
den Suraprameya ambekta rabi
(106) Pangran Hangabehi
swargi kang susunu.

25. Pan ambekta wasiyat Metawis
nenggih warni waos
kyai Liyep cakra muwah bendhe
katur mring Pangeran Adipati
wasiyat kang katri
sedayane katur.

26. Pangeran Dipati luntur kang esih
ing man ah katonton
marang raden Suraprameyane
kapatedhan dhuwung saput rati
turangga lan malih
sulam naosipun.

27. Katedhak dhusun Dela dalah nyamping
rasukan di kaot
paningset dhestar myang pajajane
nanging semana Pangran Dipati

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Suraprames estri
remen jroning kalbu.

28. Dhateng Kanjeng Pangeran Dipati
wus tarung pasemon
kala timur pan papacangane
dadya temah misuwur pawarti
katur ing Nrepati
milanya kasiku.

29. Pangran Dipati lawan Nrepati
asanget abendon
lir sinipi Sang Nata dukane
lir anuwek wong tanpa doseki
sabab atmajastri
dadya watiripun.

30. Wartaning kathah arsa sinami
ering ing Sang Katong
nanging Sang Dyah asanget tresnane
dhateng kang raka Pangran Dipati
pinisah upami
lenggana kalangkung.

31. Sedyaning tyas krama lahir batin
tan lenggana pakon
suka tinandhing tunggal sakenggen
(107) jinaj ara sakawan tan gingsir
mutah ingkang batin
mring raka satuhu.

32. Mila kendel Kanjeng Sri Bupati
lumuh kapiawon
pan ingeneb sajrone kalbune
nulya Suraprameya lan malih
Suradiwiryeki
pinundhut Sang Prabu.

33. Sangalas tanggal Arwah kang sasi
pan pukul sapuloh

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangsa Sadha Jimawal taune
sinengkalan Swaraning Turanggi
Karengeng Sujalmi
jabang bayi puput.

34. Raden Ajeng Supiyah nameki
citrane kinaot
pan pinundhut ing embah milane
sagung para niyaka akemit
kang rineksa anging
bendara jeng ratu.

35. Nanging Kanjeng Pangeran Dipati
ing tyas sanget keron
ketang keronron karoban rume
sinamur samur tan kena lali
dhasar semu brangti
sang dyah sring kadulu.

36. Sinayutan tan jrih dhendhaning widi
nanging sru kawuron
mulat m ring sang kadya raras ngrume
sakedhap supe bubar kang rayi
binalangan liring
ringas sangir juruh.

(108) 37 Kuneng luluh sedya lumrang kapti
lahugyeng jro kangong
ketang sang kadi manon bawane
tan kaetang sudraning pawestri
Iimut sang nis karing
sruning kandhuhan kung.

38. Kongkih kongkah seka luluh kentii
kandhuhan lara bot
draw al adres ingusap kampuhe [0]
ketang yen wus tanpa yayah bibi
locitaning galih
dhuh sariraningsun.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

39. Durung tutug dhendhane Hyang Widi
dhateng raganing ngong
padha lawan si dhengkah wong kae
kálodane lamun ora sudi
kakangmas Dipati
bisa gawe wuyung.

40. Wiyahing wong wus amukti sari
pedah awaking ngong
wong planyahan nyampuri kulane
lit katepang anggayuh trenggani
sarira ngong asih
menawa tan tulus.

41. Gudhe pandhak papa sun lampahi
semut bang kutha ron
kukus gunung ingsun kapalake
pirang bara yen manggih basuki
suka awak m ami
mamaruwa satus.

42. Duh Pangeranku Panjalin Tulis
tingalanana ingong
sun lilipur kadalu solahe
senthe jurang kajarah punapi
peken megat margi
yen wände ketemu.

(109) 43.Puspita kang lesuh aneng wit
suka temah layon
sang dyah saya kagagas brangtine
datan pegat lir sata memeti
dyan miyos karsa mring
patirtan tumurun.

44. Mirong kasemekan sang sudewi
wuryaning pasemon
lir Secaboma taken wirage
sang dyah sawang sudama piningit

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

angga nyasmu anglih
tinon gandrung-gandrung.

45. Kang pinaraning tresna kaesthi
kesthi jroning panon
dyan Pangeran Dipati kalihe
lir ginutuk ing pangawe sari
s^jroning siniwi
ing wadya gung-agung.

46. Gya jumeneng Pangeran Dipati
nulya lajeng miyos
kang kacipteng ing nala lulute
Jeng Pangeran Dipati ningali
natar patirtaning
sang akarya wuyung.

47. Kadya ulam kasrambanan warih
m an ah sang wiranom
sang dyah ayu sänget pitambuhe
Pangran ngindhik-indhik
cinandhak astaning
sang dyah saking pungkur.

48. Esrou kagyat sang dyah api runtik
matur m ring raka Ion
sikara temen barang karsane
tansah gawe kekepyur ing galih
mesem sang apekik
ngling saijwa angrangkul.

(110) 49.Palimarmane wong ayu runtik
andela sihing ngong
iki kang bisa asung wirage
baya panukmaning sarwa sari
sarira ngong ukih
lir cintaka nglayung.

50. Mulat ing lautan mangsa katri
tansah minta jawah

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sapa ingkang pinalar yen dede
kang amindha wrat sari rinujit
aparing jajampi
ing kandhuhaning kung.

51. Kusumayu anulya kinanthí
anut anglir sinom
prapteng udyaning selir kasihe
ingaras-aras munggeng pan ti
dhuh dewaning sari
sarining wong ayu.

52. Atur sih tresna mring sira yayi
asuka binendon
mesem sang dyah anendhak liringe
sarywa matur mring raka ngabekti
dhuh kakangmas bilih
tan tumekeng kalbu.

53. Andi mapan jeng paduka arih
dhateng raganing ngong
nirbata biyung wus lola-iale
wiyahe kakung yen dereng olih
kathah kapirseki
yen wis sore mungkur.

54. Kakung mesem angaras panepi
pangandikane wor
yen ta lahir tan trusing batine
dhuh mas mirah ingsun stya yayi
andelen sayekti
mring sira atangguh.

1) 55.Dhasar kajengjalu law an estri
utameng pasemon
sima gempang puspita langene
Jeng Pangeran akarsa dhatengi
sang dyah tan gumingsir
jayeng gati nempuh.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

56. Tempuking war asta amranani
pranahira awor
wuryaning citra candra kesthine
kalamukan rengganing panitis
luruning pangaksi
lir katemah kantù.

57. Sumer wangine sugondo milir
urap-urap awor
anjrah ngimur kamertapake
lir panedheng puspa ngudaneni
sinrang ing pangrengih
ngeses sarywa ngadhuh.

58. Yekti ping sanga kamaning ngestri
pamedaling raos
lumrah lumrah kakung kang saweneh
anung ping pisan asring andhingini
milanya pawestri
ngangkah dereng tutug.

59. Pangran Dipati ragi nglangkungi
wruh wedaling raos
kaping sanga pwestri mareme
eka dwi tri catur panceki
sat sapta myang wali
astha jangkepipun.

60. Katupiksa sang priya mulatning
dyan ayu kaleson
luwar awantya-wantya pangarase
Pangran Dipati Mangkunegari
saestu rengganing
sapindha-pandaka ngrum

61. Sampun wudhar kang apulang resmi
myil sakaroron
kuneng sang dyah ing pendak sabene
pinundhut m ring Kanjeng Pangran Dipati

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anulya tinitip
aken wismanipun.

(112) 62.Mriku Danawarsa wus miranti
Jeng Pangeran yektos
lumampah dalu Pangran kature
pukul tiga pajar enjing
wantu lampah sihb
dennya carem lulut.

63. Ki Dipati Danawarsa nuli
pinundhut Sang Katong
sampun mantun nama Jeng Patine
nama Tumenggung Kudanawarsi
lawan wonten malih
niyaka pinundhut.

64. Ki TumenggungMangkuyuda tuwin
kapundhut Sang Katong
Ki Suramangunjaya wus dening
Ki Tumenggung Kartadirya tanapi
kang karsa Nrepati
mring papat Tumenggung.

65. Samya dinamel wedanajawi
pinisah kang enggon
mapan dhatan sakeca manahe
dening Kanjeng Pangeran Dipati
tan eca kang gahh
denira Sang Prabu.

66. Sa bab ingkang rama Sri Bupati
lamine rawoh
saking pakalongan sawadyane
sanget dennya angowahowahi
mring Pangran Dipati
sanes adatipun.

67. Myang para Pangeran sakit kang gahh
alit manah yektos

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

yen sampun aningali lurahe
Pangran Dipati Mangkunegari
pra sentana sami
lir minggata lampus.

68. Anuli ratus Pamenang prapti
lan arine anom
raden Tirtakusuma wastane
(113) achunduk nuju ing dinten Kemis
Arwah ingkang sasi
salawe. prahipun.

69. Punggawa Sala dyan prapta malih
sawadya punang wong
Raden Tumenggung Pakudiningrat
saha garwa saking Sala Nagri
cundhuk ing Sang Prabu.

70. Arum Galesong kapala Bugis
tetelukan mungsoh
saking Pakalongan rumiyine
sabature minggat datan kari
Ramelan kang sasi
nuju bakda subuh.

71. Sampun katur ing Sala Nrepati
yen Galengsong bolos
Sang Narendra kalangkung dukane
ingkang para Tumenggung dinuding
anulya den gipih
kang kinon lumaku.

72. Nuju pamegengan tan winarni
pun Arum Galengsong
Pan kacandhak ing Ngupit kidule
Arum Galengsong lumayu gendring
kang kacandhak urip
bature pipitu.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

73. Kang kacandhak pejah wong kekalih
katur Sang Akatong
kinen sami ngreksa batur kabeh
mring para Tumenggung para mantri
kuneng kang winarni
nenggih raden ayu.

74. Adiwijaya anandhang sakit
puput temah layon
wulan Siam ping kawanlikure
Sri Narendra saben Septu mijil
saben Senen Kemis
miyos Sang Aprabu.

75. Tumenggung sentana lan para mantri
amaleman kang wong
saben sonten ing pagelarane
pan kekere kena den sayuti
rengas pinggir margi
ambengan rinebut.

(114) 76. Pan atusan kekere Metawis
pan padha mangan wong
nulya garebeg bakda siame
pepek Tumenggung sentana mantri
myang para Prajurit
pepekane kumpul.

77. Tuwin Kanjeng Pangeran Dipati
sawadya gumuroh
warna-warna tinon gegamane
warna-warna busana tubya sri
pan kagiri-giri
gegaman gung-agung.

78. Aglar munggeng ngalun-alun asri
Sri Narendra miyos
anglir sekar setaman baiane
sampun dangu kondur Sri Bupati

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jeng Pangran Dipati
sawadya wus kondur.

79. Kuneng Bupati ing Panaragi
tur serat Sang Katong
sarta Kanjeng Pangran Dipatine
nanging madaka hi Panaragi
semana Sang Aji
sanget dukanipun.

80. Dhateng Ki Dipati Panaragi
dukane Sang Katong
dening amadaka ing surate
nanging kasimpen sajroning galih
kang winarna malih
kaduwung Tumenggung.

81. Seba mring Sang Nata nanging wakil
sawadya punang wong
sowan mring Metaram geng manahe
Sutawirya wastane kang nangkil
wakil arsa ngesir
mring Tumenggungipun.

82. Kocap Tumenggung Sawunggaling
nagri Surengkewoh
sampun balik kawon ingjurite
aprang lan Surabaya Kumpeni
utusan tur uning
(115) mring Metaram rawuh.

83. Atur kapal nuwun bantujurit
wus katur Sang Katong
pramilane Jeng Sunan karsane
mring kang putra Pangeran Dipati
Amangkunegari
arembag ing laku.

84. Siang dalu pirembagan sami
kang karsa Sang Katong

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingkang badhe kang linumgake
Pangran Dipati mring Pranaragi
Pangran Adipati
tan lengganeng kayun.

85. Dening ingsung arsa anindaki
karsanireng Katong
arsa tulung pasisir lampahe
pra Tumenggung pasisir kajodhi
kawon dennyajurit
sampun wonten kedhung.

86. Pan mas Rongga kang boten suwawi
matur ing Sang Katong
datan rembag asanget ature
yen Sang Nata mangilena malih
pakewed nglangkungi
kathah watiripun.

87. Luhung ngetan Sri Narapati
pened Sang Akatong
angulari wong bali jurite
kathah wangsul wetan winitawis
yen ta Sri Bupati
legeg manahipun.

88. Arsa mangetan Hngsem kang galih
cidra temah awon
dadya kewran Nata ing nalane
duk rOmiyin pan sampun prajanji
wangsul mring pasisir
ubanggi Sang Prabu.

89. Wasanane Pangeran Dipati
karsanira katong
pan kinarya topeng weranane
mring Tumenggung myang kilen pasisir
obelaning sandi
Ungseme ing sanggup.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(116) 90. Pangandikane Sri Narapati
sun arsa mangulon
anak ingsung Dipati tan aweh
mangetan si kulup nemu watir
ingsun den aturi
ngetan mring si kulup

91. Watir mungsuh mring wong Panaragi
sesetane abot
menang aprang abot sesetane
dadya sun tulung mring wong pasisir
marmane Sang Aji
tindak ngulon wurung.

92. Aturipun Rangga mring Nrepati
kininten Sang Katong
putra Pangran Dipati yudane
sagaprukan pasthi menang jurit
kang banget kuwawi
eiyang riwukipun.

93. Wau ciptane Pangran Dipati
lingsem ing pasemon
yena ku bedhah Panarigane
Madiun yen oraa lan kongsi
bedhah dening marni
mugi awak ingsun.

94. Muliha aran bae wak marni
banget wirang irg ngong
pan den ina mring Rongga lampahe
iya nora nana kendel jurit
mung Rongga pribadi
wanter perangipun.

95. Mring mas Rongga telenging ajurit
ing m an ah angontor
lan malihe Nata sarawuhe
saking Pakalongan Sri Bupati

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mung mas Rongga ugi
kang tinantun-tantun.

96. Barang karsa mas Rongga jampuni
sabature dados
pan ginugu mas Rangga ature
Pangran Dipati boten tinari
genti ya winarni
ing Banten kacatur.

(117) 97. Nagari Banten aprang lan Kumpeni
Sultan winiraos
Bagus Buang wastane duk rare
gadhah panembahan guru adi
kacatur asekti
wantu yudanipun.

98. Panembahan Tapa kang wawangi
kang sureng palugon
pan kacatur ararne yudane
panembahan Tapa wus kajodhi
lumayu gen jurit
ngetan larugipun.

99. Watawis tigangatus kang angiring
mangetan agolong
rinten dalu pan lajeng lampahe
sedya ngungsi mring Sunan Metawis
kang ngalahken jurit
Kumpeni ranipun.

100. Mayor Ubrus sawadya kumpeni
lan Kapitan der Poi
hanengena genti cantane
dina Akad ing Sawal kang sasi
limalas anenggih
nulya Ki Tumenggung.

101. Kudanawarsa mangkat rumiyin
sabature budhal

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sabab kang estri sanget sakite
mila lampahe angrumiyini
rurubut rumiyin
nunten angkatipun.

102. Pangran Dipati iviangkunegan
sing abrek lan badhol
dina Akad ping tigalikure
wulan Sawal Jimawal kang warsa
sawadya lumaris
sareng angkatipun.

103. Pangran Mangkuningrat pan sami
sareng samya bodhol
wolung dalu ing Pojok praptane
injingipun wonten gandhek prapti
gandhek ninimbali
lan surat Sang Prabu.

104. Pangran kalih tinimbalan sami
ngandika Sang Katong
sabab sun atata miyan mangke
saking Banten prapta ing Metawis
Pangran Adipati
Asar angkatipun.

105. Boten mawi bala mantri Jawi
tinilar ponang wong
mung mantri jero binekta kabeh
pan lancaran wangsul mring Metawis
rereb tengah wengi
wonten Gombang Palur.

106. Enjing mangkat lajeng mring Metawis
Pabrekan dyan rawoh
wanci lingsir wetan ing praptane
lajeng lumebet kadhaton aji
panggih lan Nerpati
dyan tinundhung metu.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

107. Nulya pendhak eq|inglpun maiih
SultanBanten rawoh
Panembahan Tapa sabalane
namung kalih atus winatawaie
gegamannya sami
waos tempak iku.

108. Ngodhing kalewang berang myang cundrik
dina Kemis rawoh
wanci asar ping gangsal welase
DuUcangidah ingkang ponang sasi
Jimawal kang warsi
Semana Sang Prabu.

109. Miyos pagelaran Sri Bupati
wadya samya saos
pra sentana pra niyaka andher
prajurit urmat tata abaris
dyan katingal prapti
ngandika Sang Prabu.

110. Marang kang putra Pangran Dipati
kulup anak ingong
sira mapaga Sultan praptane
tur sembah mangkat Pangran Dipati
amapag kang prapti
aneng Wringin kurung.

111. Sasampunipun salaman lumaris
prapta jeng Sang Katong
Sultan Banten uluk salam age
nulya lenggah lan Sunan ing kursi
tan adangu nuli
binekta malebu.

112. Kakanthen asta lan Sri Bupati
lumebet kadhaton
pilenggahan apocapan akeh
sinegah dhahar warna adi

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sampun dhahar sami
dyan katundhung metu.

113. Samya mondhok wong Banten miranti
tata saponang wong
nulya injingipun sawernine
sentana Tumenggung lan pra mantri
asuka turanggi
mring Sultán kang rawuh.

114. Pangran Dipati suka kang galih
dyan pamit mring Katong
nutugaken dhingin ing lampahe
lan bala mantri jero lumaris
kalawan kang rayi
gancangan lumaku.

115. Sami sadinten ing Laroh prapti
kamantenan rawoh
pan kapanggih lan para garwane
kalih dalu andón pulang resmi
sagung para rabi
durmane sih lulut.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

K. (DURMA).

1. Jeng Pangeran Dipati Mangkunegara
sabalane miranti
atengara budhal
ngetan marang Kaduwang
sipeng kalih dalu margi
prapta Kaduwang
kitha kapanggih sepi.

2. Bupatine Kaduwang pan sampun kesah
Rebo Wage duk prapti
tanggal ping sadasa
ing sasi DuUcangidah
Jimawal kang ponang warsi
anulya enjang
wonten gandhek kang prapti.

3. Sarta surat saking kang rama Susunan
amatedhani uning
yen Kanjeng Susunan
Metawis semana sampun bubar
saking Pabrekan Metawis
ing dina Akhad
angkate Sri Bupati.

4. Tanggal gangsalwelas sasi DuUcangidah
datan kawarna margi
lajeng masanggrahan
sawadyabala nira
tatabaris Sokawati

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang tinanggenah
marang ing Kedhu uni.

5. **Pangran Adiwyaya kanthi Dipatya**
mangilen Kedu uni
lan sawadya nira
Tumenggung Jayadiija
sakancane para mantri
dening Pangeran
Purbaya kang lumaris.

6. **Mring Bagelen lan Pangran Mangkukusuma**
sarta kanthi Bupati
Menggung Cakrajaya
Sawunggaling kanthinya
lan Sultán Banten kinanthi
gandheke Nata
wus winangsulan tulis.

7. **Kawarnaa Ki Dipati Pranaraga**
Suradiningrat biting
wonten ing Barangkal
kiwa tengening marga
sela samya den cancangi
sarta senjata
mriyem samya den rakit.

8. **Kalataka lan wong Bali wulungdasa**
pan para putra neki
nenggih wolungdasa
kanthi manca negara
bang wetan sedaya kering
biting Barangkal
kang 1er malih bibiting.

9. **Ki Tumenggung Suradirja ka Magetan**
munggeng elor bibiting
gunung pan dhinungkar
jurang Lamuk wastanya

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(121) **Madiun Pangran kakalih**
rama saputra
Martalaya satunggil.

10. Kalih pisan baris eler wonten Sangkal
kanthi manca negari
Bupati Caruban
lawan ing Jagaraga
Ngebleg Pace lawan malih
ing Kartasana
ngadhepi Sokawati.

11. Nulya Pangran Dipati Mangkunegara
budhal bala lumaris
saking ing Kaduwang
Senin Wage semana
ping nembelas punang sasi
sawadyabala
suka samargi-margi.

12. Lamun lereb tengara gamelan munya
riringgitan pan kadi
lampahing cangkrama
ambekta para garwa
rerebe datan kawarni
lajeng lampahnya
Kanjeng Pangran Dipati.

13. Gepak ngaler prapta bedhah pabitingan
bitingan sigra prapti
jero kangjujurang
pakewuh ingkang papan
tan kenging nitih turanggi
myang para garwa
dharat sadaya sami.

14. Bedhahipun Kemis Pahing ingkang tanggal
ping sangalas kang sasi
nenggih Dulkangidah

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tahunipun Jimawal
rereb sadalu ing margi
lajeng mring kitha
Ka magetan wus prapti.

15. Sawarnine jro kitha wus kabesmenan
anulya kang papatih
Kamagetan prapta
wasta pun Kartadixja
cundhuk sarta bekta mantri
m an tri sasanga
Jeng Pangeran Dipati.

122) 16. Rereb wonten sakidul kitha Magetan
injing tengara aglis
budhal sahabala
ngidul ngetan lampahnya
bupatine Pranaragi
Suradiningrat
sareng mirsa pawarti.

17. Mengsah ngaler Magetan sampun binedhah
dyan tengara Dipati
Surahadiningrat
bubar saking Barangkal
arsa mapagaken jurit
neng ngara-ara
demung sawadya baris.

18. Udakawis gegaman kapal saleksa
kang dharat aneng wuri
samya kinen tengga
kitha ing Pranaraga
sira Pangeran Dipati
lajeng lampahnya
wadyabala lumaris.

19. Ingaturan rereb Pangeran Dipatya
ing tulung dening ngabdi

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rerebaken kapal
nanging Pangran Dipatya
tan arsa kandheg ngaturi
kedah lajuwa
lumampah banjel jurit.

20. Balanira Pangeran ingkang kapalan
pitungatus wetawis
kajawi kang dharat
sewu yen winettara
lajeng denira lumaris
nulya kapapag
kang prang Kidul sumampir.

21. Wong Pranaraga amapag sarta nyenjata
nulya wong Sarageni
males anyenjata
wong numbak sareng mengsah
sareng nerajang
wong Panaraga ngisis.

22. Wong Pranaraga wus lumayu sasaran
sedaya sampun gusis
lancang-linancangan
samya arebut gesang
sarta binereg turanggi
Dipatinira
Suradiningrat nenggih.

23. Pan kacandhak tinigas mustakanira
katur Pangran Dipati
lawan kang atmaja
kacandhak wonten Ngrana
kacepeng gesang
kalawan wonten malih.

24. Sentana rawuh kacandhak gesang
dening ingkang papatih
patih Panaraga

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aran Brantanegara
lumajeng dhasar wong mengi
pedhot kang napas
niba nulya ngemasi.

25. Para putra para man tri Panaraga
kawus arebut urip
angungsi mring wana
weneh minggah ing arga
pawestri tan wonten kari
ngungsi mring wana
sedaya samya ngili.

26. Kala aprang bedhahe ing Pranaraga
ing Sebtu Wage uni
salikur kang wulan
ing sasi Dulkangidäh
tunggil Jimawal kang warsi
sengkala Swara
Turonggo Bahing Jalmi.

27. Sirahipun Dipati Surodiningrat
katuraken Nerpati
sarta kabandhangan
katur keng Rama Nata
rereb Pangeran Dipati
neng ngara-ara
injingipun lumaris.

28. Sahabala lelampah Pangran Dipatya
tan kawarna ing margi
lumebet ing kitha
Pranaraga wus prapta
sawadya suka prapta
sawadya suka kang galih
samya angrarayah
mewah ingkang binukti.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Kang kacepeng gesang pun Martamenggala
nulya dipun luwari
lan sakadangira
(124) linuwar sedaya
sampun sinypatan sami
Mertamenggala
umatur anyanggupi.

30. Andhatengken rabinipun ingkang rama
Dipati Pranaragi
sarta kang butamal
saguh Mertamenggala
tinundhung sampun lumaris
datan winarna
lamine nulya prapti.

31. Martamenggala sampun ngumpulken tiyang
mantri ing Pranaragi
sarta tur boyongan
bedhaya lan butamal
katur mring Pangran Dipati
roro sedaya
kathah kaumpet ugi.

32. Wong ing Pranaraga wus cundhuk sedaya
kawarnaa Sang Aji
lan sawadyabala
medal 1er Sri Narendra
kutha Madiun wus prapti
sawadyanira
ing Madiun wus sepi.

33. Ingkang sirah Ki Dipati Pranaraga
katur ing Sri Bupati
yata Sri Narendra
langkung suka wardaya
ngalem mring Pangran Dipati
dening Pangeran
Madiun mirsa warti.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. Yen Dipati Suradiningrat wus pejah
sigra Pangeran kalih
cundhuk mring Sang Nata
lawan sabala nira
myang Tumenggung Jagaragi
cundhuk mring Nata
samya den supatani.

35. Pangeran Dipati Amangkunegari
kang ngandika Pranaragi
sigra aputusan
mring Madiun wus prapta
ngaturi Sri Nata Pati
nulya Sang Nata
injing mangkat tumuli.

(125) 36. Sri Narendra saking Madiun wus bubar
dhumateng Pranaragi
tan kawarneng marga
Pranaraga wus prapta
kang putra Pangran Dipati
kalangkung urmat
mring kang rama Nerpati.

37. Gya pinapag gamelan slendro myang monggang
lawan senjata muni
mariyem bandhangan
sarta saos bedhaya
bandhangan tur den paesi
sinegah dhahar
Sang Nata neng pendhapi.

38. Pra sentana tumenggung mantri bupatya
tuwuk dhateng wadya lit
enting suka Nata
ngigel ingkang bedhaya
boyongan tur den paesi
katur sedaya
langkung suka Nrepati.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

39. Katarima ing Nata Pangran Dipatya
nulya bubaran sami
samya pamondhokan
nata rakit kadhatyan
wonten kitha Panaragi
yen Saptu watang
ngalun-alun Nerpati.

40. Pangran Dipati nyalingkuhaken bedhaya
ngendhak bedaya kalih
pun Srimpi westanya
lan pun Sampet semana
sarta dipun karemeni
kakalih pisan
mring Pangeran Dipati.

41. Nenggih ingkang garwa Pangeran Dipatya
Sang Putra Sri Bupati
ran Ratu Bendara
kalampahan kasoran
marang bedhaya kakalih
sareng amirsa
kang rama Sri Bupati.

(126) 42. Yen kang putra angendhak ingkang bedhaya
kakalih den kasihi
Nata ngemu duka
dhumateng ingkang putra
nulya semana Sang Aji
punang boyongan
kawangsulaken malih.

43. Pan sedaya mring Pangeran Dipatya
dukane lir sinipi
nulya ingkang putra
Pangeran Adipatya
sänget nelangsane galih
anuhun duka
ing Kanjeng Rama Aji.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. Kang bedhaya kakalih katur Sang Nata
sedaya katur malih
Sang Nata tan arsa
taksih angemu duka
meksa Pangeran Dipati
sanget nelangsa
nuhun duka Sang Aji.

45. Nuhun pangapunten dhateng Rama Nata
lilih duka Nrepati
sedaya boyongan
malih samya tinampan
miwah bedhaya kakalih
katur ing Nata
boyongan para rabi.

46. Nanging ingkang bedhaya kalih semana
pun Sampet pun Sarimpi
pinaringken sigra
malih dhateng kang putra
nulya Pangeran Dipati
arsa kasukan
ngayem-ayem kang galih.

47. Dhahar nginum lan sagung para Bupatya
sentana lan para mantri
sarta bebedhayan
kakalih binusanan
ajeng lekas sampun wanci
ing bakda Ngisa
ingkang bedhaya kalih.

48. Pun Sarimpi lan pun Sampet kalih pisan
nunten bedhaya kalih
kapundhut Sang Nata
bedhaya kalih pisan
sira Pangran Dipati
angles kang manah
angles wimbuh kang galih.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

49. Kanengane kapundhut kala semana
wus katur tamtu dhingin
kaparingken mring wang
mengko kaya mengkana
bedhaya pinundhut malih
nyuwani manah
sapa bisa nglakoni.

50. Karsanira Sang Nata cuwanang manah
kaya mangkene iki
mengko uwis sapa
mendah harjaa jaman
baya ta Allah puniki
marang wak ingwang
misesa Allah iki.

51. Sänget ngungun ing galih Pangran Dipatya
tan dhahar tan aguling
sinamur gamelan
nulya Garebeg Besar
semana Pangran Dipati
tansah gamelan
saya kadukan malih.

52. Dening nuju ing wulan Kaji gamelan
sangsaya anglek malih
Pangeran Dipatya
injing sowan Garbegan
sampuning medal kang ngardi
sarta ambengan
kondur Pangran Dipati.

53. Kanjeng Pangran datan ngantosi adhahar
sabab padharan sakit
datan dhahar-dhahar
dadya weweh kadukan
kawestanan mumutungi
Pangran Dipatya
saya kewran kang galih.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

54. Saya anglek anggeges raosing driya
ngandika jroning galih
aku nganti apa
pipisahan Sang Nata
tan kawawa nambak brangti
raosing driya
Pangeran Adipati.

(128) 55. Putra Nata garwane Pangran Dipatya
uning kang raka branti
dhumateng bedhaya
nulya ratu bendara
nuhun bedhaya kakalih
dhateng kang rama
Semana Sri Bupati.

56. Pinaringken bedhaya nanging satunggal
kang wasta pun Sarimpi
lilih Sri Narendra
dukane mring kang putra
Kanjeng Pangeran Dipati
Sri Naranata
carem kadya rumiyin.

57. Tan winarna semana Sri Naranata
apirembag sami
lan sagung niyaka
mantri law an sentana
ecaning lampah ginusthi
majenging rembag
sarta anjejampangi.

58. Angulari bala wangsul mring bang wetan
sarta anjejampangi
nagri Surabaya
Sawunggaling sudanya
dening Pangeran Dipati
Mangkunegara
tinuding ing Nrepati.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

59. **Angambaha** pasisir kaiig ier sedaya
anjampangi Kumpeni
lampahnya ideller
semana sampun mangkat
saking Semarang lumaris
ngancik telatah
Pajang Kartasureki.

60. Sareng bubar Sang Nata angaler ngetan
lawan manca negari
sapalih kabekta
Pangeran Adipatya
bubar sabala lumaris
manca negara
kang binekta sapalih.

61. Ngaler ngilen lampahe Pangran Dipatya
wonten kawuwus malih
mantri pangalusan
mantri ing Kasunanan
(129) Ranadipura ambalik
tumut Pangeran
Bintara Sala nagri.

62. Rerehane Mas Rongga Wirasentika
sakit galih ambalik
mring Pangran Bintara
tumut Kumpeni Sala
mas Rongga matur Sang Aji
ngaturi rembag
ngandika Sri Bupati.

63. Iya bener Rongga sira pasrahena
mring si kulup Dipati
Amengkunegara
kena nora kenaa
sukur yen kena abecik
Ranadipura
pinurih den akeni.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

64. Lamun ana panjaluke turutana
wau Pangran Dipati
m antri Mateseh y an
wasta Ki Mangkuyuda
semana ingkang tinuding
kinon ngipuka
mangkat ngilen lumaris.

65. Anggunani marang Ki Ranadipura
lan jampangi Kumpeni
kang wus ngancik liya
Giyanti Matesehan
nulya kalampahan kenging
Ranadipura
wus sekeca kang galih.

66. Ranadipura wus nunggil Mangkuyuda
sapanedhane nenggih
pun Ranadipura
boten purun karehna
dhumateng Mas Rongga malih
kedah wontena
Kanjeng Pangran Dipati.

67. Kalilana bekta bumi Pangalusan
semana den saguhi
marang Mangkuyuda
nenggih Ranadipura
milanya apurun nunggil
mring Mangkuyuda
dening Pangran Dipati.

68. Saderenge Ki Ranadipura kena
utusan sarta tulis
marang ing Mas Rongga
miwah mring Jeng Sang Nata
kaliyan mring Sri Bupati
pramilanira
Pangran eca kang galih.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(130) 69. Lampahira Nata wus lajeng mangetan
bedhaya ingkang maksih
pinundhut Sang Nata
pun Sampet wastanira
kalangkung dipun kasihi
mring Sri Narendra
sarta sinung wawangi.

70. Kawestanan pun Marioneng semana
wau samargi-margi
ngantos tekeng Bantar
Nata taksih bedhayan
asring nayub Sri Bupati
andina-dina
tan pegat pulang resmi.

71. Sakalangkung Marioneng kinasihan
malah Pangran Dipati
Anem pan kedanan
mring Marioneng ika
malah cumbana don resmi
sampun dilalah
wus karsane Hyang Widi.

72. Pan ciptane Kanjeng Pangeran Dipatya
Anom Mangkunegara
iku kaya paran
karsane Rama Nata
wus kanggo mring ingsun dhingin
ing mengko karsa
malah dadi kakasih.

73. Aku maneh aja kaponakaneya
tur man tune sayekti
iku Rama Nata
teka nguthuh lir kewan
tan becik tinemu binjing
mongsa niliba
marang kang apes benjing.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

74. Lan wartane Dipati Anern kedanan
si Sampet den karepi
(131) duk aneng negara
ing Madiun semana
enggene nyarok si ati
baya suku pat
dudu polahing jalmi.

75. Kaya paran temahe dadine benjang
Nata duka tan sipi
mring adhi Dipatya
wus kapundhut miwah rabi
Sri Nara Nata
dukane lir sinipi.

76. Sira Marioneng arsa tinelasan
wurunge den telasi
dening aturira
kang selir Sri Narendra
Bok ajeng Jipang kakasih
kang tumanggela
sänget aturing aji.

77. Aturipun Bok ^jeng Jipang mengkana
Yen sampeyan nelasi
mring pun Sampet nistha
pejah kedhok kewala
kaping kalih anglingsemi
rama lan putra
kaping tigane malih.

78. Kadi dadya corahipun ing akathah
wände gennya mejahi
dhasar taksih tresna
wonten kabar semana
wonten priyayi tur mantri
magang ing Jipang
punika den telasi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

79. **Ingkang nama Ki Surs Adimenggala**
dosanipun akedhik
dumeh arang Seba
pinriksa laranira
korengan **suku sathithik**
purwane duka
nulya **dipun telasi.**

80. **Tinelasan ing dhuwung wasta pun Baryah**
tambur dennya nelasi
(132) **purwane ing kuna**
Ki Sura Adimgala
Sang Nata kala rumiyin
dhateng ing Jipang
Sang Nata sareng prapti.

81. **Sura Adimenggala sowan Sang Nata**
kedah genira ngabdi
malah tur sesegah
rumiyin mring Sang Nata
rabine ayu prak ati
ingkang ngaturan
sesegah mring Nrepati.

82. **Nulya rabi kapundhut dhateng Sang Nata**
bok Jipang den kasihi
anama Bok Jipang
Sura Adimenggala
datan garantes kang galih
sumangga karsa
den tulusena ngadi.

83. **Aneng tambar mung Sapala dosanira**
prandene den telasi
lan malih wanodya
kadingara kang dosa
atowong dennya ngladosi
kang toya wedang
punika den telasi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

84. Sri Narendra kawilut atur Mas Rongga
dilalah wus pinasthi
karsane Hyang Sukma
pramilane kang putra
Kanjeng Pangeran Dipati
asring kadukan
mring kang rama Nrepati.

85. Jeng Pangeran Dipati lajeng lampahnya
ngaler sampun angancik
bumi warung wus prapta
Kali pegat wastanya
mondhok pinggir Kali Lusi
kang kawarnaa
barise wong Kumpeni.

86. Sira Deller wus angancik ing Ngarakan
asring akintun tulis
serat sineratan
marang Pangran Dipatya
(133) kintun kinintunan sami
kala semana
rendheng kali keh banjir.

87. Jeng Pangeran Dipati arsa lajenga
ngaler dhateng pasisir
kewedan ing toya
rawa kali keh bena
jeblog paluh anglangkungi
mancanegara
bang eler samya prapti.

88. Pangran Prabu Jaka lawan Martapura
Sakancanira mantri
sowan mring kang putra
Kanjeng Pangran Dipatya
ing kali Pegat gen panggih
sabalanira
samya agunem kawis.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

89. Jajagongan samya tata pelenggahan
taken tinaken sami
wilujenging lampah
nulya Dyan Martapura
matur mring Pangran Dipati
karsa sampeyan
angger dhateng mg pundi.

90. Anauri Kanjeng Pangeran Dipatya
Paman kula puniki
pan arsa lajuwa
mring pasisir sun sedya
Martapura matur aris
nuhun kawula
angger boten suwawi.

91. Saupami angger sampeyan lajuwa
inggih dhateng pasisir
kenging tan kenginga
sänget atur kawula
yen wektu rendheng agusti
tan kenging ngambah
bang ler tanah pasisir.

92. Tur kawula angger sampeyan wangsula
mangidula rumiyin
benjang yen katiga
angger langkung kang karsa
pun paman dhateng suwawi
karsa sampeyan
Jeng Pangran ngandika ris.

(134) 93. Yen mangkaten paman dika kula tilar
dika umadeg baris
dika jampangana
Demak lan Garobogan
Martapura matur aris
inggih sandika
ing rembag sampun dadi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

94. leng Pangeran Dipati nembang tengara
bubar bala lumaris
marga tan winarna
lajeng Pangran Dipatya
ngancik Kartasura nagri
amasanggrahan
neng desa Bayaîali.

95. Laminira sapeken tansah drawina
nulya bubar lumaris
ngidul sampun prapta
masanggrahan Barija
sarta namane den alih
pan kawastanan
Sumareja prayogi.

96. Wiranata rumiyin balik mring Sala
ing mangke wangsul malih
mring Pangran Dipatya
wonten ka Sumareja
pan sarwi den upatani
Ki Wiranata
kasmaran kang ringaii.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

L. (ASMARADANA)

(134) 1. Anenggih ingkang winarni
Pangeran ing Buminata
Pangran Bintara wastane
saking negar! ing Saia
cundhuk mring Sumareja
sagarwa lan putranipun
panggih lan Pangran Dipatya.

2. Sapraptane den urmati
sarta pinapag gamelan
monggang andhendheng barise
sarta senjata brondongan
Kanjeng Pangran Dipatya
masih kasoran alungguh
praptane Pangran Bintara.

3. Pangran Bintara ing nguni
lenggah kalasa kewala
sakalangkung ing lingseme
anglek. sajroning wardaya
andhengku dennya lenggah
pan datah antara dangu
kapernahken pamondhokan.

4. Sarta segah den aturi
mentah mateng mring kang putra
kalangkung ngupa sukane
kuda dhuwung ingaturan
arta miwah busana

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sagarwa lan putranipun
wus samya amasanggrahan.

Anulya kang tedhak siti
kang putra Pangran Dipatya
Raden mas Sura wastane
lajeng samya akasukan
adhahar num-inuman
pra sentana pra tumenggung
prajurit pepak sedaya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

6. Barordongan munggang muni
gumrudug lir gunung rebah
samya kasukan arame
prajurit wuru sedaya
anulya ondrowina
adhahar n gin urn a tu tug
abebeksan taledhekan.

7. Para sentana prajanji
kang paman Pangran Purbaya
akathah-kathah sanggupe
praseca dhateng keng putra
ngabeni ingandaka
anggelak ing mangsanipun
belaha lan rama Nata.

8. Pangran Purbaya prajanji
benjang lamun tekeng yuda
lan rama dika Sang Katong
kang mapagena kawula
benjang sampun kaliya
kula papage Sang Prabu
kula purun nadhahana.

9. Aja liya kang nanggeni
walate rama andika
(136) tinemua kula dhewe
sanadyan kula pejaha
sedheng kula wus tuwa
sineksenan punggawa gung
gumujeng Pangran Dipatya.

10. Gumer prajurit pra mantri
pra tumenggung pra punggawa
prajanjeyan dhewe-dhewe
ana kang narik curiga
weneh ana karuna
kalangkung prasecanipun
dhateng Pangeran Dipatya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Genti Sang Nata winarni
ingkang angancik ing Tambar
sakehe wadyabalane
pinarag gering neng Tambar
miwah ingkang turongga
gering sore esuk lampus
gering esuk sore pejah.

12. Ipe daiem kang kakalih
Mas Rongga Wirasantika
semana putusan age
mantri tiga dinuta
ngerig mring Sokawaiya
v» asiane titindhihipun
Wiradigdaya ing iindak.

13. Ing margo datan winami
ing Sokawati wus prapta
ing Sokawati bum in e
sampun lumadi se day a
mring Ki Wiradigdaya
nanging Pangalusan iku
ingkang mampang ing parentah.

14. Pramila datan lumadi
wong desa ing Pangalusan
mila mampang wong desane
sabab Ki Ranadipura
angsal ingkang parentah
anenggih ing gustinipun
Kanjeng Pangeran Dipatya.

(137) 15. Anulya dipun inggahi
marang ing wong Sokawaiya
pan arsa ginempur age
Ranadipura wus perang
lawan wong Sokawaiya
wong Sokawati kaburu
Wiradigdaya wus pejah.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

16. Semana Pangran Dipati
wuwuh awon mring kang rama
nanging sanget panlangsane
wali-wali aputusan
serat dhateng Mas Rangga
bebolehi purwanipun
katura marang kang rama.

17. Sanggup Pangeran Dipati
kang nanggung Ranadipura
kasaguwan lan bumine
saking parentahing Nata
lan lilane mas Rongga
bumi pangalusan iku
kasuwun marang mas Rongga.

18. Kena tan kenaa ugi
kasuwun marang Sang Nata
denlancangi satakere
atemahan durung ana
parentahe Sang Nata
nulya inginggahi sampun
temahan kalah tur pejah.

19. Wiradigdaya ngemasi
mila ing sangsaya-saya
Pangran Dipati awone
sabab kagugu mas Rongga
ature ing Narendra
sarta kapirsa ing Kedhu
Pangeran Adiwijaya.

20. Seda aprang lan Kumpeni
Pangran Adiwijaya
ing Sumareja wartine
lindhu ping tiga sadina
Kanjeng Pangran Dipatya
kagagas ing alanipun
ningali karsaning Nata.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(138) 21. Kanjeng Pangeran Dipati
sareng mirsa ingkang paman
putek wimbuh ing manahe
wus mupus karsane sukma
let sadina rong dina
adhahar sarta anginum
lan niyaka pra punggawa.

22. Ciptane Pangran Dipati
sapa bisa nglakonana
yen mengkene ing karsane
rama anggugu mas Rongga
anulya wonten dhuta
saking kang Rama Sang Prabu
carik wasta Sindusastra.

23. Anuju Pangran Dipati
bubar saking pasanggrahan
mring Metaram baiane
sabab mirsa ingkang warta
Pangran Adiwijaya
yen seda ngrana apupuh
marma arsa tutulunga.

24. Purwane kala rumiyin
Pangeran Adiwijaya
saking Metaram angkate
dhateng ing Kedhu wus prapta
arsa ngumpulken baia
sareng prapta wonten Kedhu
Menoreh apamondhokan.

25. Kumpeni ingkang ngabaris
ing Trayem sampun uninga
dyan dandan saha baiane
umangkat asasanderan
Kumpeni sapraptanya
Pangeran sigra lumayu
bobocengan lan kang garwa.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

26. Ran mbok ajeng Gondosari
kacandhak dipun sanjata
seda tinigas sirahe
katur mring Deller Semarang
pramila jeng Pangeran
Adipati arsa tulung
bubar saking Sumareja.

27. Sawadyabala lumaris
mangilen dhateng Metaram
(139) sawarga para putrane
nulya prapta Perambanan
sadalu enjing bubar
mangilen lajeng lumaku
nulya prapta Ngadisana.

28. Antarane kawan latri
injing tengara umangkat
nulya prapta sabalane
abaris wonten Tangkilan
kang baris munggeng ngarsa
sawarnine pra Tumenggung
pan sampun ajeng-ajengan.

29. Kalawan baris Kumpeni
Terayem ingkang pangarsa
semana ta ing lampahe
Kanjeng Pangeran Dipatya
asring nambur mring ngarsa
kelawan prajuritipun
trakadhang mung wong sedasa.

30. Kasaru putusan prapti
saking kang Rama Susunan
pun Sindusastra namane
sarta amawi nawala
surat wus tinupiksa
wiyosipun Sang Aprabu
sampun budhal saking Tambar.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

31. Wus angancik Panaragi
jroning kitha masanggrahan
kalawan wadyabalane
nulya kang para niyaka
kang darbe ing Metaram
sedaya tinundhung mantuk
dhateng negari Metaram.

32. Sarta Sang Nata nimbali
Jayaningrat Pakalongan
Pangran Bintara maliye
ingandikan mring Narendra
dhumateng Panaraga
lawan malih kang kapundhut
sira pun Ranadipura.

33. Sampune amaos tulis
Kanjeng Pangeran Dipatya
wegugen kewran manahe
mring wau Ranadipura
karsa denaturena
(140) ka Talang kala rumuhun
kang nanggung Ranadipura.

34. Menawa minggat ing margi
kang nanggung Pangran Diptya
ajeng boten katurake
ajrih parentahing Nata
sarta Ranadipura
anggendhol sänget jrihipun
amopo Ranadipura.

35. Yen pineksa umpami
katura Ranidipura
dhumateng Panaragane
kadita minggat ing marga
mung kakalih katura
mring putusane Sang Prabu
awasta pun Sindusastra.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

36. Pangeran Bintara kerid
lan Janingrat Pakalongan
kang katur dhateng Sang Katong
kabekta mring Panaraga
kaatur mring Sang Nata
ingkang malih boten purun
nenggih Pangeran Bintara.

37. Pejah gesang kedah nunggil
mring Pangeran Dipatya
kang putra sanget ature
mring kang paman ing Bintara
kang paman ingaturan
sowan mring raka Sang Prabu
ingkang wonten Panaraga.

38. Benjang sampuna papanggih
lan raka paduka Nata
nuwun wangsula asae
nunggila lawan kawula
sinangonan kang rama
Pangran Bintara tumurut
kuda sikep ing ngaturan.

39. Kuda titiyan ngaturi
atenapi kuda tundhan
dyan kabekta ing lampahe
mring putusaning Narendra
wasta pun Sindusastra
mring Panaraga lestantun
lan Yaningrat Pakalongan.

(141) 40. Dening Pangeran Dipati
saungkure kang putusan
tengara budhal barise
mangkat saking ing Tangkilan
prapta ing Pajagalan
kendeî sahabalanipun
rinten dalu parembagan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

41. Kalawan ingkang patih
ingkang wasta Kudanawarsa
miwah ingkang pangulune
ingkang ngawasta Ki Him an
mantri miji sedaya
sami pakewed ing atur
langkung pakewed ing lampah.

42. Kewedan Pangran Dipati
kewran wimbuh ing wardaya
arsa pisah lan Sang Katong
kapriye dadine Jawa
pama maksih kumpula
lan nata kawatir agung
Pangran Dipati ngandika.

43. Iya ta negara Jawi
paran temahe ing benjang
kang mungsuh dadi bungahe
yen ingsun maksih kumpula
dadi pilih ing Nata
abanget kawatir ingsun
lan akeh liring negara.

44. Kudanawarsa tur ans
ing mangke rama Sang Nata
acidra sanget owahe
ing mangke lagya punapa
wong Jawa dereng tata
semangsa rata ing besuk
parentah Allah punika.

45. Kang dadya rudati marni
selir tuwin para garwa
mila Ranadipurane
menawa kartaning jaman
pineksa pinundhuta
kadi bedhaya rumuwun
ingkang saking Panaraga.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

46. Ngandika Pangran Dipati
iya iki watir ing wang
(142) priye mantri miji kabeh
ature miji sedaya
yen suwawi ing karsa
sampuna tanggal ing laku
mumpung dereng karta jaman.

47. Pan sampun tanggel ing kardi
pinisah rama paduka
kapanggih pun Diyudane
kangulapan dereng ngulap
mengsah bala Sang Nata
atandhing prawiranipun
kang rembag gilig sedaya.

48. Dhasar semana marengi
Ideller nagri Semarang
awali-wali surate
mring Pangeran Dipatya
pisaha lan kang Rama
asanget pangebangipun
Kumpeni tulung ing yuda.

49. Wiwite belah kang galih
lan kang Rama Sri Narendra
lan Pangeran Dipatine
neng Pajagalan Metaram
Kemis Wage dinanya
ing tanggal ping kalih puluh
ing sasi Jumadilawal.

50. Tahun Je den sengkalani
ponang Liman lan Turonggo
Angrasa Wani Galihe
Kanjeng Pangeran Dipatya
Harya Mangkunegara
sampun nekad karsanipun
pisah lan Rama Sang Nata.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

51. Para Tumenggung Metawis
sampun rembag sahabala
pra Pangeran rembag kabeh
sampun mupakat sedaya
kang pisah lan Sang Nata
kang tebih-tebih wus kumpui
mantri Tumenggung sedaya.

52. Samya kasukanan uning
yen mangke Pangran Dipatya
lan Nata pisah karsane
pra mantri lan pra sentana
(143) sami nekad ing manah
tanapi para tumenggung
anunggil Pangran Dipatya.

53. Kang tansah biyantu piki
samya nusula Sang Nata
mring nagri Panaragine
ingkang boten nunggil rembag
lan Pangran Dipatya
samya nusula mring Prabu
mangetan mring Pranaraga.

54. Saweneh mangkat ing wengi
sangking jrihe mring Pangeran
Dipati sanes galihe
saking ngajrihe ing marga
semana kalampahan
den aterken ing Delanggung
marang nagri Pranaraga.

55. Nanging kathah ingkang nunggil
sabiyantu tumut nekat
nunggil lampah sak balane
dene Pangeran Purbaya
dhasar wanter piyambak
dadya sumerep ing kayun
nekad lan Pangran Dipatya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

56. **Dene Bupati** kang nunggil
nekad lan Pangran Dipatya
Suradiningrat kalihe
Janapura Wiradigda
lawan Suryanegara
Pangran Pakuningrat kumpul
lan Pangran Mangkukusuma.

57. **Mantri alit tan winarrri**
Kanjeng Pangeran Dipatya
nulya bubar sabalane
ing Pabegalan Metaram
dhumateng Sumaredya
sampun prapteng sawadyagung
anglir madu gula kentar.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

M. (DHANDHANGGULA).

1. **Sanekade Pangeran Dipati**
rawuh pasanggrahan Sumareja
pepak sawadyabalane
pra niyaka tumenggung
atapi kang para prajurit
Kanjeng Pangran Dipatya
adhahar anginum
nayub sarta taledhekan
satengahing wuru pra samya prajanji
sagung kang wadyabala.

(144) 2. **Asupata sagung para mantri**
pra Tumenggung myang para sentana
tanapi prajurit kabeh
anekad sabiyantu
samya janji anarik keris
Pangeran Purubaya
kathah sanggupipun
akathah susumbarira
mring Sang Nata sanggup nadhahi ngajurit
katah tanaganira.

3. **Let sadina kadhang saben ari**
andrawina anginum adhahar
lan kang wadya wadya kabeh
prajanji sabiyantu
aja ana cidra ngajurit
bareng sapati-gesang
eklas janjinipun

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aja na cidra ngubaya
sapa ingkang ngoncatana ing ngajurit
aja nemu raharja.

4. Pangran Dipati pracayeng jurit
amiyarsa kang samya supata
nekad sungkeme manahe
para mantri Tumenggung
myang sentana para prajurit
mring Pangeran Dipatya
sedaya sumuyud
sumungkem tur kumawula
Jeng Pangeran Dipati Mangkunegari
madeg prawireng yuda.

5. Kabatinan pracaya ing Widi
kalahiran pracaya ing bala
gentiya kang winiraos
kawarnaa Sang Prabu
ingkang wonten ing Pranaragi
sakpraptane ngutusan
Sindusastra matur
(145) dhumateng Kanjeng Bintara kelawan malih
Janingrat Pakalongan.

6. Nanging punika katur Sang Aji
Ranadipura datan kabekta
Sang Nata legeg galihe
kewran sajroning kalbu
Sindusastra umatur malih
prakawis putra Nata
ing mangke Sang Prabu
anenggih panawang kula
sanes trage ing mangke lawan rumiyin
kula ajrih matura.

7. Pangran Bintara matur nambungi
kathah-kathah lawan Jayaningrat
Pangran Dipati angone
gegasah manah Prabu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

putra Nata Pangran Dipati
padhami lan Welanda
ngangkat raadeg Prabu
entrage purun panduka
Sri Narendra wimbuh putek ingkang galih
duka sajroning naia.

8. Pangran Bintara nenggih sayekti
binecikan lan Pangran Dipatya
wewadul awon walese
Lan Janingrat wewadul
saya wimbuh duka Nrepati
pra niyaka sedaya
ngandikan arembug
tansah tinantun ing rembag
pra niyaka pra mantri miwah prajurit
miwah para Dipatya.

9. Angemu wimbuh duka Nrepati
mila tansah nari parembagan
nulya kasembuh dhatenge
mantri ingkang anungkul
ingkang saking Pajang Metawis
katur ing Naradipa
pinirsa turipun
ing Kanjeng Sri Naranata
pan ing mangke putra Pangeran Dipati
tan pened sedya nira.

10. Pra Tumenggung sentana wus nunggil
kahit lan putra Pangran Dipatya
puruning Nata angkate
Sumareja gen kumpul
saya wimbuh duka Nrepati
pinepak pra niyaka
pra mantri Tumenggung
mring ipe dalem Mas Rongga
pra sentana prajurit andher neng ngarsi
pepek sawadyabala.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Wonten mendhapa ing Pranaragi
samya prajanji sarta supata
saur-manuk omyang kabeh
riseksana Sang Prabu
sigra narik curiga aglis
sarta muwun Sang Nata
sarta punggawa gung
sedaya narik curiga
samyang nangis paring salenggruk samya jrit
kang saweneh kakajar.

12. Mantep sanggupira ing ngajurit
sanggup nyepeng Pangran Adipatya
samya ngentek pasanggupe
aneng mendapa umyung
kang prajanji samya angenting
sareng sapejah gesang
benjang yen apupuh
sedaya sareng pejah
Sri Narendra duka tuntung muring-muring
mring Pangran Adipatya.

13. Sarywa muwun ngandika Nrepati
kabeh padha sira pirsakena
kang kaya si kulup kuwe
bocah kudu kumingsun
kudu mungsuh mring ingsun jurit
tur amangsa enjuwa
wong kudu kumenthus
ginawe becik tan kena
wong kumethak mangsa enjuwa ngajurit
kalawan undhanging wang.

14. Aja na ngarani Pangran Dipati
Aranana si Suryakusuma
pacuwan ing sarupane
sedaya matur nuwun
pan sandika kang abdi-abdi
muphakat pra niyaka

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mas Rongga sumambung
umatur sarywa karuna
wong kumethak putra Nata kedah wani
mongsa gandra apira.

15. Maksih awrat mungsuh Kumpeni
kula dhewe sanggup nandhahana
Suryakusuma yudane
prajurite mantri jro
kula purun nadhahi jurit
nulya Pangran Bintara
sumambung umatur
Suryakusuma yen yuda
pan kawula sanggup nadhahi pribadi
ajana milu yuda.

16. Suryakusuma kathah kang selir
kula benjang ingkang boyongan
Sang Nata asru delinge
Suryakusuma besuk
lamun kongsi kacekel urip
sutn karya pagamelan
ngarit kudaningsun
sing sapa ingkang nyekela
ingsun ganjar reyal limang atus benjing
lan sun karya bupatya.

17. Datatita semana ing nguni
Jeng Susunan atengara bubar
saking ing Pranaragine
ngaler ngilen lumaku
sahabala lajeng lumaris
ing mangke kang sinedya
arsa nglanggar nuruh
mring Pangeran Adipatya
ingkang wonten Kusumorejo ginitik
(148) medaling ka Magetan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

18. Jagaraga anjog Sokawati
Sri Narendra kandheg masanggrahan
ing Murong sahabalane
parembagan sang Prabu
lan Mas Rongga tansah tinari
aturipun Mas Rongga
dhumateng Sang Prabu
yen suwawi karsa Nata
baris ngarsa anjaga tanah Matasih
anarubna wong desa.

19. Sawarnine kang samya tut wingking
dhumateng Raden Suryokusuma
wadya alit ingkang dherek
Sang Nata ngndika sru
iya bener undhangna aglis
Mas Rongga awot sekar
angundhangi sampun
wau kang baris pangarsa
wus angancik ing bumi tanah Matesih
anarubken wong desa.

20. Wong wadon samya dipun boyongi
ingkang bangga samya pinejahan
sarta ngobong wismane
den rayah darbekipun
ya ta genti ingkang winarni
Pangeran Adipatya
semana kawuwus
kang baris Kusumareja
sring putusan serat-sineratan ganti
lan kang Rama Susunan.

21. Atur-atur Pangeran Dipati
larab kastob panganggene kapal
(149) Sejadirana kinengkeh
katur marang Sang Prabu
tan katrima sarywa Nrepati
wuwuh ageng piyangkah

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring putra Sang Prabu
saya ngidek karsa Nata
saya jiyad mring putra Pangran Dipati
kang aneng Sumareja.

22. Pangran Dipati sring kintun tulis
sring putusan mring Idler Semarang
wangsul-winangsul surate
genti kintun kinintun
wewuh winawyan aganti
mring Pangeran Dipatya
Deller nulya asung
kang layon jeng ingkang Rama
Pangran Arya kang seda selong rumiyin
pinapag ing putusan.

23. Kang ingutus dhumateng Semawis
amapaga layone kang Rama
Tumenggung Janapurane
lawan malih Tumenggung
Suramangunjaya lan malih
Menggung Tirtanegara
lawan malihipun
Ngabei Malangsumirang
lan Ngabehi Wirasantika lumaris
sarta mawi nuwala.

24. Kang lukita pan datan winarni
Deller suka layon wus kabekta
sarta ingkang mastakane
ingkang pam an rumuhun
Pangran Adiwijaya uni
ingkang seda ing rana
sareng dhatengipun
lan layone ingkang rama
tinabela mapag sagung para santri
amawa gara-gara.

25. Langit muntab sarta obar-abir

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kukuwung teja sarta lan barat
lir wong arawuh gesange
cocog layon kang rawuh
jalajate kagiri-giri
Pangeran Adipatya
(150) ing tyase anekung
ngabekti ing kabatinan
tur narima sihipun KangMubeng Bumi
linajeng mring Metaram.

26. Sinarekken layon mring Mogiri
kaurmatan mumule sidhekah
atur dhahar lalurine
Pangran Dipati wau
osiking tyas raosing galih
lir pendah ingkang Rama
taksih gesang rawüh
sarta Pangeran Dipatya
akasukan adhahar anginum mawis
sarta anyebar arta.

27. Kawarna Sang Nata kang ngancik
aneng Murong atengara bubar
majeng mring Bangsri barise
semana kang tinuduh
medal kilen ing Sri Bupati
Tumenggung Jayadiija
kakanthi Tumenggung
Wiratanu Alap-alap
lawan Jayanegara kalawan malih
Pangeran ing Bintara.

28. Kawarnaa Pangeran Dipati
ingkang masanggrahan Sumareja
sareng Sang Nata barise
majeng sabalanipun
wonten Bangsri Sang Sri Bupati
Pangran Mangkukusuma
aminggat ing dalu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

balik seba mring Sang Nata
marang Bangsri sabalanira lumiring
lawan Suryanegara.

29. Lan Tumenggung Mandaraka balik
lawan Tumenggung Wirawidigda
mring Bangsri balik lampahe
lawan ta malihipun
rumiyine sanggup angabdi
aran pun Sindusastra
aminggat ing dalu
(151) seba malih mring Sang Nata
marang Bangsri lan mantri jero kakalih
anenggih wartanira.

30. Ingkang abdi Pangeran Dipati
Jayakalpika Jayasupena
sami ing dalu inggate
Bangari seba Sang Prabu
mbekta para jrehi kakalih
teledhek kalih pisan
balik mring Sang Prabu
Sang Nata kalangkung suka
kapracaya sebane man tri kakalih
pangandikane Nata.

31. Besuk hengtek wonge padha balik
Suryakusuma seba maring wang
wonge padha balik kabeh
uwong kudu kumingsun
kudu mungsuh marang ing m ami
anglesa ing pratola
mimbua ngaluhur
mangsa ingsun kedhepena
henengena warnanen Pangran Dipati
rembuge ingkang bala.

32. Ingkang rayi linampahken jurit
wasta Pangeran Mangkudiningrat

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan Mangkuyuda kanthine
mangetana anggepuk
are buta ing Pranaragi
riseksana umangkat
lan sabalanipun
m angetan anjog Pacitan.
nulya Pangran Purbaya ingkang tinuding,
lan Suramanguiyaya.

33. Wus umangkat mangaler lumaris
mapagaken mring Pangran Bintara
prapta ing Langgung barise
genti ingkang winuwus
tuan Deller nagri Semawis
wus eca ingkang rembag
kang serat lumintu
Ideller arsa tulunga
tan winarna pitulunging Ywang kang prapti
dhateng Pangran Dipatya

34. Nulya Ideller amepak Kumpeni
mangkat saking ing nagri Semarang
tulung Pangran Dipatine
bala Kumpeni agung
lan Ki Adipati Semawis
Bugis Bali Makasar
wong pasisir tumut
semana Pangran Dipatya
aputusan m an tri amapag Kumpeni,
mbekta tundhan lan segah.

35. Lajeng lampahe wadya Kumpeni
dalu rereb enjange lumampah
sentana binekta kabeh
ing marga tan winuwus
lampah ira Idller wus ngancik
abaris Paserenan
sentana kang tumut

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

titilare Pangran Harya,
kang sadherek Kanjeng Pangeran Dipati
ingkang wonten ing sabrang.

36. Pan sekawan kang sepuh satunggil
wasta Pangeran Tirtakusuma
semana sangetm marmane
serat kandhut tan kintun
ambeboleh marang Kumpeni
mring Pangeran Dipatya
sampun kongsi temu
marang Ideller Semarang
yen estuwa badhami lawan kumpeni
Kangjeng Pangran Dipatya.

37. Pan kasasor kasinggihan yekti
kang raka Pangeran Tirtakusuma,
luhur Pangran Dipatine.
mila asring akintun
mring kang rayi awali-wali
ingkang serat kandhutan
amrih sampun temtu
Deller lan Pangran Dipatya,
aja kongsi abadhami lan Kumpeni
kathah pemuting serat.

38. Lan malihipun ingkang papatih
Pangran Dipati ingkang anama
Kudanawarsa w astane
lumuh sanget turipun
Gusti sampun kongsi papanggih
supami badhamiya
lan Janingrat ing Metaram
sanget ture sampun Gusti apapangtih
lan Kumpeni Semarang.

39. Karsanira Pangran Adipati
saestu bedhami apapanggiha
lan Kumpeni Idellere

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dadya dri kanca rembug,
tansah sami sawaleng pikir
Pangeran Adipatya.
pegel manahipun,
sedaya datan winarna,
dyan pineksa Kudanawarsa tinuding
mring Deller Paserenan.

40. Gawa asuguh sarta manggihi,
mring Kumpeni Idller ing Semarang,
ing Paverenan pondhoke,
lawan kanthi Tumenggung,
Janapura kalawan malih
Janingrat ing Metaram,
lan sebalanipun,
mangkat saking Sumareja
pan pineksa angkate Tumenggung Katri,
dhumateng Paserenan.

41. Umangkat ngetan kang bala lumaris,
bekta segah prapta pamondhokan
ing Barawatu wastane
saestu boten purun
papanggihan lawan Kumpeni
amung segah kewala,
ingkang lajeng katur,
lawan sikep kapal tundhan,
Paserenan wus katur Deller Kumpeni,
Ideller tan tarima.

42. Deller kedah papanggih pribadi.
Danawarsa tan purun panggiha.
pineksa sanget ajrihe
Deller pegel tyasipun
sring seratan sinerat sami
lawan Pangran Dipatya
Deller seratipun
samana Pangran Dipatya
saya kewran kalangkung pegel kang galih,
ningali Danawarsa.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

43. Datan purun panggih lan Kumpeni
Pangran Purubaya kang winarna.
Neng Sanggung pabarisane
kawon ing yudanipun,
saking eler linanggar jurit.
mring Pangran ing Bintara.
lan sabalanipun
lan Tumenggung Alap-alap
ingkang ngabdi Sang Nata kang wonten Bangsri
menang genira yuda.

44. Pangran Purbaya kawon ing jurit.
lumajeng ngidul sarewangira
kalangkung rusak baiane
kathah kacandhak lampus
Sumareja katur tumuli
ing Pangeran Dipatya
sedaya wus katur,
Kanjeng Pangeran Dipatya,
neng Kusumareja kewran ingkang galih
kang pam an katon aprang.

45. Pangeran Purbaya kawon kang jurit
sarta kang papatih Danawarsa
tan purun panggih lampahe
mila pegel tyasipun,
wau Kanjeng Pangran Dipati
aneng Kusumareja,
ing pramilanipun,
arsa ngawaking, priyongga,
sampun rembang lan mantri lebet prajurit
karsa ngawaki yuda.

46. Nulya amangkat Pangran Dipati
saking pasanggrahan Sumoreja
way ah ing Ngasar angkate
umangkat sarta jawuh,
garwa putra binekta sami
kala dina Jumungah

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing Kaliwonipun,
tahun Je pan sinengkalan,
Punang Liman Turongga Angoyak Bumi
nuju ing sasi Arwah.

47. Nulya arereb kasaput wengi,
aneng Camethuk pinggiring arga,
injing mangkat sabalane,
sarta putusan sampun,
mring Ideller wadya Kumpeni,
kang wonten Paserenan,
pan asuka weruh,
yen Pangeran Adipatya,
sampun mangkat angaler wetan lumaris,
Kanjeng Pangran Dipatya.

48. Pangran Dipati sedya ngawaki,
nulya rereb pinggiring bengawan,
dhusun Tinangger wastane,
antara tigang dalu,
putus-pinutusan pan sami,
lan Deller Paserenan,
pan den antep purun,
mring Kanjeng Pangran Dipatya,
nulya sareng umangkat Pangran Dipati,
Deller nabrang mangetan.

49. Pangran Dipati nabrang benawi,
pan mangaler sarengan lumampah,
Deller kang kilen lampahe,
Pangran sabalanipun,
medal wetan genya lumaris,
Deller kilen lelampah,
sareng lampahipun,
neng Kadhadhong masanggrahan,
pan sedalu Ideller arereb sami.
wonten ing Samedhangan.

50. Dening Susunan kang wonten Bangsri,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lolos ing dalu sabala nira,
kandheg neng Purwasarine,
bubar malih ing dalu,
kandheg wonten ing Murong malih,
nulya Pangran Dipatya,
lan Deller lalaku,
mangaler lan sahabala,
Deller kandheg neng Susuruh wong Kumpeni,
arereb masanggrahan.

51. Rereb ing Kakum Pangran Dipati,
mung sadalu enjing nulya budhal,
rereb Cakanthong wastane,
lamine kahh dalu,
injing malih ngilen lumaris,
arereb desa Maja,
nanging tigang dalu,
nulya Ideller putusan,
juru basa pun Bestam ingkang tinuding,
Deller arsa panggiha.

52. Juru basa Bestam duk papanggih,
ingaji-aji tur sinuba-suba,
Pangran Dipati karsane,
binjang samya tetemu,
mangke kedah ngajak lumaris,
marang ing Sokawatya,
lajuwa anjujul
marang kang Rama Susunan.
wong Kumpeni Ideller dhateng nututi,
laju yuda kenanga.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

N. (PANGKUR)

1. Ideller pan sareng mangkat,
wong Kumpeni lumampah andhingini,
Pangran Dipatine pungkur,
sareng samya lelampah,
tan atebih sami ring iringan langkung,
kang bala sami katinggal,
Kumpeni lawan wong Jawi.

2. Ideller Kumpeni prapta,
aneng Gebang dening Pangran Dipati,
rereb lawan balanipun,
garompol pagedhangan,
mung sadalu injing mangkat kalihipun,.
Ideller Kumpeni prapta,
ing Sumengka Sakawati,

3. Pangran Dipati wus prapta,
pan arereb Tegaran tigang latri,
ing Sumengka kidulipun,
dyan putus-pinutusan,
Pangran Dipati lawan Ideller wau,
kedah apanggih piyambak,
Deller lan Pangran Dipati.

4. Semana Pangran Dipatya,
yun papanggih lan Deller wus cacawis,
badhe papanggih susuguh,
pondhokan bineladhah,
asengadi Deller isin alumaku,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

akedah Pangran Dipatya,
ngaturan Deller Kumpeni.

5. Ngaturan dhateng Sumengka,
kang kautus Semarang Ki Dipati,
ngaturi ing lampahipun,
Pangeran A dipatya,
sakadange tìtìga ingkang lumaku,
lan juru basa Kibastam,
samya ngangge-angge sami.

6. Kanjeng Pangeran Dipatya,
baten karsa kedah panggih ing ngriki,
tan gega ing aturipun,
ingkang abdi sedaya,
yen saestu Kumpeni Deller tutulung,
panggiya ngriki kewala,
sampun mring Sumengka Gusti.

7. Deller isin asebaa,
kedah Pangran Dipati den aturi,
mring Sumengka milanipun,
padya sande panggiya,
nulya Pangran Dipati bubar amundur,
ing Batu amasanggrahan,
serat-sineratan sami.

8. Nulya patih Danawarsa,
papanggihan law an Deller Kumpeni,
neng Tempuran gen tetemu,
samya aparembagan,
sasampune parembagan Idller wangsul,
marang ing baris Sumengka,
Danawarsa wangsul malih.

9. Prapta Batu perembangan,
rembagipun tansah abenjang pikir,
ana ngaturi tetemu,
lan Deller kang satengah,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nanging kathah ngaturi ngetan ing laku,
genira amasanggrahan,
neng Batu sadasa latri.

10. Deller cuwa ing manah,
nora panggih lan Pangran Adipati,
Ideller kalangkung ngunggun,
nulya Pangran Dipatya,
suka wikan mring Deller arsa lelaku,
marang Madiun negara,
Ideller atilar tulis.

11. Injing tengara umangkat,
sabalane Karyeng Pangran Dipati,
bakda Siyam angkatipun,
dumateng ing bang wetan,
arsa nglanggar Pangran Dipati jinujug,
Anen kang putra Susunan,
wonten Madiun negari.

12. Ideller anulya mangkat,
mangkat saking Sumengka wong Kumpeni,
Kumpeni baris ing Butuh,
Deller laju mring Sala,
dening Pangran Dipati sabalanipun,
bubar marang ing bang wetan,
angaler ngetan lumaris.

13. Pangran Dipati umangkat,
saking Batu telatah Sokawati,
anglereb sadinten Septu,
Kaliwon sasi Sasi Sawal,
tunggil tahun nujeng tanggale ping telu,
gennya lelampah sadina,
rereb Pringapus sawengi.

14. Injing lelampah sadina,
sarta jawah adres parahara prapti,
sadinten lampahnya rawuh,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dalu amasanggrahan,
ing Careme kang bumi tumut Madiun»
sadalu injing dyan bubar,
rereb Kärnten salatri.

15. Injing atengara bubar,
sahabala ndungkap kutha tumuli,
prajurit kang manggen ngayun,
prapta ndungkap ing kutha,
ing Madiun pinareg prang datan dangu,
wastane Bupati nira,
nama pun Purwanegari.

16. Muter salebeting kitha,
jroning bata mariyem mungeng gari,
mawi gamelan tinabuh,
map an kinarya semang,
Pangran Adipati Anem ing Madiun,
nulya ambolos semana,
nulya semana kang abdi.

17. Sarageni lan panumbak,
samya majeng kitha rinangsang wani,
Bupatine ing Madiun,
wasta Purw anegara,
wus kacandhak ing ngrana pan sampun lampus,
tinigas mustakanira,
rabine wus den boyongi.

18. Wong Madiun ingkang pejah,
pan wolulas katur Pangran Dipati,
bebandhangan samya katur,
aglar neng pagelaran,
pra prajurit asowang munggeng ing ngayun,
ngaturaken bebandhangan,
sarta boyongan pawestri.

19. Kala prang dina Selasa,
tanggal ping nem Kaliwon kala jurit,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wulan Sawal Je kang taun,
Madiun bedhahira,
Jeng Pangeran rereb jro kitha Madiun,
bala samya pamondhokan,
atata para prajurit.

20. Injang sineba ing bala,
ingkang darbe nagri Madiun prapti,
anake Pangran Madiun,
kang rumiyin wus pejah,
Raden Sumadiija nenggih wastanipun,
lajeng katanem kewala,
ing Madiun kang negari.

21. Nulya kang darbe Magetan,
Jagaraga tumenggunge katuding,
muliya mring nagrinipun,
antara tigang dina,
Pangran Adipati mangkat sing Madiun,
marang nagri Pranaraga,
mangidul bala lumaris.

22. Nulya rereb Kapulangan,
sadalu enjing nulya lumaris,
taksih injing nulya rawuh,
ing kitha Pranaraga,
daweg tata kang abdi dereng acucul,
wadya aramya kang prapta,
punika ngaturi uning.

23. Yen kidul kilening kitha,
wonten mengsah tiyang ing Pranaragi,
ingkang tumut Sangu Prabu,
bala kathah kaplajar,
kang raramu punika sami binuru,
kagyat Pangeran Dipatya,
tengara bendhe gong beri.

24. Umangkat sawadyabala,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saking kitha ngidul ngetan lumaris,
lingsir kilen wayahipun,
padaleman jro kitha,
binesmenan sedáya tan wonten kantun.
Kanjeng Pangeran Dipatya,
sapraptanira ing jawi.

25. Wonten sajawining kitha,
aningali mengsah wong Pranaragi,
kang dadya titindhihipun,
Wasta den Sumabrata,
anakipun Suradiningrat karuhun,
kang pejah wonten ing Ngrana.
punika ingkang nindhihi.

26. Lajeng kabereg kewala,
mring kang bala Kanjeng Pangran Dipati,
anyander pabujungipun,
mengsah ngenthir lumajar,
ngantos dhateng ing ngardi wetan gen buru,
semana wong Pranaraga,
kacandhak tiga ngemasi.

27. Kanjeng Pangeran Dipatya,
kandheg dhusun winastanan Tegalsari,
arereb sabalanipun,
wasta dhusun Wanakarta,
mung sadalu injing bubar ngilen rawuh,
arereb ing Kasatriyan,
sakidul kitha miranti.

28. Kidul kilen Pranaraga,
masanggrahan sakidul lepen alit,
anulya kang rayi rawuh,
Pangran Mangkudiningrat,
sahabalane sowan kang raka sampun,
rumiyini kang dimita,
medal kidul Pranaragi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Lajeng pinutus kang raka,
anelasah mring mengsah Pranaragi,
umangkat sabalanipun,
Pangran Mangkudiningrat,
anelasah mengetan demugi gunung,
abubujung Surabrata,
dhusun ing Sombro wus prapti.

30. Pangeran Mangkudiningrat,
wangsul dhusun Sobro mangilen malih,
sarta babandhangan antuk,
gongsa lan kapal gangsal,
lajeng katur kang raka bandhanganipun,
Kanjeng Pangeran Dipatya,
mundur pupuh kang gumanti.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

0 (D U R M A)

1. Pangran Adipati aneng kasatriyan,
bumi ing Pranaragi,
kidul kilen kitha,
antara pitung dina,
angrerebaken turanggi,
neng kasatriyan,
nengna datan winarni.

2. Kawarnaa Susunan kang wonten Bancar,
sareng aturan uning,
yen Madiun bedhah,
Purwanegara pejah,
kang putra Pangran Dipau,
Anom lumajar,
ngungsi dhateng wanadri.

3. Lir sinipi dukane Sri Naranata,
kadya metuwa geni,
dandan sahabala,
sigra nembang tengara,
miranti wadya prajurit,
seksana mangkat,
saking Bancar Nrepati.

4. Jujur wana wangetan lampah Sang Nata,
sumedya nglanggar jurit,
marang ingkang putra,
Pangran Mangkunegara,
rakiten dalu lumaris,
leren sakedhap,
amakankan turanggi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. **Wektu rendheng bengawan ageng tur bena,**
saking panasing galih,
ingkang wadyabala,
sedaya angresula,
sa'bab lampahe Sang Aji,
nefod tan laryawan,
awis tan manggih bukti.

6. **Weneh kaliren sayah tan ana mangan,**
datan kawarna margi,
nenggih putra Nata,
Pangeran Adipatya,
Anem kapapag geng margi,
datan antara,
cundhuk lan Rama Aji.

7. **Tinangisan kang putra Sri Naranata,**
sedaya tan winarni,
lajeng Sri Narendra,
dening manca negara,
kang tumut Pangran Dipati,
bubar sedaya,
sumingkir mring wanadri.

8. **Sarta atur uninga Pangeran Adipatya,**
yen Susunan dhatengi,
Pangeran Dipatya,
kang wonten kasatriyan,
sareng aturan udani,
Pangran Dipatya
yen kang Rama dhatengi.

9. **Pan sedalu genira apirembagan,**
lan sagung ingkang abdi,
lan kang rayi Pangran,
Arya Mangkudiningrat,
Jayaningrat ing Metawis,
Sujanapura,
samya tinari-tari.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

10. Miwah ingkang apatiti Kudanawarsa,
myang kang para prajurit,
tan wonten wisesa,
sami ngareh kewala,
dherek sakarsane Gusti,
Pangran Dipatya,
langkung putek kang galih.

11. Pra prajurit pra mantri lebet kewala,
kang sepuh pan tinari,
ature tan beda,
sami narah ing karsa,
ing Gusti dhateng nglampahi,
kang pangandika,
Pangeran Adipati.

12. Yen mangkana batur kabeh aturira,
datan kena tinari,
anyarah kewala,
tan ana amisesa,
aperang lawan Kiyai,
pan pira bara,
bangga ing ajurit.

13. Pirang bara untap-untapa tan bara,
nanging pangrasa ati,
nadyan aku kalaha,
n anging wetaraning wang,
aprang kalawan Kiyai,
pangrasane wang,
Kyai tan kober cincing.

14. Sabab aku anekad sarta anderah,
batur kabeh sun tari,
yen tresna maring wang,
ingsung sedha ing Allah,
barenga mari lan marni,
saur kukila,
sedaya kang prajurit.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Amung mantri lebet dening kang para niyaka,
kendel kewran ing galih,
dhatan pahan tara,
riris barat kang prapta,
lepen kasatriyan alit,
banjir sekala,
tan kenging den sabrangi.

16. Ingkang mondhok sakilen kali Ksatriyan,
nabrang ngetan tan keni,
maksih kelen toya,
Pangran Mangkudiningrat,
lan Kudanawarsa patih,
sabalanira,
lan Janingrat Matawis.

17. Lan Sarageni poleng neng sakilen toya,
kelawan tiyang Bugis,
maksih kilen toya,
dene kang aneng wetan,
Janapura lan Srageni,
cemeng myang abang,
kang panumbak den kanthi.

18. Injing Pangran Dipati nembang tengara,
mantri jro wus arakit,
ingkang wadyabala,
angantos darnel sasak,
kang wonten kilening kali,
maksih tan obah,
kilen kali miranti.

19. Ingkang wetan taksih wonten wetan toya,
nanging sampun arakit,
ya ta kang winama,
lampahe Jeng Susunan,
rahina wengi lumaris,
Sri Nara Nata,
duka samargi-margi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Sarawuhe Susunan ing Pranaraga,
wadyane wus rinakit,
andharat sedaya,
samya angepung kitha,
denyana Pangran Dipati,
won ten ing kitha,
wusana kitha sepi.

21. Ngangah-angah cuwa manah Sri Narendra,
langkung pegel kang galih,
saya ngangah-angah,
sarta samarga-marga,
duka mring kang abdi-abdi
leren tan kena,
nulya wonten tur uninga.

22. Yen Pangeran Dipati Mangkunegara,
takyin sampun miranti,
wonten kidul kitha
neng dhusun Kasatriyan,
angandika Sri Bupati,
marang mas Rongga,
payo tatanen rakit.

23. Sira Rongga dadiya pangawak kanan,
sira ingkang nindhihi
mantri jro sedaya
lan si kulup Dipatya
Anom sabala prajurit
wong Jagasura
Nirbaya aia kari.

24. Lan Pangeran Pakuningrat sabalanya
kang tengen wus sarakit
kang pangawak kiwa,
Pangran Mangkukusuma
lan akanthiya si adhi
Pangran Bintara
sabalane lan malih.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

25. Jayaningrat Madaraka Wiradigda,
lan Pangran Hangabei
lan si Jayengrana,
law an Su ry an egara
pada adharata sami
kang jajaranan
Wirarana nindhihi.

26. Aneng wuri sakehe wong jajaranan
Wirarana nindhihi
Ingsun dadi dhadha
kapilih ngarsane wang
pinilih miwah wong Bah
sun pangku dhawah
kang ana wuri marni.

27. Suryanata kelawan wong nameng yuda,
gandhek Singanegari,
lan wong Nangkraknyana,
Sarageni sedaya
neng ngarsane wong pinilih
kathahing bala
angreb gebel delidir.

28. Rakit dharat apanthan-panthan lumampah
lir kang sela blekithi
bubul abra sinang
saking kathahing bala
lir segara tanpa tepi
pangucapira
sedaya padha kibir.

29. Pawestrine angucap aku ing benjang,
pasthi yen menang jurit,
acecewok kopyah,
ceneng ingsun ing benjang
panguntape kang prajurit
pasthi yen menang
amilihi turanggi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

30. Ana ngucapana milihi wanodya
kang ayu-ayu kuning
kocap ing carita
Pangeran Adipatya
akathah kang para selir
lajeng lelampah
Sun an lan kang prajurit.

31. Angreb muntab golong golongan atata,
gendera warni-warni
lir peksi raratyan
wau Pangran Dipatya
lan kang abdi pra prajurit
wonten Satriyan
wus prayitneng ing jurit.

32. Sampun medal saking pamondhokan ira,
sabalane prajurit
sampun dandan sasak
kang wonten wetan toya
maksih tata kilen kali
kang wetan toya
maksih neng wetan kali.

33. Yen Pangeran Dipadi neng wetan toya
datan antara nuli
medal Kasunanan
amyang sampun katingal
muntab lir prawata geni
lir wardu wangga
surak samargi-margi.

34. Pangran Adipati kuwur ingkang man ah
nulya kang para rabi
kinen nabrang sasak
ngidul lajeng minggaha
pan angilen pinggir ardi
pan sareng mangkat,
lan Pangran Adipati.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

35. Anindhihi gegaman kang wetan toya,
pangran Dipati watir
mring kang para garwa
maksih celak lampahnya
mengsah sampun ngawet sami
seksana nabrang
sasak sakilen kah.

36. Sampun nabrang sakilen lepen wus prapta
sawingking Sarageni
Poleng pernahira
kaparing padhusunan
kang wekas kilen ngenggeni
Kanjeng Pangeran
mangkudiningrat malih.

37. Wetanipun Jayaningrat ing Metaram
sawetanipun malih
patih Danawarsa
sabalane wus tata
wetan pisan Sarageni
Poleng wus tata
samya gambireng jurit.

38. Pangawate kang kiwa wong Kasunanan
sampun cam puh ing jurit
wong Mangkunegaran
Tumenggung Janapura
lan Srageni ijo ngarsi
tarung senjata
jurit let lepen banjir.

39. Sampun wetaning lepen sakilen toya
medal dharat kapilih
pilih pinilih jra
lan Srageni ing ngarsa
ngandika Sri Narapati
Srageni abang
iku tempuhna jurit.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

40. Yekti ana kono si Suryokusuma
sabrangana tumuli
wong Bali umangsah
kapilih pinilihan
pan sinongga denirig bedhil
meksa nerajang
sedaya gebyur kali.

41. Wadya Mangkunegaran Srageni abang
cemeng samya ngunduri
binujung m angetan
kang mujung samya dharat
undure maksih bedhili
sami kapalah
kang bujung dharat sami.

42. Kasunanan pangawat kiwa nrenrajang
sareng nempuh ngajurit
Pangran Mangkudiningrai
Janingrat Dan aw arsa
sabalane anadhahi
campuh ing yuda
dharat mengsah turanggi.

43. Tarung bedhil nginggil kapal lawan dharat,
kang dharat ngamuk wani
Pangran Mangkudiningrat
Danawarsa Janingrat
anangga samya angisis
sami lumaywa
wong dharat bujung jurit.

44. Srageni Poleng Bugis aprang pan lumajar
pan samya nolih-nolih
sarta anyenjata
wau niyaka tiga
lumayu datan anulih
asalang tunjang
lumayu rebut dhingin.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

45. Dyan Pangeran Dipati Mangkunegara
iklas manah kang wening
tan ana katingal
nanging Allah kang mulya
ngandika Pangran Dipati
prajurit ingwang
wong jero para mantri.

46. Alah payo padha pasraha ing Allah
payo barenga mati
akuja selaya
sami matur sandika
sarta pratandha tinarik
nginggil turongga
majeng sarta ngaloki.

47. Anglir mendhung kang mantri wus tata
sami prayitneng jurit
pan angamuk rampak
sami sudireng ing prang
kang katrajang akeh mati
lir singa lodra
angamul golong pipis.

48. Jeng Pangeran Dipati Mangkunegara
anindhihi ajurit
mangamuk lan nyakra
gadhewanya lir kilat
antuk pitulung Hyang Widi
mengsah keh pejah
larut tan mangga pulih.

49. Pangran Mangkudiningrat lan Jayaningrat,
lawan Kudanawarsi
kang sami lumajar
wangsul malih ngayuda
Prawirarana nadhahi
campuh samya turanggi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

50. Tan anangga Pangeran Mangkudiningrat
samya lumajeng malih
Janingrat lumajar
Danawarsa lumaywa
Prawirarana nututi
bujung ing yuda
dadya Pangran Dipati.

51. Tan derana Pangeran Dipati mangsah
nander tulung pribadi
pan atilar bala
mapagen Wirarana
binestul Pangran Dipati
Prawirarana
tatu pupunya giris.

52. Dyan lumajar sabature asas aran
dyan Pangeran Dipati
tan amawi bala
mobat-mabit ngayuda
angsal pitulung Hyang Widi
mungsuh keh pejah
larut sedaya ngisis.

53. Balanipun Susunan kang pejah ngrana
gangsal tatu kang mati
prajurit kewala
malah saged langkunga
kang bala lumayu jurit
Mangkunegaran
kang lumayu wus bali.

54. Kang prajurit mantri jro Jayaprameya
semana nandhang kanin
Jeng Pangran Dipatya
pramila tan uninga
tinilar kala nulungi
mring Wirarana
saking ramening jurit.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

55. Sadhadhale wadya kang pangawak kiwa
Sunan duka tan sipi
majeng ngamuk yuda
lawan wong Jagasura
wong Jagabaya akanthi
lan Suryanata
tinindhihan Nerpati.

56. Matur lulut lawan wong Singanegara
gandhek lawan pinilih
kang wus nabrang ngetan
wong pinilih ngandika
saundure ngilen sami
pan tinututan
dening wong Sarageni.

57. Wantuning wong dharat kinadol ing kapal
sayah dennya lumarìs
yen arsa anumbak
ingoncatan ing yuda
winales nulya binedhil
kathah kang pejah
weneh sayah andhelik.

58. Nora kongsi anabrang sakilen toya
pan gawat dadi siji
wus kumpul Sang Nata
anggrebeg Narendra
wong Suryanata ajurit
angamuk dharat
den oncati tan polih.

59. Pan abedhil sedaya luput kewala
binedhil samya keni
yen tumbak tan angsal
yen tinumbak pralaya
Susunan geger tan angling
wetawisira,
balanira kang kari.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

60. Kalih atus kirang langkung tan akathah
nulya ingkang prajurit
wong Mangkunegaran
kang wonten sabrang wetan
ingkang lumaywa wus prapti
kumpul sedaya
ingkang para prajurit.

61. Ingkang ngasta tengen Pangeran Dipatya
cape jinejak bedhil
tan bisa gulawat
mung parentali kewala
mobat-mabit mring prajurit
payo mangsaha
aja na ngucap ajrih.

62. Sunan lir wong binayang kari semana
sarta dipun bedhili
gen prang lingsir wetan
ngantos dumugi Asar
sunan kinalang ing jurit
tu sinurakan
dangu-dangu anuli.

63. Pangran Mangkukusuma kang kaprawasa
pan tatù dening mimis
ingkang anyenjata
warta Jayawiguna
anulya lajeng ngemasi
Kanjeng Susunan
kang manah saya miris.

64. Sarta lambening kuda Sri Naranata
kabrebed dening mimis
nulya Sri Narendra
lumajang tilar bala
binujung dening turanggi
wong Kasunanan
sangsaya kathah mati.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

65. Kang saweneh matikagebyur ing toya
bengawan Pranaragi
gennya campuh yuda
wanci pecat rakitan
Susunan sareng kajodhi
pan tambur Asar
suh sirna larut hening.

66. Sirna gempang larut baiane kang rama
pinelak ing turanggi
kagebyur ing toya
saya kathah kang pejah
Kanjeng Pangeran Dipatl
kalangkung suka
unggul genira jurit.

67. Ana dening patine Suraprameya
kacandhak gen lumaris
pan sampun lumajar
kinen nutut tan kena
ngamuk kinepung prajurit
nyampang curiga
lajeng dipun pejahi.

68. Duk kaperang Jumuwah Kaliwon injang
wanci ing pecat rakit
tanggal ping nembelas
nuju ing wulan Sawal
tahun Je den sengkalani
Gajah Tu'rongga Angobahaken Bumi.

69. Bala Kadipaten kang tatù kathahnya
sanga likur winilis
mung pejah titiga
siji Jayaprameya
dening baiane Sang Aji
kang pejah ngrana
nematus winetawis.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

70. Sanes ingkang pejah kagebyur ing toya
sartane ingkang kanin
katututan pejah
sedaya sangang dasa
pan nanging kirang kakalih
kacepeng gesang
kang teluk tan kawilis.

71. Jeng Pangeran Dipati Mangkunegara
sakawane Rama Ji
kandheg pambujung ira
mila kandheg semana
tan sedya mengsah Nrepati
lahir batinnya
amut-martuwa Aji.

72. Tan angipi sedya mungsuhan kang Rama
yen den lajengna ugi
ing pabujungira
kadi Sunan kacandhak
Kanjeng Pangeran Dipati
enget ing driya
lahir tumekeng batin.

73. Layonipun kang Paman Mangkukusuma
wus kinen angresiki
kinen lajengena
mring Metaram pinetak
sakehe bandhangan sami
wus kapendhetan
dening para prajurit.

74. Kathah angsal bandhangan kang beboyongan
pawestri kang sapalih
pinendhet piyambak
mring kang angsal boyongan
sapalih katur ing Gusti
ingkang butamal
pinendhetan pribadi.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

75. Ingkang ngasta tengen Pangeran Dipatya
cape kala ajurit
kang jejek senjata
kestul panandres munya
Kanjeng Pangeran Dipati
lumajeng wana
bumi Magetan ngungsi.

76. Ginitikan maring wong bumi semana
darbeke den pendheti
sampunnya mengkana
nusul dhateng kang rama,
sampune gennya ajurit
pan tambur asar
lan udan riwis-riwis.

77. Rereb ngara-ara sawetan Bengawan
Pangeran Adipati
baiane kang rama
ingkang kecepeng gesang
sedaya ngapunten sami
wus kaluwaran
wong Jaya lan wong Bali.

78. Miwah mantri samya ingingu sedaya
sami den supatani
anake Dipatya
Janingrat Pakalongan
kabandhang anake estri
aran Marliyah
anglir kang madu gendhis.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

P. (DHANDHANGGULA)

1. Nulya Kanjeng Pangeran Dipati
kandheg arereb ing ara-ara
saler Demung sabalane
akekadhar sedalu
injing budhal mangidul malih
rereb kidul pradesan
wastane ing Demung
sadalu enjinge budhal
nulya rereb dhusun ing Ngunut salatri
enjing anulya budhal.

2. Sahabala masanggrahan sami
dhusun Tulung ngumpulken boyongan
myang bandhangan sawarnine
arsa anjunjung lungguh
para mantri miwah prajurit
kalayan aputusan
mring Deller sung weruh.
sarta nimbali Pangeran
Purubaya Suramangunjaya sami
kalawan Wiranata.

3. Resajiwa mapan datan kari
katim balan sarta aputusan
mring Eyang Ratu Ibune
Ibunipun Sang Prabu
lan nimbali manca negari
sawetane ing arga
Wilis ponang gunung

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan nimbali Jeng Pangeran
Prabu Jaka ijem ingkang Sarageni
kalawan wong tamtama

4. Duksemana kautusan ngusir
marang Sutawirya ing Kaduwang
Srageni lan tamtamane
lampah ira alajú
minggah Gendhol ing Lawu ngardi
ngardi Lawu iringnya
Gendhol wastanipun
samya angsal babandhangan
gong sekawan katur Pangran Adipati
neng Tulung pasanggrahan.

5. Saben ari anata prajurit
wonten Tulung pan patbelas dina
nulya budhal sabalane
ngidul ngetan lumaku
wangsul dhateng ing Pranaragi
prapta wetaning kitha
dhusun Tegalsantun
masanggrahan wonten Karta
tuan Deller angaturi obat mimis
kalih etong Semarang.

6. Katur Kanjeng Pangran Adipati
anggur lan mawis kalih gotongan
sampun katur sedayane
suka sajroning kalbu
nulya wonten putusan prapti
Brahimwiranegara
ing Malang cumundhuk
papatihipun kang prapta
mbekta rencang kalih dasa atur bekti
katur Pangran Dipatya.

7. Nunten katolak mantuk tumuli
patih ing Malang pan binusanan

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sarta pinisalin kabeh
kelambi nyamping dhuwung
marang Kanjeng Pangeran Dipati
sarta Wiranegara
kapatedhan sabuk
sasaput rati kencana
lan kaparing dhuwung saput kajeng singgih
inggih sruwa kencana.

8. **Bupatine Madiun tinuding**
kang ngawasta raden Sumadiija
Jeng Gusti pangandikane
lumakua sun tuduh
angeriga manca negali
kang bang wetan sedaya
aja no kang kantun
lan mantri jro nindhihana
mantri siji iya si Jayapangrangin
Sumodirja wot Sekar.

9. **Dyan papatih Kadhiri kang prapti**
pan awasta Tumenggung Katawengan
sarta lawan pangulune
utusan sampun katur
marang Kanjeng Pangran Dipati
ingkang angirid sow an
nenggih ab dinipun
Kanjeng Pangran Adipatya
wasta Tandhawijaya ingkang angirid
angaturken prasetya.

10. **Katawengan sarta atur bekti**
kuda lawan ukiran kencana
tan tinarima ature,
nulya wonten kang cundhuk
ing Kalangket ing rawa prapti
sowan Pangran Dipatya
lan sabalanipun
sarta ngaturken prasetya

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan katrima ing Kangjeng Pangran Dipati
pan kinula wisudha.

11. Nunten Pangran Purbaya kang prapti
lan Tumenggung Suramangunjaya
kalawan sapanekare
kang katimbalan karuhun
sowan ngarsa Pangran Dipati
pepek para punggawa
andher munggeng ngayun
nulya raden Sumadiija
ing Madiun sesarengan lagya prapti
bekta manca negara.

12. Sampun prapta ngajengan watsari
sigra matur raden Sumadiija
pranata atur sembahe
amba tuwan ingutus
animbali manca negari
ing bang wetan sedaya
ing mangke pan sampun
ingkang sowan ing panduka
Kartasana ngebleg Pace ing Carubin
katura ing paduka.

13. Pangran Dipati ngandika aris
sun tarima kakang laku nira
nanging karsaning sun mangke
nama nira sun pundhut
Sumadiija pan ingsun alih
jumenenga pangeran
Mangkudipureku
mupakat para niyaka
amarengi Garbeg Besar Senen Pahing
taune Je semana.

14. Sareng Sujanapura ingalih
kapatedhan Menggung Pringgalaya
sarta kasukan ararne

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

teledhek dhahar nginum
pan sadina nutug sawengi
laminya masanggrahan
Tegalsari wau
sampun kawandasa dina
sarta ngumpulaken kang titiyang Bali
piniliyan samana.

15. Pan kinarya kang prajurit Bali
winoraken lan wong Gulang-gulang
Pangran Dipati lamine
masanggrahan ning ngriku
para nata neng Tegalsari
tan dhahar sekul ulam
tan pegat anayub
akasukan teledhekan
bebedhayan lingsene acegah guling
lawan angunggar bala.

16. Pangran Dipati Mangkunegari
Senopati nglana adigdaya
ing aprang pilih tandhinge
ingkang cahya umancur
widigdaya prawireng jurit
wi mbuh manah satunggal
limpad setya tuhu
apracaya ing prawira
sabda giri ingkang saya luluta sih
kadhep ing bala-bala.

17. Wisik ing rat pracaya ing galih
sipat kaharpan suka kawiryan
ndhagi barang tingkahe
bisa nigas anambung
ing prakosa sampun ngenteni
ywa ulah kirdaningrat
sedaya kawengku
ingaguna-amiguna
wruhing sabda baya kalawan basuki
lir kang wreksa cendana.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

18. Lir baskara anerus áwening
kilang juruh andres pinasthika
tur wignya nata baiane
Surasa sabiyantu
andyaning digdaya sami
wruh saingering jagat
jaga-jageng nglangut
prayoga pagut ing naia
wadyabala sumuyud samya lumiring
prawira tur digdaya.

19. Nulya umangkat Pangran Dipati
saking Tegalsari sahabala
ing Senen Wage dinane,
pitulas tanggalipun
sasi Besar ngilen lumaris
taksih Eje kang warsa
swaranya gumuruh
pra.garwa putra binekta
ngaler ngilen arsa anjog Sokawati
arerep masanggrahan.

20. Wonten dhusun Semampir salatri
injang budhal rawuh masanggrahan
padhusunan sabalane
Katapelan sadalu
enjing budhal arereb malih
dhusun Pakuwon karan
rereb kalih dalu
nulya ingkang duta prapta
kang kautus dhateng Ideller rumiyin
neng marga gennya prapta.

21. Malang sumirang kelawan malih
demang Karanganyar ingkang prapta
akathah angsal-angsale
sangkelat bang lan wungu
lan baludru ijo lan kuning
rasukan striwel landa

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sae kancingipun
anenggih kancing toyamas
sarta angsal hermawar ingkang kakirim
saking Ideller Semarang.

22. Dening rasukan cara Welandi
kikintune Susunan ing Sala
lawan surat kikintune
sedaya sampun katur
nulya Kanjeng Pangran Dipati
enjing tengara mangkat
sadina lelaku
dusun Sengon masanggrahan
mung sadalu enjing mangkat rereb malih
ing Lencong masanggrahan.

23. Injing umangkat arereb malih
dhusun Murong nenggih pitung dina
nulya mangkat sabalane
amasanggrahan Tugu
tanggal pisan Sura kang sasi
Akad Pahing dinanya
Edal taunipun
nulya wonten dhuta prapta
saking ingkang Eyang Ratu Ibu nenggih
wasta pun Nagayuda.

24. Wirapraya lan punika malih
saestu kautus amundhut surat
pepenedaning lampahe
mring kang wayah wus katur
tinupiksa kang punang tulis
mring Pangran Adipatya
punang dhuta wau
sampun ing angsulan serat
ngaturaken marang kang Eyang kang tulis
duta sampun lumepas.

25. Dinten Rebo Kaliwon anuli

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tanggal ping pat Srageni kang kesah
lawan wong Bugis kanthine
samya kesah raramu
lan Narahan samya tut wingking
nabrang saler bengawan
kapapag ing mungsuh
balanira jeng Susunan
wong Ngarahan pan aprang lumajeng sami
lumayu salang tunjang.

26. Srageni Poleng lawan wong Bugis
menang prange kang mengsah lumajar
pejah siji wong Polenge
siji anandhang tatu
ingkang mengsah pejah satunggil
ingkang tatu tan ketang
bebandhangan antuk
senjata karben pan gangsal
nulya dhateng Tumenggung Secanegari
kang tumut Jeng Susunan.

27. Sowan cunduk ing Pangran Dipati
sarta atur kang dhuwung tinatah
saput ratri lan malihe
turangga ules dhawuk
nulya wonten utusan prapti
saking nagri Pamalang
Wiranegareku
papatihe kang dinuta
atur surat dhumateng Pangran Dipati
Harya Mangkuriegara.

28. Wus kacipta sasmitaning tulis
wiyose raden Wiranegara
anuwun nagri karsane
nenggih kang dipun suwun
sawetane ing ngardi Wilis
nagri wetan sedaya
kawula kang mengku

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

semana Pangran Dipatya
pan tinanggel ature Wiranegan
nulya ingkang putusan.

29. Tinundhung sarta binektan tulis
mapan sarwi Jeng Pangran utusan
asareng aputusane
mring bang wetan anandur
ing sarengan Secanegari
kinen angumpulena
wong Surabayeku
kang neng Kadhiri semana
saanake kumpula wong Surawesthi
surat kang rama prapta.

30. Pangran Dipati ngangsuli tulis
mring kang rama Susunan semana
angantep barang karsane
nenggih ingkang pinutus
kabayane wong Sarageni
abang ireng kanthinya
kabayan Merangge
lan kabayan Perangtandang
lawan malih Singamenggala pawestri
sedaya tan winarna.

31. Sawangsule kabektanan tulis
mring susunan dhateng ingkang putra
sarta lawan putusane
pun Driyamenggaleku
karsanipun Sri Sarapati
apasrah ingkang putra
datan tumut-tumut
apasrah saliring l^arya
pasrah nagri mring putra Pangran Dipati
karsane ingkang rama.

32. Ingkang putra bubara tumuli
angrebuta negara Metaram

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang Rama kala careme
lan kang putra apatut
sasi Sura Edal kang warsi
Kanjeng Pangran Dipatya
kang saguh angrebut
pan negari ing Metaram
mring kang rama sarta aputusan malih
sarta atur nuwala.

33. Pan sandika kapasrahan nagri
kang kautus pun Singamenggala
angaturaken surate
kanthi kabayan agung
Sarageni Ijem lan mahh
Poleng kabayan ira
tamtama lumaku
manganggo Bugis kabayan
laminira sadasa dalu dyan prapti
mring kang rama Susunan.

34. Langkung suka kang rama Nrepati
ingkang rama Kanjeng Sri Narendra
Pangran Dipati baiane
mantri para Tumenggung
samya suka sedaya sami
nulya Pangran Dipatya
aputusan ngidul
animbali para garwa
ingkang wonten dhusun Kebon amiranti
methuka Sumareja.

35. Kairingna ingkang para mantri
mantri jajar bang wetan sedaya
ana dene titindhihe
si Japralima iku
dyan umangkat Jumuwah Pahing,
tanggal pitulikurnya
Senen Pon dineku
Welandi Kestabel prapta

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tanggal wolulikur ing Sura kang sasi
cundhuk saking ing Sala.

36. Injing tengara Pangran Dipati
mangkat saking Tugu pasanggrahan
ngidul sawadyabalane
gen masanggrahan Tugu
laminira Pangran Dipati
sasasi laminira
masanggrahan Tugu
budhal marang Sumoreja
dina Senen Manis ing pasar kang sasi
nuju tanggal sapisan.

37. Tahun Edal dipun sengkalani
Trus Pandhita Ngobahaken Jagat
saking Tugu duk angkate
Srageni munggeng ngayun
abang cemeng poleng akanthi
ijem myang perang tandang
meranggo kang lawung
wong Bugis lan Tamtama
Sarageni lampahe pinggir benawi
dhusun ing Kasampangan.

38. Caketing lajeng sampun rinampid
dyan pinapag prang neng Kasampangan
wong Jawa Bugis Baline
Kumpeni tindhihipun
pan sakawan nindhihi jurit
prang wetan Kasampangan
menang yudanipun
wong Mangkunegaran menang
wong ing Sala akathah ingkang ngemasi
Welanda pejah satunggal.

39. Sarageni lan Numbak kang mati
pejah gangsal ingkang tatú gangsal
wong Sala lumayu kabeh

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Bugis Bali lumayu
Kasampangan dipun lebeti
sawarnine kang wisma
Srageni lumebu
kang nindhihi ing ngayuda
mantri lebet Jaya liyangan satunggil
kalih Jayaprayitna.

40. Wong Kumpeni kang wonten ing ngloji
anggontori mariyem lirgerah
saking ler kilen pernahè
Kasampangan wus bubar
den besmeni wong Sarageni
wong Kumpeni nyenjata
saking sabrang bantu
Srageni mundur lon-lonan
wangsul ngetan sowan mring Pangran Dipati
sareng surup praptanya.

41. Dening Kanjeng Pangeran Dipati
masanggrahan dhusun Wanasraya
sad'alu nulya enjinge
bubar lampah mangidul
medal wetan Sala lumaris
.caket lojiing Sala
sawetaning banyu
kang pinggir pan sinenjata
ing mariyem Kumpeni Sala ing loji
nanging eca lumampah.

42. Lajeng ngidul Pangeran Dipati
masanggrahan dhusun Pakatakan
sadalu nulya enjinge
bubar sabalinipun
lajeng ngidul ngetan lumaris
dyan putra para garwa
kapanggih delanggung
sarta kalawan kang Eyang
kang ngandikan kapanggih neng Tambakbanggi
sakiduling bengawan.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

43. Lajeng rereb Pangeran Dipati
sahabala wonten Tambakbaya
mung kalih dalu lamine
enjang tengara umyung
mangkat ngilen bala lumaris
lajeng mring Sumareja
sadinten dyan rawUh
masanggrahan Sumareja
rawuh dina Jumungah Kaliwon uni
Sapar tanggal ping gangsal.

44. Nulya wonten utusan kang prapti
utusane kang rama Susunan
katur bedhaya lampahe
pun Sampet wastanipun
katur Kanjeng Pangran Dipati
semana Jeng Pangeran
cangkrangen grahipun
awor panastis semana
Septu manis ponang bedhaya duk prapti
malih bedhaya prapta.

45. Saking Sutawirya pan satunggil
nulya Sunan matehani serat
nulya Pangran Dipatine
ngangsuli serat sampun
nulya Kanjeng Pangran Dipati
ingkang rayi dinuta
anglanggar anglurug
ya marang Surawijaya
ingkang wonten ing Kathithang gennya baris
Pangran Mangkudiningrat.

46. Sareng malih wonten kang tinuding
bupatine nagri Jagaraga
Tirtayuda kakasihe
lan Ranadipureku
lawan Kartadirja lan malih
rahaden Semaningrat

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Magetan tinuduh
sedaya sami dinuta
marang Sokawati anglanggar ajurit
Wirarana neng Keija.

47. Pangran Mangkudiningrat dyan prapti
wangsul-malih marang Sumareja
sampun katur ing lampahe
Pangran Dipati wau
aputusan akintun tulis
marang Deller Semarang
nenggih kang pinutus
mantri lebet Jawiruna
Jawiruna ing dina Kemis lumaris
ing tanggal salawe prah.

48. Welandine Pangeran Dipati
minggat marang baris Perambanan
Welandi tiga rewange
wonten Welandi cundhuk
saking Perambanan satunggil
katur Pangran Dipatya
Welandi kang nungkul
kang ngaturken wastanira
duk semana ki Sastrasemita carik
aneng Kusumareja.

49. Nulya Kanjeng Pangeran Dipati
pan akarya rakit padaleman
kinendha alun-alune
pager rajeg angepung
sami wonten lebet prajurit
yen dalu pukul sapta
tutup pintunipun
datan keni tiyang liwat
lamun enjing pukul nem menga kang kori
aneng Kusumareja.

50. Dening Welandi maksih abaris

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ngardi Gamping nagri ing Metarani
lan bans Perambanae
Keber pangagengipun
Perambanan wadya kumpeni
sing serat sineratan
semana lumin tu
eca ingecanan serat
pun kapitan Sakeber Prambanan baris
sring serat sineratan.

51 Lan kang pepatili Pangran Dipati
kang anama ki Kudanawarsa
asring dhateng putusane
seratan wongsal-wangsul
dening Kanjeng Pangran Dipati
aneng Kusumareja
pan asring anayub
angenggar m anahing bala
dhahar nginum lan sagung kang abdi-abdi
sen tana myang punggawa.

52. Sarta milihi ing wong prajurit
ageng-ageng wasta gulang-gulang
pan kawan dasa kathahe
dodote poleng patut
genderane poleng tulya sri
angagem waos sulam
pan sedayanipun
rasukan kotang sangkelat
kayu apu sami iket sutra kuning
rinayat ingonira.

53. Saben sonten pepek ngarsa Gusti
munggeng ngarsane Pangra Dipatya
kinula wisudha kabeh
dinadar leler tuwuk
nulya ingkang putra kang rayi
Pangran Mangkudiningrat
nenggih sunatipun

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ping pitulikur kang tanggal
nguyu-uyu ing sasi Rabiyulakir
semana tahun Edal.

54. Ingkang raka semana nindaki
mring daleme kang rayi kasukan
urmat senjata ararne
barondongan gumrudug
sakundure Pangran Dipati
saking Pakuningratan
akasukan nayub,
lan sagung para punggawa
neng mendhapi pepekan sagung prajurit
kasmaran kang tumingal.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Q. (ASMARADANA)

1. Sadina bubar ing wengi
   nutug gennya andrawina
   pra punggawa mulih kabeh
   Kanjeng Pangeran Dipatya
   andón pulang asmara
   lan pra selir garwanipun
   anulya wau semana.

2. Jayawiruna tinuding
   rumiyin marang Semarang
   datan antara lampahe
   Ki Jayawiruna prapta
   sarta bekta nuwala
   mring Pangran Dipati katur
   surat Deller ing Semarang.

3. Wus kacipta punang tulis
   sasmitane tan winarna
   anulya putusan malih
   marang Ideller Semarang
   surat sarta kintunan
   panah sagendhewanipun
   sarakit ingkang turangga

4. Marang Ideller Semawis
   anenggih ingkang dinuta
   mantri lebet kakasihe
   miji pun Jayaliyangan
   kalih Jayapralaga

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jayawiruna malih tumut
mangkat saking Sumareja.

5. Lampahe datan winarni
anggenti kang kocapa
ingkang paman winiraos
ing Kadhiri enggenira
Pangeran Prabu Jaka
dhateng kang putusanipun
anenggih ngaturi serat.

6. Katur Pangran Dipati
yen tiyang kanjeng bang wetan
ing Kadhiri panggenan
sedaya ingkang tinedha
sarta atur uninga
yen wonten putusan rawuh
saking nagri Belambangan.

7. Sami angraosing galih
tetiyang ing Belambangan
arsa atuwuh yudane
semana Pangran Dipatya
anglilani ing karsa
duta pan sampun tinundhung
sarta binektanan surat.

8. Anulya malih winarni
wadyabalane kang rama
Susunan majeng baiane
wonten bumi Sokawatya
dhusuning Kawadungan
anarub aken wong dhusun
wong Sokawati sedaya.

9. Sayektine balenjaning
kang rama Kanjeng Susunan
angoncati andikane
ingkang dhateng ingkang putra

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring Pangeran Dipatya
pangandhikane rumuhun
anganggur tan munasika.

10. Wesana amadeg bans
nelukaken Sokawatya
Pangran Dipati karsane
aparentah wadyabala
sadandanan ngayuda
bupati ingkang tinuduh
anglumg mring Sokawatya

11. Pra tumenggung kang lumaris
tumenggung Ranadipura
kalawan malih kanthine
Ki Tumenggung Cakrajaya
Tumenggung Ranadirja
mantri ka Magetan tumut
sapanegare sedaya.

12. Kang bala Susunan malih
awasta Surawijaya
medal kilen nanibake
kang tumut ing bawahira
Pangran Mangkudiningrat
anulya siyaga gupuh
Pangeran Mangkudiningrat.

13. Balane ingkang tinuding
Tumenggung Jayasundirga
tan winarna ing lampahe
prajurit Mangkudiningrat
sampun prapta ing ngrana
Jayasundirga wus campuh
kalih pun Surawijaya

14. Jayasudarga kalindhih
sabalane pan lumajar
katimbalan sakancane

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

marang ing Kusumareja
sampun prapta sedaya
sedaya datan winuwus
nulya wonten ingkang prapta. .

15. Tumenggung ing Jagaragi
ingkang ngaturi uniipfg g u w sfidraai ìsisqnM .0
yen Pangran Dipati Anem
kelawan Pangran Bintara . ; ! ; -
mangetan sahabala
lampahe sumedya gempur
lawan wong mancanegara

16. Dyan Pangeran Adipati
ngundhangi kang wadyabala
mancanegara sakehe
tinuding samya ngluruga
sarta nguninganana
sawarnine pra tumenggung .
lampahe Pangran Bintara.

17. Dening Susunan kang warti
wonten satengahing wana
ardi Kendheng Panggenane
dhusun Tambak ira baya
Pangeran Adipatya
pirembagan balanipun
amrih prayoganing lampah.

18. Rembag ingkang baia sami
angraos dipun karenah
mring kang rama salampahe
kaping kalih pra punggawa
ingkang samya mangetan
ngraos watir lampahipun
ature para punggawa.

19. Suwawi kula aturi
Gusti tindakan priyongga

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anarengi lampahe
Gusti ing rama panduka
Pangeran Adipatya
kalulun ing aturipun
para Tumenggung sedaya.

20. Mupakat rembag wus gilig
dyan Pangeran Adipatya
ingundhangan sabalane
dandan arsa umangkata
saking Kusumareja
wus dandan sawadya agung
anulya tengara budhal.

21. Kanjeng Pangeran Dipati
mangkat saking Somareja
ing Jumungah Kaliwone
nuju tanggal kawanwelas
punang sasi semana
ing Rabiyulakiripun
tahun Dal pan sinengkalan.

22. Trus Pandhita Obah Bumi
anulya amasanggrahan
dhusun ing Soka wastane
arereb sawadyabala
sadalu enjingira
ponang putusan kang rawuh
saking nagri ing Semarang.

23. Jayaliyangan malih
Japerlana Jawiruna
prapta ngajengan lampahe
sarta kabektanan surat
saking Deller Semarang
punang surat sampun katur
ing Kanjeng Pangran Dipatya.

24. Lampahing duta kang prapti

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

angraos tan angsal karya
tansah den ecani wae
marang Ideller Semarang
dyan Pangran Adipatya
lajeng ngetan lampahipun
rereb dhusun Kateguwan.

25. Sadalu enjing lumaris
rereb dhusun Kalengisan
kalih dalu enjing bodhol
rereb mulur kalih dina
enjing wonten kang prapta
Juleksana wastanipun
sarta ngaturken bebestan.

2.6. Tiyang kramaning Matesih
titiga sami kabasta
sampun katur sahature
tiga pisan sinapura
sarta sinupatanan
sinapura dosanipun
ing Gusti Pangran Dipatya.

27. Kanjeng Pangeran Dipati
enjing anembang tengara
nulya budhal sabalane
rereb Suruh pakuthungan
enjing duta kang prapta
saking Pangeran Madiun
sarta ngaturi nuwala.

28. Wiyos ngaturi udani
ing Gusti Pangran dipatya
nenggih ing mangke lampahe
sakancanipun sedaya
sampun campuh ing yuda
ing Keija enggene campuh
Brajamusthi lan mas Rongga.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. Menang genipun ajurit
wong Kasunanan lumajar
kasaput dalu lampahe
mila kendhel sarta jawah
Pangran Mangkudipura
lampahipun samya maju
lan sagung mancanegara.

30. Kendel wonten Jagaragi
bupati ingkang tinilar
ing Sokawati enggone
kelawan sabalanira
menggung Ranadipura
Ki Cakrajaya Tumenggung
lan Tumenggung Kertadiija.

31. Ngumpulken wong Sokawati
dening para mantri jajar
sakawan nenggih wastane
ing Gembong lawan Sesedhah
lan demang Karanganyar
lawan mantri Jatisantu
kinon ngantuni Sesedhah.

32. Mantri sekawan wus prapti
wonten dhusun ing Sesedhah
nulya Rongga sabalane
Brajamusthi kanthinira
semana lampah ira
minger ngilen dyan mangidul
sumedya nggitik Sesedhah.

33. Rangga lawan Brajamusthi
lajeng campuh ing ngayuda
sapih maesa yudane
nabrang mangilen mas Rongga
sakilening bengawan
Pangran Dipati kawuwus
ingkang lagya lelampah.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. Lajeng mangaler lumaris
sadina gennya lelampah
nulya rereb sabalane
ing wana Sepuh wastanya
asri agegamelan
riringgitan cara wangsui
Pangran Dipati putusan.

35. Gandhek kakalih tinuding
sarta amawi nuwala
asuka wikan lampahe
mring uprup Welandi Sala
lampahe tan winarna
gandhek kakalih wus rawuh
sarta kabektanan surat.

36. Uprup Sala atur tulis
sarta akintun inuman
kalih gotongan kathahe
katur mring Pangran Dipatya
dalu tansah riringgitan
nulya dinten Kemisipun
pra mantri jawi sedaya.

37. Kinen umangkat rumiyin
kinen rebat baita
Bengawan Sokawatine
lan sagung manca negara
padha rebuta palwa
wong Paserenan ja kantun
padha saosa baita.

38. Kanjeng Pangran Adipati
rereb aneng alas tnwa
anenggih ing an tarane
amung kalih welas dina
injing tengara budhal
pingkalih ing tanggalipun
ing sasi Jumadilawal.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

39. Pangran Dipati lumaris
rereb pinggiring Bengawan
Kujang wastane desane
bala adandan baita
benawi geng tur bena
wadya lit nabrang rumiihun
kathah pejah kercm toya.

40. Cina pejah kerem siji
turongga akathah pejah
Pangran Dipati nabrange
prapta sa eler Bengawan
sawadya balani ra
rereb ka Tandheyan butuh
ngreremaken kalih dina.

41. Duk semana pan anuli
nulya wonten duta prapta
saking Sakeber surate
Welandi ing Perambanan
ingkang ngaturi surat
punang surat sigra katur
ing Kanjeng Pangran Dipatya.

42. Wiyose ngaturi uni
yen Kumpeni bantu prapta
sarta lan Bugis Bai ine
Welandi pan kawan dasa
wasta Kapitan Songrat
kalih atus Bugis wangsul
kakalih Kapitan Islam.

43. Selamet Kapitan Trahi
ing Marbung gennya barisan
wong Jawa tumut barise
sigra Pangran Dipatya
angangsuli nuwala
mring Sakeber suratipun
kang punang duta lumepas.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. Ingkang tinanggenah wuri
Mantri tengga Sumareja
Jayawikrama namane
kelawan Ki Tirtayuda
kang tengga Sumareja
lan kang abaris Marebung
Sedhangsiring papatutan.

45. Nulya Pangeran Dipati
uniangkat sawadya bala
angaler ngetan lampahe
rereb an eng dhusun Putat
sadalu enjing budhal
anulya rereb ing dhusun
Majenang aran Pelasa.

46. Anulya enjing lumaris
rereb Careme kang desa
Kanjeng Pangran Dipatine
putusan mring Garobogan
animbali ingkang paman
Dipati Puger ing wau
sarta amawi nuwala.

47. Arereb ing kalih latri
enjing budhal sahabala
lumebeng wana Kendhenge
arereb aneng ing rata
angreremken turongga
tengah wana Kendheng gunung
sahawadya balanira.

48. Nulya wonten surat prapti
saking Madiun negara
Pangran Mangkudipurane
dhapur ngaturi uninga
sakancanira aprang
Dipati Anem kang mungsuh
gennya aprang wonten sendhang.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

49. Menang genipun ajurit
kandheg genya bujung mengsah
Pangran Mangkudipurane
wonten ing Ngawi genira
Pangran Mangkudipura
angsal babadhangan katur
senjata lawan gandera.

50. Limalas mengsah kang mati
kacepeng gesang titiga
tiyang Bugis satunggale
kabur kupingnya sedaya
katur Pangran Dipatya
rencange Pangran Madiun
kang pejah nanging satunggal.

51. Kang tatù nanging kakalih
nulya Pangran Adipatya
budhal sawadya baiane
mangetana jujur wana
rereb tengahing wana
ing Karangasem sadalu
musakat kang wadyabala.

52. Awis ingkang manggih bukti
ardi Kendheng tengah wana
kalangkung awis tedhane
kathah kaliren kang bala
kelawan awis toya
tan ana kang manggih banyu
kasatan tan ana mangan.

53. Kang bala samya asedhih
anulya Pangran Dipatya
lajeng mangkat sabalane
rereb Garogol semana
sadalu enjing budhal
rereb aneng ngardi Santun
sadalu enjinge budhal.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

54. Rereb Parembul sawengi
anulya rereb ing Remas
sadalu enjinge bodhol
ing Logender masanggrahan
sadalu enjing budhal
rereb ing Kawu sadalu
enjing budhal lajeng ngetan.

55. Neng Galuntung kalih latri
enjingipun nulya budhal
rereb Ngawi saler Pepe
dhusun ing Ngepri wastanya
antara tigang dina
enjing budhal nulya rawuh
ing Ngawi kilen Bengawan.

56. Masanggrahan dhusun Ngawi
wadyabala samya muwah
akathah beras parine
wadyabala tuwuh nedha
eca manahing baia
riringgitan saben dalu
samya egar wadyabala.

57. Pangran ing Madiun prapti
Pangeran Mangkudipura
ngaturaken bandhangane
tambur law an songsong **jenar**
kopyah centhung gendera
asowan sakancanipun
lan tiyang Bugis satunggal.

58. Dyan Pangeran Adipati
saking Ngawi sampun budhal
mangilen sahabalane
sedya anjog Sokawatya
dening manca negara
tinilar kinen anggepuk
ingkang baris Pranaraga.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

59. Ingkang wonten Pranaragi
awasta Mertamenggala
Suradiningrat anake
kelawan pun Natabrata
ngadeg neng Pranaraga
Pangran Dipati dyan rawuh
ing Tempel amasanggrahan.

60. Sadalu enjing lumaris
rereb Gemunggung wastanya
enjing lqjeng ing lampahe
rereb wonten Ngara-ara
ing Lencong wastanira
amung arereb sadalu
enjing budhal sahabala.

61. Rereb Ngarum kalih latri
anulya budhal sabala
angidul ngilen lampahe
ing Celep amasanggrahan
sadalu enjing budhal
dhusun Pacangakan rawuh
arereb ing ka Padhangan.

62. Antarane tigang latri
nulya wonten duta prapta
saking Deller Semarange
sarta ngaturi nuwala
katur Pangran Dipatya
surat kacipta ing kalbu
nulya ingangsulan surat.

63. Dyan ponang duta lumaris
marang Ideller Semarang
ing marga tan winiraos
nulya Pangran Adipatya
ningkebi ingkang garwa
den Retnawati wasteku
neng ka Padhangan pepekan.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

64. Kalataka samya muni
sarta senjata brondongan
gamelan barung ararne
nuju ing dina Jumungah
Legi ponang pasaran
ping sedasa tanggalipun
Rabiyulakir kang wulan.

65. Nunggil Edal ponang warsi
sasampune akondangan
kasukan nayub ararne
lan sagung para niyaka
myang prajurit sedaya
ondrawina mangan nginum
sadalu anatas enjing.

66. Pini tan wengine malih
nulya Pangran Adipatya
budhal sing ka Padhangane
mangidul sawadyabala
Pangeran Adipatya
rereb Padhangan sadalu
enjinge tengara budhal.

67. Rereb Larangan salatri
pun Ranadipura prapta
atur uninga lampahe
rumiyin ingkang tinilar
wonten ing Sokawatya
kelawan sakancanipun
kinen karya pasanggrahan.

68. Sokawati Majaradin
pramila atur uninga
ngaturken tiwas yudane
tinukup marang mas Rongga
Braja musthi kanthinya
Pangran Dipati amuwus
marang mantri jro sekawan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

69. Mangkat marang Sokawati
baritoni Ranadipura
Jayawinangun wastane
kalawan Jayawidenta
kalawan Jasudira
lan malih sakancanipun
wasta Jaya alap-alap.

70. Mantri sekawan tur bekti
sami umatur sandika
umangkat saking ngarsane
ing Gusti Pangran Dipatya
bantu mring Sokawatya
lampahe datan winuwus
nepangi sami sadina.

71. Kang rayi nulya tinuding
Pangeran Mangkudiningrat
dinuta nenggih lampahe
dhingini mring Paserenan
arebata baita
kang rayi nulya wot santun
umangkat sabalanira.

72. Ing Senen Wage lumaris
nuju tanggal tigawelas
Jumadilakir sasine
apatih Kudanawarsa
tumut mring Paserenan
pra tumenggung samya tumut
kelawan Ki Jayaningrat.

73. Pringgalaya lawan malih
Menggung Suramangunjaya
kretanegara malihe
kinen sami rumiyina
marang ing Paserenan
lampahe lajeng acampuh
mengsah lawan Wiranata.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

74. Dennya prang bedhil-binedhil
acampuh elet bengawan
kasaput dalu yudane
dennya prang sapih maesa
nulya Kudanawarsa
aputusan atur weruh
ing Gusti Pangran Dipatya.

75. Wus katur Pangran Dipati
ingkang rereb masanggrahan
dhusun Nglarangan wastane
kalih dalu enjing budhal
Pangeran Adipatya
ngidul ngetan lampahipun
agenti ingkang winarna.

76. Susunan ingkang winarni
masanggrahan Sida karsa
lawan sawadya baiane
Sunan wus miyarsa warta
yen linanggara ing yuda
wus bolos sawadyanipun
mangaler agurawalan.

77. Baiane kang angantuni
ran Tumenggung Ngalap-alap
ing Lemahireng enggone
bans wonten ngara-ara
sareng amirsa warta
yen Pangran Dipati rawuh
prapta kidul Waladana.

78. Pangran Dipati lumaris
kalawan sabalanira
kang baris Lemahirenge
Ki Tumenggung Ngalap-alap
lumajeng asasaran
ingkang samya abubujung
tinatrap Sri Natanira.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

(SINOM)

Pangeran Mangkudiningrat
ingkang bubujung ngajurit
lan patih Kudanawarsa
sawarnane mantri jawi
ingkang samya nututi
pun Ala-alap lumayu
kacandhak tinututan
ing Kalepu gennya jurit
tan adangu Ki Alap-alap lumajar.

Mangilen palajengira
lajeng den bujung den nungsir
mring Pangran Mangkudiningrat
Kudanawarsa tan kari
sarta kang mantri jawi
datan kandheg dennya bujung
mapan angsal bandhangan
sakawan ingkang turanggi
kang kekalih katur Pangran Adipatya.

Dening Pangran Adipatya
arereb ing ngardi Wijil
mangkat wanci bedhug tiga
enjinge nulya kapanggih
kalawan kiya patih
Kudanawarsa cumundhuk
sarta atur uninga
yen mengsah taksih ngantuni
Wiranata ingkang taksih wonten wuntat.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. Kiya patih Danawarsa
katuduh kinen mangsuli
marang mengsah Wiranata
dening Pangran Aäipati
lajeng ngilen lumaris
kelawan sabalanipun
anulya ingkang paman
Pangran Purbaya apamit
pan anglalar kang garwa marang Tembayat.

5. Wau Pangran Adipatya
kandheg sakilening margi
rereb dhusun ing Pangkalan
antarane kalih latri
enjing ngaler lumaris
prapta pasanggrahan dhusun
ing Lungge wastanira
nulya kang rayi tinudhing
Pangran Mangkudiningrat lan Pringgalaya.

6. Narubwa sakeh Nvong desa
sarta Pangran Adipati
aputusan sarta surat
marang pangageng Kumpeni
kang baris ngardi Gamping
kapitan keber ranipun
wondening kang dinuta
mantri lebet kang satunggil
bekta surat wasta pun Jayakintaka.

7. Sarta wonten duta prapta
pan sarwi ambekta tulis
saking Pangeran Bintara
wus katur Pangran Dipati
sasniitane kang tulis
yen ing mangke karsanipun
nenggih Pangran Bintara
akarsa tunggala kapti
anelangsa mring Pangeran Adipatya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. Jeng Pangran ngangsuli serat
punang duta wus lumaris
marang Pangeran Bintara
semana sarta narengi
. wonten kang surat prapti
saking Ideler antar rawuh
katur Pangran dipatya
atur senjata satunggil
Pangran Adipati angangsuli surat.

9. Mring Deller Harting semana
Deller undur sampun mari
Deller Harting kang gumantya
Tirtayuda kang tinuding
Kanjeng Pangran Dipati
wonten Nglungge mung nem dalu
injing tengara budhal
sarta putusan malih
marang Sala sarta amawi nuwala.

10. Semana ingkang dinuta
mantri ran Jayakintaki
dening ta ingkang tinilar
wonten sakilening margi
anenggih ingkang rayi
kelawan sabalanipun
Pangran Mangkudiningrat
Pangran Dipati lumaris
rereb dhusun Pakauman sahabala.

11. Masanggrahan kalih dina
Känjeng Pangeran Adipati
anulya malih utusan
marang ing Sala Kumpeni
sarta amawi tulis
mantri jaba sampun kumpul
apatih Pranawarsa
pra Tumenggung samya prapti
sowan andher ing ngarsa Pangran Dipatya.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

12. Ki Tumenggung Kartadirja
pinutus mangetan malih
nunggala Ranadipura
kang ngabans Sokawati
Kertadirja Wotsan
umangkat sabalanipun
dyan Pangeran Dipatya
budnal mangidul lumaris
nulya prapta ngardi Wijil masanggrahan.

13. Samya rakit pamondhokan
tâta wadyabala rakit
pangajeng Kartanegara
antarane kawan latn
anulya Kiya Patih
Kudanawarsa pinutus
marang nagn Kaduwang
anglanggara ing ajurit ;
Kartadirja pisah kang ngadeg Kaduwang.

14. Kakangane Sutawirya
ing Kaduwang iku dhingin
Kudanawarsa umangkat
nuju dina Kemis Manis
tanggal pisan kang sasi
ing Rejeb Edal kang taun
mangkat marang Kaduwang
sarta Jeng Pangran Dipati
animbali kang putra lawan kang Eyang.

15. Kang putra lawan kang Eyang
ing ngardi Wijil wus prapti
Pangeran Mangkudiningrat
utusan atur udani
menang genipun jurit
ing Jatinom gennya campuh
mengsah lan Alap-alap
angsal pepejah kekalih
sampun katur nulya wonten duta prapta.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

16. Awasta pun Tirtayuda
ingkang saking ing Semawis
sarta bekta nuwala
saking Deller ing Semawis
kelawan surat malih
saking Sakeber wus katur
ing Pangran Adipatya
lan Jayengrana winarni
ingkang mantu kang rama Sri Naranata.

17. Kang narub akena minggah
ardi Kidul kang rumiyin
kan tun taksih neng Ngaldaka
kabunyang lampahnya kari
binujuk mring wong wukir
kacepeng wonten ing dhusun
lepen Turi wastana
kang nganyepeng mantri ardi
Singayuda ing Melambang wisma nira.

18. Nenggih raden Jayengrana
kabekta mring ardi Wijil
wus katur Pangran Dipatya
pepek sineba kang mantri
Jayengrana tinari
Pangran Dipati amuwus
sira Ki Jayengrana
ing mengko sira sun tari
angur endi ing pati kalawan gesang.

19. Lah mara sira piliha
iku ta salali sawiji
umatur pun Jayengrana
andheku tutur anangis
ven kensinga ta ugi
apunten dalcm kasuwun
kawula nuwun gesang
saestu kawula alit
nedha sckul amung sckul sakeletan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Tutur duka ing wardaya
Kanjeng Pangeran Dipati
tan pedah rama Susunan
sira katrimanan putti
Wong cilik rabi putrì
bobote padha lan ingsun
sira amilih gesang
pan ala-alaning jalmi
amimirang Jayengrana kaya sira.

21. Mimirang neng ngalam donya
sayekti sira ngemasi
Pangran Dipati anulya
ngandika mring mantri miji
Jagalatan tinuding
wis sira gawaa metu
sigra binekta medal
pedhang dalem sampul mijil
Jayengrana lajeng tinuwek ing pedhang.

22. Kang nelasi Jayengrana
mantri miji kang kakalih
pun Jayajaga ulatan
kala dinten Rebo Pahing
ing wolulas kang sasi
nenggih Rejeb sasinipun
sirahe Jayengrana
wus tinigas lawan malih
atinipun den untai Jagaulatan.

23. Mila nguntal atinira
Jagaulatan punagi
sok kacekela ing rana
Jayengrana dina iki
ingsun untai kang ati
dumeh boyong rabinipun
kang kari aneng desa
Jayengrana kang ngambili
mila panas atine Jagaulatan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Pan bedhel raraga nira
saking pedhangipun mandi
nulya Pangran Adipatya
utusan marang Semawis
sarta amawi tulis
marang Sakeber tan kantun
sirahe Jayengrana
pinaringaken Welandi
kang kautus gandhek pipitu lumampah.

25. Dening ta Ki Singayuda
ingkang tuduh antuk kardi
kang nyepeng pun Jayengrana
kaganjar pan dados mantri
anulya wonten prapti
Welandi ingkang acundhuk
mung Wlandi satunggal
saking kang rama Nrepati
Jeng Pangeran kalangkung ngandon asmara.

26. Anenggih ingkang dinuta
marang Sakeber wus prapti
sarta angaturi surat
lawan turanggi satunggal
kalangkung dening prayogi
turongga pan sampun katur
dhateng Pangran Dipatya
lami aneng ardi wijil
nulya wonten ingkang ponang duta prapta.

27. Saking Rekyana Hapatya
Kudanawarsa tur uning
yen menang genipun yuda
Kaduwang wus den anciki
dening genipun jurit
ing Jumuwah ping sanga
maksih Rejeb tunggil sasi
tahun Edal bedhahe kutha Kaduwang.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. Sarta ngaturaken sirah
kakalih sirahing mantri
lawan bandhangan senjata
turongga songsong lari keris
katur Pangran Dipati
ing sapolah tingkahipun
nulya Pangran Dipatya
putusan marang Kumpeni
mring Sakeber ing ngardi Gamping Metaram.

29. Marcayakaken kang sirah
songsong dhuwung lan turanggi
mring Sakeber sarta serat
kang kautus mantri akalih
Kudanawarsa mahh
ngaturken boyonganipun
pawestri kawanwelas
lajeng kasusulan malih
kang kautus mantri pun Jayawikrama.

30. Mring Sakeber sarta serat
nulya wanten duta prapti
saking Uprup nagri Sala
sarta serat suka uning
wus katampan kang tuhs
anenggih sasmitanipun
yen mangke Wiranata
kang tumut Sunan rumiyin
Wiranata mangke teluk marang Sala.

31. Singra Pangran Adipatya
pan sampun ngangsuli tulis
mring Uprup nagri ing Sala
nulya Pangran Adipati
ngadegken Sarageni
kawandasa kathahipun
winastan Tanuastra
nenggih wonten ngardi Wijil
malih prapta putusane Danawarsa.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

32. Ngaturken malih boyongan
punang waos law an keris
dhuwungipun Kartawirya
Kartawirya wus ngemasi
sarta atur turanggi
gangsal welas kathahipun
anulya gandhek prapta
ingkang saking ing Semawis
bekta surat saking Ideller Semarang.

33. Ngaturken badhe rasukan
baludru wungu lan mori
kalawan toya her mawar
katur ing Pangran Dipati
anulya kiya patih
Kudanawarsa kang rawuh
saking kutha Kaduwang
ngaturken boyongan malih
ing Kaduwang semana pan sampun ladhang.

34. Narengi Ki Cakrajaya
Kertadiija sareng prapti
ingkang saking Sokawatya
munggeng ngajengan wotsari
lampah kawula gusti
angradin mengsah pan sampun
Gusti ing Sokawatya
ing mangke pan sampun radin
sampun ladhang kang mengsah pan sampun sirna.

35. Sarta ngaturaken tiyang
sakawan kang cundhuk mantri
wasta pun Surajenaka
saking rama panduka Ji
ing mangke rama Haji
ing Semawe enggenipun
tumut bumi Ganggatan
pan asring akintun tulis
Jeng Susunan mring Deller nagri Semarang.

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

36. Kang kantun bala Sang Nata
tigangatus winetawis
jaler estri kantun ira
Sunan gerahe panas tis
Pangeran Adipati
asring kasukan anayub
sarta malih putusan
marang Ideller Semawis
kang pinutus kakalih pan mantri jajar.

37. Wasta demang Karanganyar
lan M alang sumirang mantri
bekta surat lan kintunan
lembu kalawan turanggi
narengi duta prapti
ingkang saking Sang Aprabu
sarta atur nuwala
wus kecipta punang tulis
nedha lilah arsa ngangkat Surapringga.

38. Kanjeng Pangran Adipatya
nglilani ngangsuli tulis
marang Pangran Prabu Jaka
ingkang wonten ing Kadhiri
nulya Pangran Dipati
krama angsal lan nakipun
Tumenggung Pringgalaya
kala dinten Akad uni
tanggal ping pat sasi Arwah tahun Edal.

39. Sinengkalan ponang warsa
Trus Pandhita Bahing Bumi
wonten malih ingkang garwa
Kanjeng Pangran Dipati
ran Raden Retnawati
babar estri putxanipun
Setu Epon semana
tanggal ping sanga kang sasi
tunggil Arwah maksih Edal ingkang warsa.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

40. Nulya patih Danawarsa
ngaturken sirahing mantri
Kertawirya ing Kaduwang
kang madeg bans rumiyin
mangke sampun ngemasi
kacepeng ing yudanipun
tumenggung Mangundirja
ka Magetan kang darbeni
sarta ngaturaken ingkang beboyongan.

41. Pitulikur kathahira
lati ngaturaken turanggi
waos dhuwung lan senjata
katur ing Pangran Dipati
bupati Pranaragi
Tepasana wastanipun
ngaturken turongga
ules dhawuk kekalih
lawan arta katur Pangran Adipatya.

42. Nulya Pangran Adipatya
manggihken kang putra estri
den ajeng Sobro kang nama
antuk den Somanegari
atmajaning bupati
Metaram Janingrat wau
sampun pakawinira
neng Sumareja rumiyin
ngardi Wijil kapanggihaken semana.

43. Kantuk bawahan semana
sasi Arwah tunggil warsi
Rebo Kaliwon dintennya
gegaman sedaya rakit,
pepekan pra dipati
jawi lebet estri jalu
lan tengara senjata
brondongan senjata muni
pamanggihe sedaya datan winarna.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. Nulya demang Karanganyar
lan Malangsumirang prapti
kang saking nagri Semarang
sarta kabektanan tulis
saking Deller Semawis
lan kikintunira katur
Deller akintun renda
sangkelat biru lan abrit
nulya Kanjeng Pangran Dipati kasukan.

45. Lan ingkang abdi sedaya
tumenggung mantri prajurit
bebedhayan taledhekan
adhahar anginum mawis
dina Selasa wengi
sangalas ing Ruwahipun
sadalu andrawina
nutug kasukan sawengi
sareng Pangran Purbaya angalih nama.

46. Angalih nulya anama
Pangeran Cakranegari
sareng kasukan semana
den ira ngalihken kasih
aneng ing ardi Wijil
nulya Siam megengipuh
kang baia samya salat
tanapi Pangran Dipati
datan nyuthak salate sesasi Siam.

47. Kang baia samya maleman
barisan kadya segari
sabakdane wulan Siam
Garebeg pepeg tinangkil
punggawa myang prajurit
samya adhahar anginum
nulya kang para putra
rurubet kang bara rabi
lan kang Eyang mring Kedungwringin kang kiwa.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

48. Kang garwa maksih akathah
kang rikat-rikat kinanthi
Pangeran Mangkudiningrat
kinen ngluruga tumuli
marang kilening margi
umangkat sabalanipun
Pangeran Adipatya
maksih wonten ardi Wijil
nora pegat kasukan angunggar baia.

49. Nulya wonten tiyang prapta
saking kang rama Nerpati
kathahipun kawandasa
cundhuk Pangran Adipati
anulya wonten malih
saking Manoreh ing Kedu
ingkang putra Pangeran
Adiwijaya rumiyin
ingkang sampun aseda wonten ing Ngrana.

50. Rahaden Adikusuma
sowan ing Pangran Dipati
nulya kinula wisuda
ing Kanjeng Pangran Dipati
anulya wonten malih
dutane kang rayi rawuh
Pangran Mangkudiningrat
tur uninga atur tulis
mring kang raka Kanjeng Pangeran Dipatya.

51. Yen Kawon genipun yuda
amengsah lawan Welandi
Kumpeni mung kalihdasa
ingkang saking Boyolali
seket wong Bugis-Bali
perang wonten Jurang Kadut
baiane ingkang pejah
sawelas lurah satunggil
nulak wangsul Kumpeni sabalanira.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

52. Nulya Pangeran Dipatya
ababantu ing ngajurit
menggung Suramangunjaya
akathah ingkang akanthi
wong Tanuwastra pan tum ut
lan raden Suralaya
ing Barebes kang negali
Jagalatan ingkang dadya matapita.

53. Sampun arakit sadaya
umangkat sing ngardi Wijil
nuju ing dina Selasa
Kemise Wage anuli
Janingrat ing Metawis
lan Pringgalaya tinuduh
umangkata ngayuda
mangkata sing ngardi Wijil
angrebuta negarane ing Metaram.

* * * * * * * *

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

